MASIMBA

Nyaya pfupi dzakanyorwa

nemadzimai eZimbabwe Women Writers

dzakapepetwa naChiedza Musengezi



1156 888

Masimba

Masimba

Nyaya pfupi dzakanyorwa nemadzimai eZimbabwe Women Writers

Dzakapepetwa
naChiedza Musengezi

WEAVER
PRESS

Published by Weaver Press, Box A1922, Avondale, Harare. 2004

First published by Zimbabwe Women Writers 1996.
This new revised edition © Zimbabwe Women Writers.

Typeset by Fontline Electronic Publishing (Pvt) Ltd., Harare.
Cover Design: Danes Design, Harare.
Printed by: Bardwell Printers, Harare.

The editor and the publishers would like to express their thanks to HIVOS for their generous support of this publication.

All rights reserved. No part of the publication may be reproduced, stored in a retrieval system or transmitted in any form by any means – electronic, mechanical, photocopying, recording, or otherwise – without the express written permission of the publisher.

ISBN: 1 77922 024 3

PL
8681.76
.M37
2004

Contents

Rutendo vii

Nhanganyaya ix

Mavambo namagumo 1
Keresia Chateuka

Kunyengedzwa hakuna akura 7
Virginia Mupondi

Chipoko munhu 13
Colette Mutangadura

Chiroja 17
Keresia Chateuka

Chenai mwoyo 21
Chakambodei Chirandu

Chekuda mbune 27
Memory Rugedhla

Chiramu 31
Keresia Chateuka

Bedzapfuma 37
Peldah Hove

Honye yomunhu 43
Barbara Makhalisa

Hundi kwandiri 55
Peldah Hove

Kufundisa mwana
Emma Chitehwe 65

Kuroorera kure
Elizabeth Jackson 69

Kugona mbavha huirongera
Winnie Zulu 73

Dai ndakaziva haitungamiri
Mapira Silitha 79

Munhu wenyama
Chakambodei Chirandu 93

Ndiniwo here?
Precity Mabuya 105

Natsa kwawabva
Musi Gloriosa Katerere 109

Shungu
Memory Rugedhla 115

Uchandoshopera
Barbara Makhalisa 119

Wadiwa sekuru
Ruth Gabi 123

Matsotsi
Ruby Magosvongwe 127

Hupenyu
Valeria Chaukura 133

Nhumbi dzomufi
Keresia Chateuka 137

Zvemumhuri
S. Makamanzi 139

Akasiyiwa asina kufungira
S. Makamanzi 143

Pepuka
Barbara Makhalisa 147

Hari dzepakati musabate
Margaret Nzuwa 155

Ndangariro
Virginia Phiri 157

Rutendo kuvabatsiri

ZIMBABWE Women Writers inopa rutendo rukuru kuvanhu vanotevera vakabatsira pakugadzurudzwa kwebhuku iri rwechipiri vanoti: Mai Ruby Magosvongwe, VaEmmanuel Makhado, VaJacob Mapara, naVaMemory Chirere vakaverenga bhuku vakapa mazano ekuti bhuku iri ringagadziriswe sei. Rutendo rukuru tinorupazve kuna Keresia Chateuka akataipa bhuku iri.

Zimbabwe Women Writers inoda kukumbira ruregerero pakusapa nhoroondo dzevanyori venyaya vari mubhuku iri. Kana dai taive nenhoroondo dzevashoma, hatina kukwanisa kuwana vose. Kana paine anenge averenga bhuku iri achikwanisa kutizivisa kwatingawane vamwe vanyori ava tinokumbira kuti mutizivise tigozonyora nhoroondo dzavo kana totsikisa bhuku iri rwetatu.

Nhanganyaya

ZVINOFADZA sei kuti madzimai, akambosiya ndima, kutsveta mitsvairo pasi kana ripi zvaro basa, kutora penzura nebepa. Haisi nyore kuwana nguva nechivindi chokuzviita.

MASIMBA chapupu chezadzikiso yechinangwa chesangano reZimbabwe Women Writers (ZWW) chokukurudzira vanhukadzi kunyora nokuverenga. Zvinyorwa zviri mubhuku zvakamirira manzwi amadzimai. Manzwi aya matsva. Manzwizve akasimba achanzwika nenyika yose. Vanyori vachazivana, vaverengiwo vachaziva vanyori kuti ukama kana usahwira hugovepo. Kutsikwa kwebhuku rino ikurudziro huru kuvanhukadzi vose vanofarira kunyora. Ndine chivimbo chokuti bhuku iri richamutsa chidakadaka chokuverenga muvanhukadzi nokuti zvirimo zvakadondana noupenyu hwavo. Kutambura nepokugara mudhorobha, kunetsa kwemichato, kurasa tsika kwavana, urwere mumhuri, kodzero itsva dzamadzimai nezvimwe zvakavhenekwa zvose. Zvimwe zvezvinyorwa zvinodzidzisa, zvimwe zvichisekesa, zvimwewo zvinochemedza, zvimwe zvichisimbaradza.

Zvinyorwa zviri mubhuku rino umboo hunotaridza kuti madzimai pachawo haachazvisvori. Haachatyi kusekwa. Haachanyari kubuda pachena kuti izvi ndizvo zvatiri kana ndizvo zvatinoitwa, uye zvatinoita muupenyu. Vave nechivimbo chokuti zvavanoita, uye zvavanofunga zvinokodzera kuverengwa noruzhinji rweZimbabwe.

Kuunganidza nokupepeta zvinyorwa izvi ibasa randakaita nomufaro namanyawi. Ndinotenda ZWW iyo yakandipa mukana wokuti ndiongorore zvinyorwa. Ndinotendawo hama neshamwari uye nhengo dzesangano idzo dzaindikurudzira kuti ndiite basa nesimba uye nokukurumidza. Kune avo vaindibatsira kuturikira zvimwe zvezvinyorwa kubva muChirungu neChiNdebele ndinoti kutenda kwamuri. Izvi zvakaita kuti zvinyorwa zvamadzimai anonyora mune dzimwe ndimi zvipindewo mubhuku iri zvichitaridza kubatana nokudyidzana.

Pasina tsigiro yemari sangano haraisimba, uye zvinyorwa zvaizongopfimbikwa zvisina kutsikiswa. Saka rutendo rukurusa ndinorupa kusangano reHIVOS (Humanist Institute for Co-operation with Developing Countries).

Chiedza Musengezi
Zimbabwe Women Writers
2004

1

Mavambo namagumo

Keresia Chateuka

KO, runhare zvarwakarira ndakagoziva kuti zvakanga zvatotanga? Ndaitoti zvangu mwedzi zvawapera kudai idzo foni idzi ini handidzifariri kunge ndaifembera. Amainini amai Robert vakanzwika kutaura vari kure. "Amaiguru baba vaRobert varwara chaizvo, saka tichasvikako mangwana. Foni ndakumbira saka toonana." Ndakatanga kufunganya ndega musoro kunge uchaputika.

Ndinoroja dzimba mbiri. Mudzimba umu unongowana pokuisa tsoka zvokuti munogara makarovanisa mabvi. Ndinovaisa pai? Zvirwere mazuvano zvawandisa. Ko, kana chirwere ichi chichitapukira? Vana vanguke?

Ndakambosvika pakudemba, munongozivawo munhu wenyama. Dai ndisina kuroorwa here? Dai umhandara hwaidzokerwa ndaizotanga ndabvunza kuti uri wechingani pakuberekwa. Nhamo dzese dzinonangana nedangwe. Ko, zvino zvichagonzii? Mazano anotsvakwa kubva kune mamwe madzimai. Vamwe vakati vadzinge. Vamwewo vachiti unongofinyama-finyama, asi, ndakasvika pakufunga kuti, ko, kuda kwemunhu here.

Ndakasvika kumba ndokugara pasi nababa ndovataurira. Zvevarume munozviziva, vanotanga vachida kukunzwa. "Simon chaiye anodei? Akambonditsvinyira gore riya zvino nhasi anotsvakei pano?"

Ndakaziva zvangu kuti kwaiva kuda kunditapa, ndokunyeperawo kunyengetedza. "Aiwa nhai Zhou, ko, handiti ndimi mukuru here? Ndimika baba. Mungagodaro vana here? Ko, ivo vadiiko kuenda kwaSinyoro? Handiti kuziva kuti takaberekwa kupi? Ihwo hwakazombogezwa nesipo here?" Ndakaona gosha yasunungura uso.

Chinguva, vaenzi vedu vakabva vasvika. Murwere airwara pachokwadi. Vakanditaurira vachiti, "Amaiguru ndikapona apa handichafi zvekare." Ndakaedza kuvashingisa ndichitiwo, "Aa, babamudiki, munotofamba zvikashamisa." Babamudiki Simon, baba vaRobert, vakanga vakazvimba makumbo, dumbu uye chiso. Waisatarisa kaviri.

Takabika ndokudya. Ndakaedza kunyengetedza murwere kuti amanikidzire kudya. Takazorara asi apa ndipo pakazomboita basa rokuti tikwane kurara. Ini, baba, murwere naamainini takarara muimba yangu yokurara. Ivo pasi, isu pamubhedha, asi zvaingove zvekumanikidzira. Ndakanzwa bundu kuti dzii pachidakwadakwa. Ndakazozvidzora semunhu mukuru. Takaita mazuva matatu tichirara saizvozvo asi rechina babamudiki vakati vakanga vasisakwanisi kurara nenhivi saka vaida zvavo kurara vagere pasofa. Ini ndakanyebera kumbovanyengetedza kurara pamubhedha asi vakaramba ini ndikati zvakanaka.

Babamudiki vaiti kana vakakosora waiti vachaburitsa chinhu chinofamba nemakumbo mana. Ndakazombopedzisira ndachema pakati pousiku ndafungisisa. Kwakaedza ndokuchizoronga zvokuendesa murwere kuchipatara. Takafungazve kuti seurwere hwakanga hwakakomba, paitodiwa amai vomurwere vanova vamwene vangu. Takatuma shoko vakavirirwa vatosvika musi wakare. Uku kuwanda kwaiita mhuri yedu, asi pokugara hapana kuwedzera. Ndakazomboseka nhamo sorugare apo ndakaona vamwe babamudiki vachisvikawo nemhandara yakange yavatizira. Saka ndevamwe vavirika ava? Ndakaverenga vanhu vaive mumba umu ndikawana tiri gumi nevatatu. Zvaityisa!

Ndinorangarira kuti mumwe musi ndakabika sadza nepoto yangu yandinoti huru yacho, asi rakaramba kukwana. Zvevarume zvandange ndichimbotaura, baba vakatotanga kupenga vachiti muri kubika sadza shoma nokusada hama dzangu, zvino pano hapanzarwo. Mashoko

akaita gumi nefararira. Ndakarwadziwa asi hapana zvandaikwanisa kuita. Vakuru vanoti pamba pane urwere hapadi makakatanwa, nokuti munozodana shura neparisiri. Kubva zuva iri ndakatanga kubika kaviri kaviri kusvikira hupfu hwapera. Ndakazotaurira baba kuti hamusisina hupfu, asi vakandipindura vachiti, "Saka munoda kuti ndiite seiwo?" Nechemumwoyo ndikati zvino ndezvipi? Tange tichirasa sadza, nhasi hupfu hwapera hamuchaziva zvokuita. Zvisinei, ndakazogadzirisa saamai vemba. Munhu wese akanga akatarisa pandiri.

Upenyu hwakaoma vanhuwe-e, uye kana munhu akasikwa nemoyo wakaoma haausiyi pose paanofamba. Babamudiki vandiri kutaura nezvavo ava vainge vachidzidzisa. Vadzidzisi vakatambira, asi chakandishamisa ndechokuti amainini, mudzimai wavo, vakatanga kuchema-chema vachiti ivo vakanga vasingakwanisi kunotora mari kubhangi iwo ari manyepo. Asi zvisineyi, semunhu watakanga tichiziva maitiro ake, hazvina kunyanya kutitemesa musoro. Takangoti iyi ishiri ine murirriro wayo.

Muramu wangu uyu semunhu wandakarera kubva achaenda kuchikoro, nokuziva hunhu hwake, urwere hwake hwakandirwadza kunge ndairwarirwa nemwana weura hwangu. Ndaiti kana ndobva kubasa ndotenga tumabhanzi netumaranjisi zvaaifarira. Zvimwe ndezvimwe, ndaiedza nepandaikwanisa kuita kuti agare akasununguka, kunyange zvinhu zvakanga zvakaoma.

Mazuva akapindana achirapwa T.B. asi haana kuita zvakanaka. Nedzimwe nguva vaitenge vave kunyanyisa. Gwenzi ripi raasina kumedza? Muporofita akadini watisina kudaidza? Asi zvakaenderera mberi.

Ndinorangarira rimwe zuva uri musi weMugovera. Musi uyu murwere akange arara mumba yekubikira apo akange asisakwanisi kurara nenhivi. Aitorara agere pasofa. Mangwanani aya ndakanzwa kuchema kwaamainini vari mumba mokubikira. Ini nababa takasvetuka nguva imwe chete tikatadza kuziva chokubata. Takazonzwa mwana wangu musikana oti, "Baba, zvanzi nagogo huyai, kurumidzai."

Ini ndakazotevera ndikawana riri basa chairo. Muupenyu hwangu handingade kuona zvandakaona musi uyu zvekare. Babamudiki

vakange vakazvambarara pamachira vachibidirika-bidirika. Vaibuda furo neropa mumuromo. Vakanga vasisataure. Vaiedza kutaura asi vachitadza. Vanhu vakamhanya-mhanya. Ndakangokwanisa kuti kuna mainini vangu, "Amainini chimbonyararai. Imbomirai kuchema tione chinotora nzvimbo." Amainini vakatanga kuchemera pasi pasi. Vamwene vangu vakatanga kudemba-demba vagere kumakumbo omurwere.

Pfungwa dzangu dzakatenderera apo ndakanga ndatosvika panguva yokuti zvino pazoita mariro. Ndakanamata kamunamato kadikidiki ndichikumbira kuna Mwari kuti dai zvarega kuitikira pamba pangu. Ndakazonyevenuka pandakanzwa amai voti, "Nhasi chaiye ndinoda kunorara ndava kumusha nemwana wangu. Handinazve chimwe chandichataura. Ndapedza."

Zvandiri kutaura izvi murwere akanga ave nemwedzi miviri tigere naye. Semazuva ose, hama neshamwari dzakatanga kuuya sezvo kwaiva kupera kwesvondo vanhu vasingaende kumabasa. Musi uyu ndakazombowana mukana wokuverenga vanhu apo muporofita akanga adaidzwa. Takaramba kukwana zvokuti vazhinji takapedzisira taita zvokumira kuti pamwe zvingaite nani. Ndakawona kuti takanga tiri makumi maviri nevaviri mukamba aka. Zvisinei, musi uyu munguva yemangwanani hatina kukwanisa kana kubika sezvo munhu wose akanga akasuruvara. Takazotanga kubika masikati, vamwe vanhu vaparara.

Muporofita akaita basa rake. Munongozivawoka mazuva ano kuti yangove nyaya yezvikwambo. Pazvinenge zvataurwa vanhu hamuzoshaya wamunonanga kuti ndiye abatwa. Nguva zhinji vanhu vanofunga nezvomunhu anenge achiita zvinhu zvine budiriro. Saka apa hazvina kutinetsa kuwana wataifungira.

Hama dzakazoronga kuti babamudiki vachitakurwa kuenda kumusha. Pakamboita kakukakavadzana, asi vanhu ndokuzowirirana. Munhu akange asingade kuenda kumusha ndimainini. Zvisinei, vakanzi vasarudze zvavaida, kuenda kana kusara. Ndakaramba ndichikwenya mhuno nakasiyanwa.

Zvamunoona vanhuwe-e, munyika mune zvishamiso. Murwere akatakurwa kubuda mumba asi chakashamisa vanhu ndechokuti ava panze akaita sokupepuka. Ndakafunga kuti vanhu vanongoti pamwe

mumba umu mune zvirimo. Akatarisa ndokuona vanhu vakanga vakaungana iye ndokutanga kunyemwerera. Akafamba achikwazisa vanhu ndokuzopinda mumotokari ogara achingonyemwerera. Vakaenda kumusha naye, vanoti akazokumbira chokudya ndokupiwa. Akatanga kudya ndokutanga kutaura zvakare. Izvi nanhasi zvinoshamisa. Ndakazofunga zvakanga zvataurwa nemuporofita kuti aifanira kuti aende kumusha kuti zvinhu zvifambe zvakanaka.

Kumusha havana kusvikogara. Vakamboedzazve kufamba mudzin'anga kusvika pavakaona kuti murwere akanga okwanisa kufamba-famba kwenguva yakareba oga, uye akanga asisina kunyanya kugomberwa.

2

Kunyengedzwa hakuna akura

Virginia Mupondi

WAINGE uri mwedzi waNdira apo Chenai ainge ari kuchikoro. Mukomana wake, Stanley, ainge apedza kosi yake youmakanika zvokuti ainge ave kusevenza.

Stanley akaenda kumusha kuzororo sezvo ainge achisevenzera muguta reHarare. Ave kumusha akaenda kune katawundishipi kaive pedyo nekumusha kwavo. Akatenga zvekunwira-nwira zvaitonhorera ndokuzotenga zvaainge atumwa naamai vake. Mwana uyu ainge akaumbwa pachokwadi. Aiita vasikana vekusarudza. Mwanakomana waVaMpofu ainge ari mushishi nezvinwiwa nezvidyiwa zvake apo akaerekana asanganidzana maziso nevamwe vasikana vaviri, Chenai naTeresa. Mwanakomana akatanga kucherechedza waaida nekuti vese vainge vakaumbwa. Stanley akadzurwa mwoyo neainzi Chenai.

Chenai aive mushava, maziso ake achinge nyimo iri muchisikiro, kufamba kwake kwainge kukavira nzungu, mazino ake ainge akachena kunge mukaka, uye muviri wake wainge uri pakati poukobvu noutete. Stanley akavakwazisa ndokubvunza upenyu. Vanasikana vakapindura. Vakapinda muchitoro vachiseka nokuti vainge vasati vamboona Stan. Vakatenga zvavaida asi Chenai ainge achingoti dai mukomana uyu akangotaura naye, kwete naTeresa.

"Unomuziva here?" akabvunza Teresa.

"Handimuzivi ini, handisati ndambomuona," Chenai akapindura.

Stan akatevera vasikana vaya akavamisa, "Ko, vanasisi munonzi vanaani?"

"Uyu anonzi Teresa, ini ndinonzi Chenai," akapindura mwanasikana.

Stan akati, "Ndinoda kumbotaura nemika nhai vahanzvadzi Chenai."

"Unotaurei neni?" Chenai akapindura asi mwoyo waingoti dai akarega kuita chiramwa kani.

"Pane zvandinoda kubvunza," Stan akapindura.

Chenai akati, "Bvunzai zvenyu."

"Gara zviya mati munonzi Chenai ani?"

"Ndinonzi Chenai chete. Taurai zvamunoda nekuti tatononoka."

"Ndine chirwere zvaunoona Chenai, asi chirwere ichi hapana anogona kuchirapa kunze kwako iwe."

"Handisi n'anga ini, enda kuna Sidin'a ndiye n'anga inozivikanwa panyaya dzekurapa, kana kuenda kuchipatara," Chenai akataura.

"Hachina n'anga."

"Ini ndave kuenda."

"Chenai, Chenai!"

"Hwe-e kani!"

"Mirapo!" Stan akamhanya ndokutevera.

"Unoziva madiro andinokuita Chenaika, handimbogoni kurondedzera."

"Zvawati unondida, ko, iwe unogarepiko? Ini ndinogara kumusha kumapurazi."

Teresa ainge achifamba zvake zvishoma ari mberi kwavo asi zvose zvavaitaura aizvinzwa.

"Inini ndinosevenza kuHarare," mwana waVaMpofu akapindura.

"Zvino ungade munhu ari pachikoro here?"

"Hazvina mhosva."

"KuHarare unoita basa rei?"

"Ndiri makanika, ndakapedza chikoro paKwenda, ndokunoita kosi yeumakanika. Ndava negore rese ndichisevenza, rino ndiro rechipiri."

"Ndipewo kero yako, nhai Stan."

"Kero yangu ndiyo iyi mudi... House No. 2513 Glen Norah A, Harare." Stan akanyorera mudiwa wake kero yake pakapepa kaaive nako muhombodo.

"Ini ndiri paDaramombe," Chenai akadaro.

"YepaDaramombe ndinoiziva chaizvo mudiwa."

Vaviri ava vakadanana kwemakore maviri. Rudo rwavo rwaive rudo rwechokwadi runopfuta. Nekufamba kwenguva Stanley akatorana nemudiwa wake ndokuenda kunoona mukoma wake. Vakawana kumba kwemukoma wacho kusina munhu. Vaviri ava vainge vaine tarisiro yekuroorana. Vakawana pamba paine vana chete nekuti mukoma waStan, John, ainge aenda kurufu pamwe nemudzimai wake.

Vaviri ava vainge vasina zvaivanetsa nezveupenyu nekuti vainge vachiti chauya chauya tinoroorana chete. Vaviri ava vakatamba sematambiro avo mazuva ose sezvo paive nevana. Vana vaifara chaizvo nekuti vaiti tawana amainini tosvibisa mbatya madiro. Vakagadzirirwa kudya kwemanheru ndokudya zvakanaka. Vapedza kudya vakatanga kutamba marekodzi vachifara. Stanley naChenai vakapuhwa imba imwe chete yokurara nekuti vana vainge vasingazivi kuti vakaroorana here kana kuti kwete.

Chenai naStanley vakazodzokera kwavo ava mangwana mangwanani. Chenai kumba ainge abva achiti ari kuenda kumba kwasekuru vake kumusha kwamai vake. Chenai achisvika pamba pavo akamhanyirwa nemunin'ina wake pamwe chete nekahanzvadzi kake. Vakafara chaizvo vachimuona achibva kwanambuya vasingazivi kuti ainge aenda kuHarare kumukomana wake.

"Vakadiniko vanambuya, nhai sisi?" Tamari akabvunza.

"Varipo zvavo, vaitokusimbisai chaizvo."

Chenai akabvunza, "Makasara zvakanaka here nhai amai?"

"Ko, sekuru vanosigara vachidai kunetswa nemiviri, vakadini zvavo?" amai vakabvunza.

"Varipo zvavo chaizvo mazuva ano." Chenai akadaro, asi mumwoyo make ndimo maiziva zvose. Chenai aingoziva chete kuti chiri mumwoyo ndechiri muninga.

Chenai semwana aidzidza achigara pachikoro, mazuva acho ainge asundana zvekuti achidzokera. Mwanasikana waVaChikoore akagadzirirwa twose twaaida, twudovi netwunzungu twakakangwa. Akaenda kunoonekana naambuya vake nasekuru. Baba vaChenai vainge vasingasevenzi. Vaitopinza vana vavo chikoro nekurima chete nekuti vaive nyanzvi yaizivikanwa chaizvo panyaya dzemuminda.

"Sekuru ndiri kudzokera kuchikoro mangwana chaiwo anoedza," akadaro Chenai. Mbuya vake VaNdondo ndivo vakadavira vachiti, "Hezvo, atokwana mazuva acho? Inga hamugari nhai veduwe-e?"

"Tagara wani nhai ambuya?"

"Zvakanakai muzukuru, uzvibatewo semunhu anobva kune vanhu. Munodzidza makasangana here?"

"Kusangana neiko nhai ambuya kwamuri kutaura?" Chenai akapindura.

"Kusangana nevakomana muchikoro."

"Hongu," Chenai akadaro.

"A! Saka mazuva ano vana vave kukurumidza kusiya zvikoro napamuviri, nhai? Muzukuru wotoshinga kuzvibata, kwete kutamba netukomana twako uchikanganwa zvawakaendera kuchikoro. Tarisa uone kutambura kuri kuita baba vako nemari yechikoro, iwe ugoita zvekutamba uchitanda mbiri, hameno," ambuya vakadaro vachiraira muzukuru wavo.

Chenai akapindura achiratidza kuteerera zvikuru, "Zvakanakai ambuya, ndichaedza kuita zvamataura."

"Zvakanakai, chisarai sekuru."

"Zvakanaka muzukuru, zvataurwa naambuya vako wazvinzwaka?" vakadaro sekuru.

"Ndazvinzwa sekuru," akadaro achibuda.

Chenai akanorongedza zvekuchikoro. Akazoperekedzwa nemunin'ina wake kubhazi ave mangwana. Amai vake vakangomuburitsa pamba vachibva vadzokera nekuti ainge asina

zvinhu zvakawanda. Zvizhinji zvacho zvainge zviri mutirangi. Vachangosvika panomirira mabhazi, vakabva vaita mhanza kuchibva kwangouya iro bhazi rinopfuura nepachikoro chaipo. Musasiwa rakamira, Chenai ndokukwira, Tamari ari mushishi yokukwidza tirangi remukoma wake. Bhazi rakasimuka vaviri ndokusimudzirana maoko.

Pakadzoka Tamari kumba akanowana ambuya vake, amai vaamai vake, vaveko. Tamari akafara achiona ambuya vake.

"Kwakanaka here nhai ambuya? Kwaziwai ambuya," akadaro Tamari.

"Nhai mhai, makadini kundipirawo Chenai nyimo dzemutakura?" vakadaro amai vaChenai.

"Chenai wacho akauya kwedu riniko nhai mwanangu?" ambuya vakapindura.

"Akauya svondo rakapera. Akati handingaendi ndisina kukuonai akaita mazuva maviri asipo pano. Odzoka akati muripo mese mese kusanganisa nasekuru vaya vanorwara," vakapindura amai vomwana. Vose vakakatyamadzwa nazvo.

Ambuya vakati, "Amai mwana chitoonai zvekuita. Zvimwe mwana ane zvaari kuita nekuti kumba kwangu handina kumbomuona. Ndakapedzisira kumuona pazororo rakapera paroorwa mukoma wake, asi kusvikira nhasi uno handisati ndamuona."

Amai vaChenai zvakavatemesa musoro, vakapera simba. "Handichatauriri baba vacho nekuti ringavire zvava zvimwe nhasi." Amai vaChenai vakatuma vana kuti vabate huku yokuurayira muenzi wavo. Pavaidya huku yaitovavavira nokuda kwemashoko avainge vanzwa.

3

Chipoko munhu

Colette Mutangadura

"CHOKWADI kufa chinhu chatisingafarire hedu asi kuvigwa kwakaitwa amai kunotodadisa."

"Apo uri kutaura mwana waamai, pane imwe nguva yaunoti dai kuchifiwa kuchidzokwa, ndaidai ndachinjana zvangu nomufi."

"Ah, zvaamai zvinotonakidza. Iwo madzimai echita aya kunge vachabhururuka, nziyo dzichingoerera sorukova."

Ava vamvana vaMai Muchabaiwa masvondo matatu akapfuura pavakanga vauya kuzobika zvenyaradzo, madzisahwira navamwewo vechikuru vachiti tave kuita ndongamabwe yedu nokuti chivanhu chedu hachifanire kuraswa.

Mationesa, mumvana wavo mukuru ndiye akanga aitanga nyaya iyi yakadaidzanwa navanin'ina vake vanaPfumandiwe naMuchadura. Madzimai aya akanga akagara pawo oga mushure mokunge apedza bandiko ravo rebasa.

"Imi vana vaMai Muchabaiwa, chokwadi vanhu vanongoti tiri vanamati vachitinyepera. Ko amai venyu zvavave kumuka chipoko vachiri vanyoro, chii chamakavatadzira? Nhai veduwe-e, munhu aingove sekerere, iko kupa uku ari siyawamwaya. Vaikuchachurira nezviri pamoto zvose. Asi kutoti zvimwe vaibuda usiku zvatisingazive kuti munhu anenge achiita sei? Kana iko kuroya vanhu ndokusaziva

kuti munhu uyu anobuda?" Uyu ndisahwira wavo, Amai Chishanu vakangomwandauka.

Nyaya yokuti Mai Muchabaiwa vakanga vomuka chipoko iyi yakanga yangove zeve zeve mumusha maVaMuzanenhamo. Kunyangwe zvazvo pakanga paita ndufu dzakati kuti dzakatevedzana nerufu rwaAmai Muchabaiwa, moto waibva kumakuva uyu waizonzi waionekwa kuhozi kwaMai Muchabaiwa. Ko, zvino mumwe aigodaro aigova ani?

Baba Muchabaiwa vakati vanzwawo runyerekupe urwu nasahwira wavo Vambe, vakabva vambondozvitsvaga. Vakati, ko, chiKristu chacho ndechipi kana munamati ave kuvheneka vanhu? N'anga yakasvikodzomotokawo ichishaya chokunyatsotaura. Yakamboti, "Makanga muchiri mose here parukukwe?"

VaMuchabaiwa vakati, "Kutoparadzaniswa norufu."

N'anga yakatizve, "Mombe dzavo dziri kutungwa mudanga renyu."

VaMuchabaiwa vakaseka vakati, "Pavakangopihwa mombe dzavo nhatu dzoumai ndakabva ndavavakira ravo danga voga."

N'anga yakazodoti pano napano, VaMuchabaiwa vakamboda kutora mari yavo yebadza ndokuzozvibata somunhu mukuru.

Mushure mendongamabwe iyi, vana vavo vasikana vakakumbira baba vavo kuti vambononzwa kumuporofita aiva mhiri kwaNyamhemba.

Munhu waMwari uyu akazunza musoro zvino abatwa nemweya asi akazongoti, "A, baba, ndiri kuona amai vakafa zvavo kuvachakabvu. Asi hanzi pindukai munamate kuchechi ine mweya."

VaMuchabaiwa havanazve kuzviwanira pazvo vakati kuvana vavo, "Ini chandakatadzira amai venyu handichizive. Zvino hapana kana chiri kumbondirovesa hana. Kana paine ari kumutsa mukadzi wangu namakona ake, iye ndiye achazviona. Naamai vangu VaMuchadura."

Mazuva akapindana zvichiti pamwe moto womboonekwa uri mutsvuku, pamwe muchena. Mumwe musi vanhu vachangoti mbwa kurara, moto muchena wakaonekwa. VaMuchabaiwa vakaenda kumwana wavo, Muchaona, kuti vanomuti auye azvionerewo pamhuno sefodya.

Vakagogodza pamusuwo, vachidaidza. Mudzimai akadaira.

"Ndiani?"

"Ndibaba."

"Ah, havamo. Ndinofunga kuti zvimwe vari kwaDhinguramoyo.

VaMuchabaiwa vakambofunga kuti vatiwo kumuroora wavo, "Mukawo uone manana."

Moto womusi uyu waiva muchena. Vakaramba vamire, ndokuona hoyo svikei pahozi ndiye nho. Hana yavo yakatanga kurova ndokumhanya vopinda mumba yavo yekurara.

Mangwana acho vakaenda kumwanakomana wavo ndokumuudza zvavakanga vaona.

Muchaona akapa baba vake zano rokuti vambodaidza vokumusha kwaamai vake kuti vambonzwawo zvavangataure. Iye akabva arerutsira baba vake nokuvataurira kuti iye aizoenda kunodaidza amainini vake vakanga vakaroorwa kuHwedza. Amai vaToko vakambotsika-tsika vachiti nyaya iyi yaitoda vanhurume, asi Muchaona akavarukira zano raakanga auya naro.

Amainini amai vaToko vakamboti mwii, asi pavakazonzwa kuti vaizopihwawo chiya chizere nemidziyo yemagirazi neyevhu, vakabva vangoti kwanyanu vogadzirira rwendo. Kuna baba vaToko vakazongoti, "Kuedza kunopopota-popota kuti vana vagare zvakanaka."

VaMuchabaiwa vakaenda kuna sahwira wavo ndokumuudza maonero avakange vaita moto womusi wavaida kunomutsa muroora wavo. Zvoutete akati, "Zvino ndiani akamboona moto muchena wechipoko sahwira? Asi kutoti mukadzi wako zvaaiva muKristu."

VaZvoutete vakati vahunanzva hwemapfunde echibuku ndiye parutivi penzira pu-u mugwenzi. Vakazomutswa nakamoto kaiti kakavheneka pasi, kovheneka mudenga, kari munzira mavakanga vakaisa makumbo avo. Hana yavo yakarova, moyo wavo ukamboti tivu.

Pava paya vakazoti bhebhenu, vakaona ah, hoyo moto uye asi huchipoko hwacho hwanoti siyanei, pave nemumvuri womutumbi. Simba ravo rakabva rauya ndiye nakamwe kanzira tande vakananga kumba.

Muchaona naamainini amai vaToko vakazotaura nyaya yavo naVaMuchabaiwa.

Muchaona akati aturire baba vake zvakambenge zvataurwa nemuchakabvu, "Ini baba amai vakambonditaurira kuti zvinhu zvomumba zvamakasara nazvo izvi vaida kuti zvimwe zvipiwe amainini ava, zvimwe kumudzimai wangu wavaingoti, "Muroora wangu anondichengeta. Handiti muchiri kunzwa kudai mucharoora mumwe mukadzi? Amai vanga vaine mabhuku avo emari, ma*insurance*, zvose izvo modya zvenyu nomumwe mukadzi? Ini amainini ndinofunga kuti ndidzo shungu dzaamai."

Amai vaToko vaingobvumira apo neapo moyo uchitya.

VaMuchabaiwa vakakwenya musoro ndokuti, "Hazvindinetse kuputsa chirangano changu naSarudzai nokuti ivhu rinenge ramupindura. Zvino imi amainini izvi zvava kutoda vanababa venyu navamwe vana vangu vose varipo."

Muchaona akakwenya mhuno nekasiyanwa, asi amai vaToko zvakavarovesa hana.

Musi uyu vachangorara vakangoti vachinoti tuhope putu, vakaona mukoma wavo achitaura nomurume wake vachifara kwazvo. Vakapatika.

Vakanonzizve bvutu, ndipo pavakanzwa vomutswa.

Zvoutete naVaMuchabaiwa vakanga vamira pahozi pakanga papinda moto.

"Ah, ndini sahwira wepano ini." NdiVaZvoutete vaingunodaro vakabata zhenje ravo romoto. Musha wose vanhu vaive nehana dzakasimba vaingouya rumwe rumwe.

"Ko, imi amai vaToko popotaika."

VaZvoutete vakazarura pahozi. Vamwe vakabva vatsikana kutiza.

"Zvamboita sei?" Voruzhinji ndivo vaivhunza. Vakanga vasingazive zvakange zvichiitika.

Zhenje raVaZvoutete rakaratidza Muchaona akati dukwa seri kwesaga renzungu nechitochi mumaoko. Amainini amai vaToko vakachema vachiti, "Babamukuru ini hapana chandanga ndichizivawo. Ndiregererei."

"Hoo! Saka ndiwe chipoko munhu pazvinhu zvandakashanda nomudzimai wangu?"

4

Chiroja

Keresia Chateuka

KUNYANGE upenyu hwozombooma sei, hwemuroja huri pamberi nokuti hune mitemo gumi nefararira.Hanzi une vana vangani? Vakakura sei? Kana vachibvunza unoti zvimwe itsitsi. Unombofunga kuti pamwe ndichanzwa zvonzi ndichakubatsirai kutenga chikafu kana kubhadhara mari yechikoro, nyambisirwa kunenge kuri kuda kuona kuti unokodzera here. Dai zvichizogumira ipapo zviri nani. Ndabva ndafunga pamwe pamba pandakambogara. Hanzi mutemo mukuru wepano ndowekuti, "Varidzi vemba ndibaba naamai vako nokuti vakafanana nevabereki vanokuchengetai vachikupai pokugara." Ko, taigozviita sei isu tichida pokugara?

Mumwe musi murume wangu akamuka ndokuenda kunogeza. Ndakanzwa amai vave kundidaidza zvikanzi, "Ndati ndikuudzei kuti mutemo wepano ndowekuti hapana roja rinotangira baba kugeza."

Izvi zvakandishungurudza asi hapana zvandaikwanisa kuita. Kubva zuva iri zvakaitika saizvozvo. Baba vakanonoka kugeza, maroja aitoenda kubasa asina kugeza.

Takagara saizvozvo asi nokufamba kwemazuva, mitemo yaienda ichiwanda. Isu vekuda kuwacha zuva nezuva takamboomerwa nokuti mumwe nemumwe aiva nezuva rake rokuwacha. Kugeza waitofanirwa kugeza kamwe pazuva. Chakazonyanya kundishamisa ndechokuti

pepa romuripo wemvura parakauya takadaidzwa zvikanzi, "Chiverenganai moona kuti makamurana mari yemvura." Izvi zvaireva kuti ivo vakanga vasingabvisi mari iyi. Zvisinei, takabhadhara hedu.

Mwedzi wakapera ini ndokunotenga zvandaida. Handina kuziva kuti pane pandakanga ndatsaudzira. Sezvo ndaive nemari ndakatenga huku yangu. Pandakadaidzira mwana kuti andisvitse pokuchekera huku iyi, amai vakabva vabudawo. Vakandibvunza vachiti, "Saka huku yenyu munoichekera pai?"

Ini handina kunzwisisa zvavaida kutaura ndichibva ndapindura ndichiti, "Ndiri kuda kuichekera mudhishi. Chete dhishi rangu idiki, ndipeiwo rakati kurei." Vakafunga kuti ndiri kuvatsvinyira ndokutanga kupopota vachiti, "Chero mukadya huku kana zvimwe zvakanaka sei, musakanganwe kuti imba ino ndeyangu. Roja iroja bedzi. Iye zvino unoda kuzadza ropa chivanze changu. Ndizvo here?" Ini ndakaramba ndinyerere. Ndakazonyeurirwa nemumwe muroja kuti amai ava havadi kuti muroja adye zvakanaka. Hanzi chikafu cheroja isadza nematemba, rakito kana muriwo.

Ndakazombodaidzwa rimwe zuva zvikanzi, "Amai mwana, mukaramba muchiita zvamunoita izvi handifungi kuti tinowirirana. Iye zvino vaenzi venyu havaperi. Munofanirwa kuti kana kwauya muenzi muuye kuzonyoresa kuti achagara mazuva mangani. Tiri kunzwanana here?"

Ndakangokwanisa kuti zvakanaka. Ndakatanga kufunga kuti zvino zvinoitawo here pachivanhu pedu kuti ubvunze mweni kuti saka muri kudzokera rini. Ndakapererwa nezano.

Ndakazoshama baba vobvunza murume wangu, "Gara zviya munotambira musi waani?" Iye nokusaziva ndokuvaudza. Zuva iri rasvika takanzwa vogugudza. Vakatodaidzira vamire pamusuwo kuti vaida mari yerendi. Kuzvipedza takavapa. Vakabva vatiudza kuti rendi yakanga yakwira kubva pa$150 kuenda pa$200.

Mumwe musi ndakarivara zvangu ndakaona murume wangu achiuya akatakura mudziyo wandaigarochemera. Iyi yaiva T.V. Ndakange ndichabata denga nokufara. Ndakambokanganwa kuti ndiri roja. Zvose zvandaiita zvaiva mumaziso aamai. Hazvina kuvafadza. Kutangirwa kutenga T.V. neroja?

Vakazonditaurira kuti, "Magetsi ari kunyanya kuchaja saka T.V. mombomira kushandisa kusvika tazokutaurirai kuti chishandisai."

Veduwe-e, zvino zvinoitawo here kupiwa mutemo pamudziyo watakatenga nemari yedu? Zvakatirwadza kusvika tazofunga zvokutsvaga pamwe pokuroja. Sevanhu vane mhuri yakakura hazvina kutiitira nyore kuwana pamwe, saka mazuva okupedzisira iwaya ndiwo akatonyanya kutiomera. Baba vakanga voti nekubhawa kwose hanzi murume wangu ngaatenge doro achivapa. Bhawa rose raitoziva kuti uyu muroja. Vaibva vadaidzira kuti, "Muroja wangu douya pano!" Vaiita sevaiziva kuti taida kuoneka. Hazvina kufadza murume wangu.

Iniwo semunhu aive nemwana mucheche ndakatanga kurambidzwa kuwacha kana napukeni zvaro. Ndaiti kana vaenda kunorara ndochera mvura ndowachira mumba uye ndonanika mumba imomo. Zvakambondibatsira.

Mumwe musi kwakauya vatezvara vaamai ava. Vakauya ndokuti vaida kuti vatezvara ava vazorara mumba medu. Ndakabvunza, "Muri kukumbira here kana kuti muri kundiudza?" Izvi zvakavashamisa. Vakada kupenga wanike ini wacho ndatsikawo madziro. Izvi ndakazviita nokuziva kuti kwakanga kwasara mazuva mashoma kuti tibve. Ndakazovayeuchidza kuti imba ndakanga ndabhadhara saka havaifanira kundiudza zvokuita. Vakazongoita chakapedza mbudzi mumba mavo imomo.

Musi wokututa handina kana kuvaoneka. Vakangozoona motokari yamira panze. Takatanga kututa zvinhu tichiisa mumotokari. Vakauya zvikanzi, "Ko, zvaita sei? Munoreva here kuti makatadza kutipa notisi? Iye zvino ndinomuwana kupi munhu anokwanisa kuroja dzimba mbiri? Mari yacho ndiyo yandanga ndichida kunobhadharira vana vechikoro." Vakasara vachingotaura vega isu tichiita basa redu. Tapedza takazoenda kunovapa makiyi avo. Ndakazodaidzira nepahwindo remotokari kuti, "Roja iroja, rinogara rakasunga twaro."

5

Chenai mwoyo

Chakambodei Chirandu

AKANGA atambudzika zvino mukadzi zvokuti akashaya kuti oita zvipi. Akanga amboedza zvose zvaaifunga kuti pamwe mutenda angada. Akatanga netumupunga nenyama yehuku, asi hazvina akabata. Ndokuedza iyo miriwo yaasimbofarira: muboora, tuderere, tutsunga netunyevhe, asi murwere akaramba akangorumanidza mazino apasi nookumusoro. Ndiro yebota yaiva yakangozvigarirawo pachitafura isina kana abata.

"Ko, nhai baba vevana, zvamabva maramba kana nokushama muromo mati mungararama nomweya chete here?" vakadaro amai Chenai kumurume wavo.

Murume akaramba anyerere iwo maziso atsvuka kuti kovo nokurwadziwa. Ko, iwo waive musoro rudzii waive nomubandire iwoyu? Kuchipatara vakange vabvako chiremba akati pamwe i*malaria*, ndokuipiwa ino tsapo yemapiritsi yakange ichamuuraya. Murume akakonewa kana nokusimuka ndokubva arasa dope. Apa ndipo pakazochechuka mukadzi kuti mushonga wainge usiri kushanda, ndiye murume wake nongere oenda nayezve kuchipatara kuti vanachiremba vamboongorora pakare.

"Madzokazve naye murwere, nhai amai?" akadaro mumwe nesi. "Mushonga wa*malaria* vakapedza here?"

Amai Chenai vakapinza ruoko mubhegi ndiye vhomo hamvuropu yaive namapiritsi ndokupa mukoti. "Kwasara mashoma, asi sezvamunongoona hapachina chakanaka."

Murume akanga achiti rabada zvino, dikita richingoteuka, uku kana kutaura haachagona. Akarariswa pamubhedha ndokumhanyiswa kumberi kweraini kuti chiremba akurumidze kumuona.

"Anomwa doro here murume wenyu?" akabvunzazve.

"Ehe vanonwa zvavo, asi vatove nemwedzi yakati kuti vasinganwe vachiti harisi kuwirirana nenyama dzavo."

Vanhu vechipatara, murume wose arwara idoro here? Vakadaro zvavo amai Chenai nechemumwoyo.

Amai vaChenai vakazodzoka kumba ava manheru murume apuwa mubhedha muchipatara. Vakasvika, vana vavo Tsitsi, Kudzai naChenai vakangoti ungururu kugara pasina chiri pamoto. Amai vakazoshina-shina zvavo voti pane muriwo, pane sadza, mhuri ndokudya zvayo ndokuzoenda kundorara.

Vave mumagumbeze pfungwa dzaamai Chenai dzaingoti chino bate tsve, icho bate tsve. Foni yaiti ikarira, hana yaiita kunge ichatsemura chipfuva nokutya kuti pamwe vekuchipatara vaida kuvaudza kuti baba varwarisa. Imwe pfungwa yakambofunga zvokuzivisa vari kumusha. Imwewo ikati kwete, ko, imba ikati ndee nevanhu vanouya kuzoona murwere imo musina kana sendi vaizoita sei? Ko, vakazouya vakati tifambe kuchivanhu tione kuti chii ndinozvikwanisa here kuti zvachiremba kozoti zvechivanhu? Regai ndinangane nechimwe, ndongoziva kusevenzesa mabvi namagokora ndakatsamirana novokuchipatara.

Chifumi chemangwana amai Chenai vakamhanya kuchipatara pfungwa dzichingonetseka kuti vanosvikowana murwere akadii. Vakapinda muwodhi ziso uchingove museve kunanga pamubhedha womurume wavo. Vakasvikowana murume abengenuka zvake zvishoma. Musi wetatu munhu akange atozvigarira zvake pamubhedha vakamirira sadza nemuboora zvavakange varaira. Pakazopera svondo chiremba vakange vave kutotaura nezvokubuda. Pavakabuda baba vaChenai vakapuwa tsamba yokuti vabve kuchipatara cheGweru vapfuurire kuHarare vambonoongororwa zvakare ikoko. Chirwere chakange chisati chanyatsooneka.

Vakazotorana mukadzi nomurume vopinda mubhazi ndiye hutu vakananga Harare, ndokusvika pachipatara chepaGomo. Pakaverengwa tsamba nachiremba vakabva vanongedzerwa kuti vaende kune imba yaitorwa mapikicha kuti vaonekwe mukatikati menhengo dzomuviri kuti paive nechirwere ndepapi. Vakagarira ndokupiwa mapikicha avo ndokuzodzokera kuna chiremba. Chiremba akavagadza pasi vose ndokuvatsananguriira zvaakange aona.

Akazosimudza pikicha yairatidza mukati memusoro ndokunongedza nechinyoreso chake achiti, "Handiti muri kuona apa, ndipo pane uropi apa. Zvino muuropi umu mune dzandingati nzizi dzemvura dzinoerera. Mvura yacho inodzika nomumusana umu." Akakosora-kosora ndokuenderera mberi achiti, "Zvino pane chiri kuvhara dzimwe nzizi idzi zvokuti mumusoro matove namadziva-madziva emvura."

Mukadzi nemurume vakatarisana, mukanwa ndokuoma mate. Ko, zvange zvabva nokupizve izvi? Chiremba akaenderera mberi achivaudza kuti paitodiwa oparesheni sezvo musoro iri nhengo isingakwanisi kurasa mvura.

Murume nemukadzi vakashungurudzika. "Ko, tikaramba oparesheni ke, chii chinoitika?"

Chiremba akanyatsotsananguraze nezwi nyoro risina hasha.

"A, mukarega pane ngozi huru sezvo munongozivawo kuti musoro ndiyo nhengo yakanyanya kukosha. Kwokupedzisira anotadza kuchengetedza kudya mudumbu achingorutsa, ozokonewa kufamba, kumira, kana kuona."

Akazvitsetsenura chiremba zvose zvaigona kuzoitika. Murume nomukadzi vakabvuma kuti oparesheni yaizoitwa vakapuwa zuva rokuti vadzoke.

Nyaya yakanga yakora muto amai Chenai vakaona kuti hazvichina mamwe maitiro asi kutondosuma nyaya kuna vatezvara navamwene. Vakakwira bhazi ndiye avo kwaNhema kuShurugwi kumusha kwomurume. Vakandoti munzeve dzavo tika, vamwene navatezvara vakati vavava.

"Iyewe mwana ane mukaka pamhuno ndiwe ungatoita zvokutiudza zvokuita? Wakaita shishi rokufambira wega nokuti ndiwe muzivi?" Amai Chenai vakati nazvo kanha. Uku kwaabva murume akange ave kungochema nerokuti ndinoda kuona vabereki ndisati ndaenda kuchipatara. Ukuwo zuva raakapiwa nachiremba kuti oparesheni iitwe rakanga ratove kuswedera.

Amai Chenai hazvina kuvaitira nyore kutsanangura kuna vatezvara navamwene kuti vasimuke vose vandoona urwere. "Iwo musoro chaiwo ndiwo ungavhiirwe munhu? Wati musoro wembudzi here? Musoro womunhu hauzive kuti ndiyo injini?" Chembere dzakaramba kuzviteerera. Vaida kumbofamba kuchivanhu kuti vaone kuti chii. Amai Chenai vakafumotora bhazi rokudzokera kuGweru. Idziwo chembere dzakabva dzaita chipatapata kutsvaga tumashereni twokuenda natwo kun'anga.

KuGweru mukadzi nomurume vakamboramba vakatarisa nzira vachiti vabereki vachauya, asi hapana akasvika. Zuva rokuchipatara rikapfuura zvaireva kuti vaitozomirira mwedzi inopfuura mitanhatu vasati vaona chiremba sezvo chiremba wemaoparesheni orudzi urwu aive mumwe chete. Vakakurukura murume nomukadzi vakaona kuti zvaive nani kuti vaende kuchipatara. Shoko rakatumirwazve kumusha kuzivisa vabereki. Vabereki vakatozouya murwere atove mumubhedha chiremba achiti murwere aizosaina mapepa ekuitwa oparesheni.

Pavakati pfacha, kamuitiro kacho kaingove kemangoromera, kunyange nepaida kubatwa zvinyoronyoro, kwaingove kutaka nesando. Manzwi aive ari pamusorosoro. Vakakumbira kusara nomwana wavo kwekanguva muroora ndokubuda zvake panze. Zvakataurwa ndezvakataurwa asi pakazodzoka amai Chenai pamubhedha, murume akange ave kutotaura kuti zveoparesheni haachada.

Mukadzi akatanga kufunganya. Zvose zvakataurwa nachiremba zviye zvakadzoka mumusoro make. Ko, murume akave bofu anomusiya nani achienda kundosevenza? Ko, akazosvika pakusazogona kufamba aizozvisimudzirwa nani? Akafungisisa mukadzi akangozoona misodzi yoerera namatama. Akaona kuti pakange pasisina chokumirira. Kutozoramba vanhu makatarisana

imi musisawirirane pfungwa zvaizokonzera mutauro muchipatara muzere vanhu. Amai Chenai vakasunga twavo vodzokera kumba, kuGweru.

Kuvana havana havo kutaura zvakawanda, asi vakangovaudza kuti baba vaive vachiri kusimbirirwa nourwere. Pamazuva mashoma aya mukadzi akazvitongesa kunge musoro uchatenderera. 'Asi dai ndagara ndaedza kutaura nemurume wangu? Ndichitaura nani? Ini ndini ndingapfuure baba namai vakazvara? Ko, ndikaita nharo oparesheni ikaramba kubudirira ndinozoita sei?' Pakapera mazuva matatu ndokuzotambira runhare kubva kuHarare rwaiti vauye nokukurumidza.

Vakasvikowana murume navabereki vakabata mapepa eoparesheni akatosainwa. Amai Chenai vakanzwa kunyevenuka. Ko, zvakange zvachinja? Ndiani akange atendeutsa pfungwa dzatezvara navamwene? Kuti n'anga dzavakanga vaona dzakange dzataura kuti hadzizvigone? Iri n'anga yekupi inobvuma kuti haizvigone? Asi dzemazuvaano dzeZinatha dzakabairwa zvitupa?

Amai Chenai havana kutsvaga tsananguro kuna vatezvara asi ivo ndivo vakazotsanangura voti, "Mwanangu, ndaona kushingaira kwauri kuita kurapisa mwana wedu kuti unomuda sokuda kwatinongomuitawo isu. Takaenda kun'anga, apa handirambi, asi zvandakaudzwa hazvina kundifadza. Ndakazotsanangurirwawo nachiremba ndikaona kushata kwourwere hwemwana wangu.'

Murwere akazoenda zvake kuoparesheni asi munhu wose akanga akasununguka kumeso. Munhu wose aimukurudzira kuti asatye uye azvisimbise nokuti aizokunda. Vakange vabatana zvino, minamato ichiteurwa pachokwadi. Baba vaChenai pavakazoenda kuoparesheni hana yavo yakanga yatsiga sedombo.

Murwere adzoka zvake kumba asimba ndipo pakazoonekwa kuti, heya urwere hukapinda mumhuri vanhu munoita kunge musina kukwana? Mukangodaro chete, munoodza mwoyo womurwere.

6

Chekuda mbune

Memory Rugedhla

VANHU vanopembedza chakaipa kudzamara chaita kunge chakanaka. Kutusva benzi nemupururu rinotamba kusvika ratyoka gumbo. Zvimwe zvinoda kutsiurwa zvichatanga kuitira kuti munhu akurumidze kuzvirega.

Muchaneta akabvira angonzi nemhuri yose ibenzi, haateedzerwi, kusvikira nyika yose yagutsikanawo kuti aisava munhu anotsiurika. Kuti aida kuudzwa neakatasva bere kuti hana yake irove? Iye muridzi aive otodada nembiri yokuba kunge kurima. Paakadzingwa pamba nababa vake, vavakidzani vakasvora baba ava. Vamwe vakati baba ava dai vakanga vaedza kuvanza zvakaipa zvemwana wavo. Vamwewo ndivo vaiti zvakanga zvaitwa nababa ava zvaiva zvakafanana nechiramwa chemhashu inotsamwa yodimbura makumbo ayo, asi fume ndiyo yodyiwa namasvosve.

Pakati pavaishora izvi paivawo naamai vaiye Muchaneta. "Chokwadi murume wangu waratidza kuoma kwemwoyo wako. Handiti dai uri umwe ungadai uri kufugidzira urema hwemwana wako? Iye mwana wangu akangobvira aita ropa rekuvengwa. Ndinoshaya kuti ndichamuisepi. Akabva angotora ropa rangu, amai vake, rekuvengwa. Ini ipo pano pane anondidawo kubva kuna baba kusvika rugotwe rwangu chairwo?"

Pavakanzwa mukadzi wavo atanga kudembera mwana wavo, baba vaMuchaneta vakabva vabuda mumba nokuti vaiziva kuti nyaya yemwana wavo uyu yaiva imwe yezvinhu zvairwadza mudzimai wavo. Dai mukadzi wavo aivewo akabatsirana navo kuraira mwana uyu, zvinhu hazvaizosvika pakadai. Chakanetsa apa ndechokuti mwana uyu akakura achiudzwa naamai vake kuti baba vake ndivo vaimuvenga nokuti ndivo vaimurova. Pari zvino akanga asisawiririani nomumhu wose wemumhuri yake nokuda kweruoko rwake. Aisagona kudarika napane chinhu chinotakurika akachisiya chiripo.

Musi uyu akasvika ndokuperera kunzira ndokutuma kamwana kemuvakidzani wavo kuti kamudaidzire amai vake sezvo aiziva kuti pakaita umwe weukama kana vanin'ina vake amuona aizodaidzirwa baba vake. Nechinguva chisipi, amai vake vakauya ndokumira nemwana wavo panzira. Vakataura nemwana wavo misodzi ichingove pamatama. Vakamupa $50 ndokumuudza kuti agozouya kumba usiku baba vake vaenda kubasa.

Nokudaro, paakapedza kutaura naamai vake akabva ipapo akabata bhegi rake ndokuswera achidzivaira nedhorobha achimirira kuti kudoke. Parakangopinda muna amai varo, mwanakomana akapinda muchivanze akananga pamusuo wemba yaamai vake. Paakangogogodza sasa, amai vacho vakabva vamhanya kundomuvhurira.

Akagara mumba maamai vake kusvika vanin'ina vake varara. Amai vake vakamuvhurira musuo wemba yevaninína vake ndokupinda chinyararire. Amai vake pavakada kuti vachibatwa nehope vakavhunduka kunzwa gotwe ravo rava kuridza mhere. Vakamhanya vakananga kumba kuye kunobvunza chainge chaitika. "Amai, muno mune munhu anenge mukoma Muchaneta!" Tongai akakasika kutaura nakazevezeve achiratidza kutya kukuru.

"Saka?" Vakabvunza amai vacho vakaburitsa ziso raiva rakatsvuka sechiropa nehasha.

"Baba vakati kana mukoma vakauya pano ivo vasipo tinofanira kudaidza mapurisa..." Haana kuzopedza muromo uyu nokuti amai vake vakabva vamudimbudzira panzira.

"Une idi iwe kuti unoda kusungisa mukoma wako? Atadza chii? Chii chenyu chaatora? Mwoyo wako unofara here kuti mukoma wako

arare panze nemapenzi iwe uri mumba? Ruvengo rwako rwakaoma. Zvino kana uchivenga werudzi rwako kudaro, kuzoti ini mutorwa uchandicheuka iwe?"

"Ndanga ndaitira kuti pamwe vanozotora zvimwe zvinhu tichakarara nekuti baba vakati mukaregedza zvinhu zvichibiwa zvakare handikutengerei zvimwe," akaedza kujekesa Tongai.

"Handiti yunifomu yacho yaakatora iwe wakazotengerwa imwe? Kana uchida imwe ndichakutengera kana ndawana mari, pane kuti mwana wangu aite mombe yemashanga. Kana zvanyanya kukunetsa izvozvo, ini ndini ndichabva pano nemwana wangu iyeye. Munoti ndinodzikotsira hope ndichiziva kuti mumwe mwana wangu ari kunetseka?" Mazwi aya akabva anyaradza Tongai uyo akazongorara hana iri mumaoko.

Pakwakaedza, munin'ina wacho akashamisika kuona mukoma wake apurura. Paakangoona izvi akabva amhanya kunoudza amai vake avo vaiva vasati vamuka. Pavakamuka kuti vaone kana mwana wavo atiza kuti baba vake vasamuone, vakazoona chikonzero chaiva chamumutsa mangwanani akadaro. Pavakatarisa patafura yaiva pedyo nemubhedha wavo kuti vatore magirazi avo okuonesa, vakashama kuashaya. Pavakati vatore mari varongedze mabhegi erwendo rwekunotsvaga magirazi, vakashamisika zvakare kuishaya. Vakapinda muimba yokutandarira vachiti zvimwe somunhu ane hanganwa, vangadaro vakasiya zvinhu zvavo imomo, asi, zvavakaona imomo ndizvo zvakavarwadza kunyanya.

Vakaona panzvimbo panosigara T.V. pasisina chinhu. Mangwanani akadaro vakanzwa dikita kuerera. Pahuro pavo pakaoma kuita somunhu akanga ave nemwedzi asina chaanwa. Vakaita zvokuzvikanda pachigaro vonzwa mabvi avo kudedera. Vakatadza kuziva kuti voridza mhere here kana kwete. Vakafunga kuti murume wavo vaimutsanangurira vakamira pai. Vakanga vasati vamborwadziswa zvakadaro. Vakadongorera napahwindo vachiti pamwe ainge asati aenda kure, asi vakatoona zvavo madzimai aitoseka achirovana maoko.

Vakashamiswa kuona vanhu vachitoseka. Vakafunga kuti ivo havaizofa vakaseka zvakare muupenyu hwavo. Vairuwanepi rufaro rwacho? Dai zvaive zvakonzerwa nomumwe, vangadai vakamurovera kuponda, zvino izvi, zvakava chokuda mbune chisina ndaroyiwa.

7

Chiramu

Keresia Chateuka

SAHWIRA wangu akauya kumba achichema zvaipisa tsitsi. Aigorega seiko kuchema iye akanga afirwa nemunin'ina wake mumwe chete. Takachemana, sahwira ndokupinda munzira oenda Chivhu kurufu.

Sahwira akadzoka ndokuuya kumba kwangu. Takagara pasi tokurukura twakawanda. Akatanga kutaura achiti, "Sahwira, ndati ndiuye ndizokutaurira kanyaya kari pamwoyo pangu. Kanondirwadza, asi iye zvino ndazorora nekufa kwakaita munin'ina wangu."

Ndakashaya musoro wenyaya apa ndokunyatsobvunzisisa kuti aida kurevei. Iye akaenderera mberi achiti, "Handina kumbenge ndakakutaurira nezvemufi. Ini ndakanzwa mwoyo kurwadza kuti mwana waamai vangu haangadzidzi kure nekumba. Ndakamutora mwana ndokugara naye. Ini semunhu wokushava ndakatanga zvokuenda Bhuruwayo kunotenga zvokutengesa. Ko, ndaigotyeyi kumba kuchisara mainini nemwana?

Nerimwe zuva ndakadzoka rwendo semazuva ose. Hapana chakaipa chandakaona. Ndakanga ndavigira mhuri yangu mbatya semazuva ose. Kwakapera mazuva maviri kubva musi wandasvika ndokubva ndaita mweni. Mweni uyu aiva mwana wavatete vangu. Naizvozvo, akasvika achidaidzira nomufaro achiti, "Tisvikewo amainini veBhuruwayo!"

Ndakamuchingamidza ndakafara. Takapinda mumba ndokugara zvedu todya nyaya samadzimai. Akazoti pava paya, "Amainini mwoyo wangu waramba worwadza kuti ndipfimbike zvandakaona pano. Machengetero amunoita munin'ina wenyu anonakidza chaizvo, asi chenjerai." Ndakanyatsobvunzisisa iye ndokundipakurira zvaaiva nazvo.

"Amainini Nyaradzo vachaputsa imba yenyu mukasachenjera. Ndakauya pano ndichida kukuonai, asi zvandakaona zvakandifungisa twakawanda. Ndakapinda mukicheni menyu umu ndikawana musina munhu zvikandishamisa kuti, ko, vanhu vaivepi. Ini nokuziva kuti babamunini vakange vatoenda kubasa ndakati regai ndidongorere mubhedhuru menyu. Umu ndakaona mashura. Mainini Nyaradzo vakanga vakafa nehope pamubhedha wenyu. Munoziva marariro emunhu aswera achitimba pasi? Ndizvo zvavakange vakaita. Ndakavamutsa vakatoita zvokuvhunduka. Ndakazovati nemhaka yeyi muchirara pamubhedha womukoma. Ivo vakanditi, Ndangoti regai ndirare nguva yabuda babamukuru vachienda kubasa. Mwana akange arere pasi. Izvi hazvina kundiratidza rujeko mune ramangwana."

Akati apedza kutaura ini ndokumboramba ndinyerere. Musoro wakatanga kupisa. Ndakashaya kuti chii chaizvo chandainge ndatadzira munin'ina wangu. Ndakazotaurira mwana wavatete kuti zvisinei ndainge ndichaona zvekuita. Ndakasara ndichiongorora magariro edu pamba apa. Murume wangu aitanga basa na3 kunze koedza achipedza na9 dzamangwanani akare. Chakandishamisa ndechokuti aizosvika kumba kuma5 manheru. Izvi zvakaita kuti ndinyumwe kuti pane yandaitambwa. Vanhu vaizosvika kumba vachinyebera kunge vasina kumboonana ivo vaswera vose. Apa ndakafunga kuti kana ndaparura nyaya yangu ndichaenda kuMufakose kwaidzidza Nyaradzo ndonoferefeta vazukuru vaigara ikoko.

Manheru akasvika Nyaradzo ndokudzoka kuchikoro. Ndakafunga kuti regai nditange newaamai ndinzwe pane pfungwa dzake. "Nhai Nyaradzo, ndafunga kuti uchidzokera kunogara naamai kumusha. Hameno kuti unopaona sei?" Apa ndaida kunzwa kuti anoitora sei nyaya iyi. Ndakange ndatomutora.

Akapindura akanditarisa mumaziso asingambotyi achiti, "Ini kuenda kumusha hazvichaita. Dai matoti ndirege chikoro."

"Sahwira, ndakafunga kuti pamwe ave kupenga. Ndakanyarara ndokumirira ivo baba. Vakauya ndokuvataurira kuti ndaida kutaura navo pamwe naNyaradzo. Ndakaparura nyaya nokuvaudza zvakanga zvataurwa naNyaradzo. Baba vakapindura vachiti, "Pedzeranai vana vanyamunhu. Ini handina chokutaura. Mose muri vakadzi vangu saka hapana anondirambidza kuita zvandinenge ndafunga." Ndakashaiwa chokuita. Ndakanzwa pamwoyo pangu sepakanga pagara zibwe guru guru.

Zvisinei, chifumi chamangwana vamwene vangu vakabva vati pfacha. Ndakati zvanaka ndawana mutongigava wokuchemera. Ndakavaudza nyaya yose ivo ndokuti vaizotaura nemwana wavo. Zuva repiri mangwanani ndakanzwa vamwene naNyaradzo vachindireva. Ndakanyatsoteerera ndokunzwa vamwene voti, "Iwe usambotya. Mwana wangu anowana vakadzi vaanoda. Futi iwe uri nani pachimiro kana pahunhu. Anoti kuonda, agoti kutsvinya. Iwe ndiwe muroora wangu chaiye. Wati chero akada zvezvibhakera ungambovhunduka here? Iwe nyarara chete, isu tisu tichagadzirisa zvinhu. Muroora ukangodiwa navamwene hapachisina chinetso. Kunyange iye murume asingakude anodzora mwoyo wake nokuti kazhinji varume vanofarira vakadzi vanowirirana nanaamai vavo."

Iyewo akadaira oti, "Chisingazive mukoma wangu ndechokuti aitoda kurambwa ini ndikazoti aiwa zviri nani tigare tose pane kuti iye adzokere kumusha. Handina kuziva kuti ndatokanganisa. Dai ndakaziva ndakangoti ngakabve. Anofunga kuti ndingatadze kuchengeta kamwana kamwe chete? Kana achifunga kuti imba inoshamisira anoisiya masikati machena ndikasara ndichinzi Amai Musonza pano."

Ndakanyatsoona kuti apa hapachina changu. Ndakanga ndarindira dhongi rakaora. Handina kuzoda kupedza nguva nokutaura. Ndakasimuka ndoenda kuEpworth kuna babamukuru. Ndakawana mhinduro yakandimirira pandakavapira nyaya yangu. Ndakazoona kuti ndakange ndairasa kuenda kumunhu ane vakadzi vatatu. Ndakatodemba kamari kangu kandakanga ndatambisa.

Kwakapera svondo ndichifunga zvokuita. Apa ndakawana mukana wokusvika kuMufakose kuya kumbondowongorora. Ndakaenda kumuzukuru ndokuita somunhu aida kuziva kuti Nyaradzo aiita zvakadii muchikoro. Mwana uyu akatanga kundiudza achiti, "Ambuya Nyaradzo havana nhamo nokuti sekuru vanouya mazuva ose nokuno vachibva kubasa. Vanoigirwa chikafu chamasikati. Dzimwe nguva unonzwa vachiti vari kunobika kumba kweshamwari yasekuru inogara paseri apo. Izvozvi kuti muchida kuenda tinowana variko. Havadaridzi zuva chero zvouya sei. Ambuya Nyaradzo vanoti vanotya kuenda kumba vega saka sekuru baba vaChamu vanouya vovatora pavanopedza chikoro mazuva ose. Asi mbuya mune mwoyo chena chaizvo. Hamutyi kutorerwa murume here?" Takaseka zvedu asi ini ndakanga ndozarirwa zvekunge ndichatadza kufema. Ndakati nhasi ndinoda kumbonyangira shiri dzangu asi handidi kudzibhururutsa.

Ndakazoerekana ndave kutosvika pamba peshamwari yababa vaChamu. Ndakamira nechokure. Chinguva ndakaona baba vaChamu naNyaradzo vobuda mumba muye. Handina kuvhunduka chero zvazvo zvakandirwadza. Ndakarega vachienda ini ndokupinda munzira mangu ndonanga kumba. Ndakasvika ndokumirira matsotsi angu.

Kwakatanga kusvika baba ndikanzwa voti, "Aa, basa mawandiro aro ndanzwa, ndaneta. Ndaswera ndichituta marara kuChitungwiza. Ndatozobvako manjemanje ndouya kuno." Ndakangopindura ndichiti ndizvo zvinoita basa. Pasina nguva Nyaradzo akabva asvikawo. Akasvika achifara chaizvo. Akati kuna baba vaChamu, "Maswera sei babamukuru? Maswera sei nebasa?" Ivo vakadavira kunge vanhu vaswera vasina kuonana. Apa ndakabva ndaziva kuti ndiyo ngoma yairidzwa mazuva ose. Vanhu vainyebera kunge vasina kuonana ivo vaswera vose. Handina kuda kukurumidza kupenga, ndakangonyarara zvangu.

Rimwe zuva ndakamuka ndokunanga Chivhu kuvabereki. Handina kupedza nguva. Ndakasvikochema ndichivataurira kuti musha wangu waparadzwa naNyaradzo. Kana vari mai vakandishamisa nokunditaurira kuti ini ndini ndaipenga. "Nyaradzo haaiti zvakadaro, kana ivo baba vaChamu havangadaro." Vakaenderera mberi vachiti, "Ishanje dzako chete! Usiyane nemwana wangu."

Ndakati tuzu ndakadaro. Ndakazovataurira kuti, "Musingadi, muchida, mwana wenyu ave kudzoka kumba."

Baba ndivo vakazoti, "Hazvinaki amai mwana kuti vana vagarisane vasingawirirane. Ini pachangu ndichaenda kunotora Nyaradzo. Kana achida imba anofanirwa kutsvaga pake kwete kufurusha mwana wangu."

Takazosimuka ini nababa touya Harare. Baba havana kupedza nguva. Vakataurira baba vaChamu kuti vakanga vavinga mwana. Hapana kumboita makakatanwa nokuti baba vairatidza kugumbuka. Vakasimuka ndokuenda. Izvi hazvina kufadza baba vaChamu nokuti ndakange ndabhururutsa kashiri kavo. Takaita mazuva anoverengeka pasina anotaura nomumwe. Dzimwe nguva ndairohwa, asi ndakangozvishingisa nokuziva kuti ishungu bedzi uye dzichaserera.

Kwakapera gore tisingawirirani navabereki, kunyanya amai. Ndaiti ndikanyora tsamba havaipindura. Rimwe zuva ndakagamuchira tsamba yaibva kuna amai vangu vachiti:

"Mwanangu, chokutanga, ndinoda kuziva kuti mhuri yakadii. Chepiri, ndati ndikuzivise kuti ndinokumbira ruregerero mwana wokubereka pamashoko ose andakataura. Ndakazvionera pamhuno sefodya kuti Nyaradzo ibenzi romwana. Kutaura kwandiri kuita kuno akabatwa navatete Rosina aine murume wavo. Ndinonyarira paiko gore rino? Ndichareba zvangu muraini muzere vanyarikani. Mwana uyu ndoita wokudiniko? Ndazvishaya. Izvozvi ndiri kunzwa karunyerekupe kokuti ane pamuviri pababamukuru vake ivava. Mwanangu, ndinopamhidzazve kukumbira ruregerero. Ukandiregerera ndingafare chose."

"Sahwiraka, ndakambofunga kuti kunyepa zvokuti ndakadzokorora kuverenga tsamba iyi mushure mesvondo. Pandakaenda kurufu apa, ndakazonzwa kuti musikana akazviuraya achiedza kubvisa nhumbu yababamukuru. Sahwira, handidi kukunyepera, asi chokwadi ndechekuti ndiri pakati pokusuwa nokuti wafa wanaka. Ivo gosha havana kuda kubuda pachena asi semaonero angu vakarwadziwa. Takazomboburana rimwe zuva kusvika ndamuudza kuti handisi Nyaradzo waakanga ajaira. Apa akanga anyora tsamba kune mumwe munin'ina wangu wekwamainini achiti aimuda, musikana ndokupindura tsamba yacho kwandiri achipopota

kuti sisi batai imbwa yenyu isangohukura wose wose wayaona. A-a, musi uyu ndakamuudza nzeve dzikazara. Iye akazovharidzira achiti, "Ndange ndichitotamba nomuramu. Handina kuziva kuti zvingamugumbure." Ndakamunyarira chaizvo. Aka ndiko kanyaya kanga kari pamwoyo pangu sahwira. Zvinhu zvaunenge uchifanira kuziva sasahwira wemhuri."

Ini sahwira wacho ndakatonzwa dzungu kunge ndini ndakanga ndazviitirwa ndokuzoseka zvangu ndoti, "Shanje dzako, iye zvino ungadai wowana sadza rabikwa. Chirega ndibike uende wadya. Asi nyaya yako yakaoma sahwira."

8

Bedzapfuma

Peldah Hove

"ZVINO ndazoneta baba vaShupikai, murume wangu. Ndazosvika pakuona kuti magariro edu pamba pano ave epwere. Ndiko kunonzi kutungana kwembudzi uku. Uye ini ndaona kuti iwe wave kutonditora kuve chimunhu chako chawakazviumbira nedhaka. Zvino ini kana zvakadaro, regera ndiende zvangu nokuti kwandakabva handina kusiya ndapisa musha." Hapana akadavidza.

Mumba makamboti ziro. Mukadzi aiva akadzvutura ziso kunge retsuro iye handira yakangoti konon'ono pasi.

"Ko, ndinofirei zvangu kusweroita dhongi repamusha pano pasina chimuko? Nditi kuswerotemeswa musoro nepwere dzechikoro, kubasa, kuno kumba ndorare mbishi pamusaka pezviito zvemutana anenge iwe, anoita kunge jaya zvaro! Mari yandinohora heyo inongokushwa semhodzi dzesora. Zvandinoshanda pano pamba nesimba rangu zvese zvinongotsakatika nekuda kwekusabindira kwako. Ko, zvino chii chaizvo chandinofira?"

Izwi raiva zvino rakwira ronzwika kukosora, zvimwe ndiko kwaiva kudavidzawo.

"Chii chandakararamira pasi pano chandinoti ndechangu? Kana ndikati didinya nhasi munoigova yechii nhaka yangu? Pabasa ndinongopwitaira nemivharadhongi. Mumba ndinorara pachingoro

chisina nemunyefu wose, muviri uchimarwa nemagumbeze asingazivi chiwariro pasi. Zvigaro zvemuno mumba angove mariva okuti ukangowira unotosiyamo matembe, dzangove simbi dzakachenama kunge mazino echikirimbani. Poto dzave zvimhini zvine mibato yakagurwa nemoto. Ko, zvino chedu pano chii? Mudanga makashama, chirugwi takavesa, zumbu nyungu. Kusara here chaidzo mombe shanu dzemaroora aShupikai dzawakanzi uzotinha? Chokwadi imbwa inosvoda ndeine vara." Mudzimai akambotura befu. Aive ofemedzeka zvainzwika. Vashe vangu takangopukuta dikita nehengechepfu ndiye pasi tsimatire.

"Iyo imba ino kutadza kutidonhera handiti kutisvoda zvayo? Kubva yaita mipanje inoonesa munhu ari kunzira uko tiri muno? Vanhu vaviri, mukadzi nemurume vanoshanda basa rine mari rourairidzi shuwa? Haiwa, bodo! Kubva taita kufura sora semhene here nezvatiri izvi? Iyi ndiyo kurauone chokwadi." Mukadzi akabva ati nyadzu kunge aida kubuda panze. Muhana murume aingoti dai ambobuda zvake nokuti aaikungurutsa aimuponda mwoyo.

Amai vaya pavakasvika pagonhi vakabva vati tendeuke ndiye narwo narwo. "Zvino iyi yawazozvidenhera nhasi ndeyako. Ini mangwana chaiwo ndinofumorova nhetserwa ndakananga kumunyai wangu, VaTazviona, ndonovaudza kuti jira repano paMavhiya rakurisa, handicharigoni. Ndikange ndapedza izvi tichazosangana kwaMudzviti tobva tagura ukama hwedu hwenhando, hwokubatanidza nekapepa. Handina kapepa kanofa kakandisungirira mugumbo rengwena ini. Kwete. Regera ndisiye zviripo. Pandange ndiri, sara uise mumwe."

Fungai, amai vaShupikai, ari mudzimai waZariro Marozva, ainge oputika neshungu. Paya panonzi murume anotyiwa pamafaro. Musi uyu nhunha dzose dzaigaroitwa pfimbi yedundundu dzaiva dzaputika. Miromo yaZariro yaiva yaoma zvino yongofenyuka kunge makoko esadza mbwezhu. Maziso aiva oboidzika ari muzvinokoro zvamahobi. Uso hwerume hwaiva zvino hwohwinya nenyadzi namatyira, wane dikita rosinira serechidhakwa chaziinurwa nechisokwe.

Paakaona Fungai aratidza kuomesa mwoyo, murume akati kukwira gomo huvandurira, ndiye, "Amai Shupikai, mudzimai wangu,

ndapota ndiregererewo, vachireramapenzi vangu. Ndiregererewo kwanhasi bedzi. Nhasi ndazopfidza. Upenyu hwangu hwese handifizve ndakatamba nematakanana akadai," rume rakandandama zvaisiririsa. Bva, ndokuwana nzeve dzaamai Shupikai dzakanzi pfe-e. Rume guru rakadonha tudzihwa sepwere.

Waizoziva here kuti ndiye Marozva chikakarara chiye chaiti chichikakanyara kubva muhofisi yapaChoruma School, twana twose kubva kurugwaro rwokutanga dakara rwechinomwe twaibindira, ndiye ziro? Ndiyeka Marozva aiti kana akapa murairidzi ziso bedzi pabasa ainyeta-nyeta somwenga abatwa achinyurura gapu navatezvara. Marozva aiti kana ari pamusangano wechikoro navabereki, akangoerekana ataura vose vaibonda. Bva, nhasi zororo raZvita rainge ramuvigira chakati tende, romubwidza nduru yegarwe. Musha wainge wobaya-baya sehundi yemhunga.

Vagari venharaunda yake vaitofungidzira kuti zvimwe aiva aine kwaaiva ashanya. Aisvoda chiedza zvokutomanikidzira kurasa ndove nemvura nokudoka kwaro. Rume guru rakamera ushamwari nebonde kunge muzvinamimba ari kutyirwa kuputsa. Kudya aingorapira somutenda, uku kuri kutorwisa nyoka dzeguru dzaive dzakasviba kuti ndo-o.

"Ndakakuregerera kakawanda sitereki iwe ukabva watofunga kuti yaiva shangwa yokushaya pekutumba. Handichakuregereri zvakare. Nhasi wazvikanga nemafuta ako senguruve, uchashiyidzika ukatsvukira ndikuudze. Ukaramba uchiregererwa unobva waenderera sedenda rekorera haikona? Mutana wepi anokundwa nemuchiuno semhuka yesango? Nyangwe iye akapanjirirwa haadaro. Unofamba wakatungamidza mupinyi mberi pfungwa shure haikona? Zvino hezvo mupinyi watsvura nhope." Mukadzi aive oti kusvotwa akati kusvotesawo achitsivira kushamairirwa uko aimboitwa. Mwoyo waZariro wakamera mamota. Shoko harivhikwi, uye mudzimu wakupa vanga wati nhunzi dzikudye. Rume rakafema.

"Amai Shupi, mukadzi wangu, zvinongove zviwiravanhu, mudzimai. Miedzo yaSatani."

"He-ede-e! Ndinoseka nhamo sorugare. Ndiregei zvangu mwana waVaShereni. Zviedzo zvaSatani wekupi iyeye? Satani wacho sei asingaedziwo vanamai Shupi? NdiSatani waMarozva saMwari

waAbraham? Hauzivi here kuti Satani ndiwe? Ndiwe Satani iwe unoisa vamwe vanhu pamiedzo. Zvino ini nhasi miedzo yako ndaikunda, ndageza saPirato muBhaibheri. Chivhiya wega tione. Ihwo hu*Substantive Head Grade 1* hwange huchikuvhaidza hukasanyangarika somudyandigere wemunhu azvisunga negasho. Kana hukasapera hu*S.H.* ndingabva ndaziva kuti wakanotukura chinyanga chinofema mhiri kwaSave. Kanganise, chaiti chururu chichapwa." Fungai aive otaurira svoto.

"Zvokunyepa here amai Shupi? Iyi yandapara ishuramatongo yenyaya, uye pasina rutsigiro rwako, mberi irima, ose mavi." Misodzi yaMarozva yakagara mipendero yetsiye. Kana dai aingobwaira bedzi, yaitorova pasi.

"Rutsigiro rwaani? Unondifananidza naMaidei, hanzvadzi yako here? Pamaibarisa marimba neka*sweet sixteen* kako wakambosheedzera rutsigiro rwangu here? Handiti ini ndaitorara ndakafenengara kunge muPositori ari kuMasowe? Ko, nhasi mwoyochena ndowei? Itai kuziva kwenyu sepakutanga, uye regotya kununazve iwe wakazvisasika. Nyatsobomha utsvukire machewe." Maziso aFungai akasanganidzana neaZariro rume rikati rabitirirwa nenhamo ndiye misodzi mokoto.

Rakanzwika kundandama mukupfikuramo, "Fungai ndakakutadzira kakawanda. Ndinobvuma. Asi ndati ndagura, ndapfidza amai mwana. Nditakanure munyatwa iyi. Ziva, benzi nderako, Fungi. Nhasi, ruchiva ndapfidza." Zariro akapfikura seafirwa. Fungai akabva aona kuti zvaiva zvaidzimba ngwarati. Akaseka nechomumwoyo, uye akabva aona kuti zviye zvinonzi varume vakashinga ndezvokuponda nyoka dzinozvifambira zvadzo, kwete kushingira nenji rakati tende zvaro. Zvavo ndezvedzvendekuse bedzi.

"Hapana chandinokuyamura nacho kana chimwe. Dai waida kuti tiyamurane wakagara wapfumbidza chindiro kare. Zvibaye wega. Ini ndaneta. Ndakabvirira kare. Kana wange uri chubhu yebhasikoro yandaimenda, dai wangova zvigamba bedzi. Zvino kana chubhu yadai, chasara bedzi kurasa." Fananidzo iyi yakabaya Zariro mwoyo. Chimwe chokwadi chinopfukuta mwoyo.

"Hongu, ndangove zvigamba pese pese, ndinozviziva. Asi dai wachiita tsitsi unamire chokupedzisira chokuvhara ponji yanhasi

zvimwe waizofara kuona chubhu iyi ichishanda kwemakore, pane kubva wafunga zvako zvokuirasa kwakadaro." Rume rakakosorera.

"Hapana zvakadaro. Kuswerogadzirisa munhu kutomutunhidza unyasire. Ndakabvira nhasi?" Mukadzi akabva abhebhenura magwaro emwoyo. "Gore randakabara Shupikai uyu, ndakakuwanikidza uri mumachira angu naChipo musevenzi wedu, pandakasvika ndichibva kuchipatara kwaMusope. Pandakakubvunza chii chakaitika? Hauna kundirikita ndikapedza svondo ziso richinge nyama tsvuku? Ukabva hezvo zare nepfambi iye yaitengesa mu*bottle store* maTongiso, mukadhadhaisana nyika ikazengezana. Dai kudya nyama yehuku kwaimedza nyanga, handiti iwe nepfambi iyoyo maitodai muine mivururo yadzo? Waive usingauyi pano utonga hwotsvuka iwe? Handina here kupedza mwedzi mitanhatu pabonde pakatonhora? Ko, waiti ndikurungire bota? Zvawairara bhandi rakadya hudyu, kwaisava kundisema here?" Akambotura befu ndokuhetsura.

"Gore rapera paseri hauna kudanana naMisitiresi Ngavi, muchindiita chifuza chenyu pabasa? Hofisi zvayakapinduka ikava hozizve! Mwana waainaye unoti handizivi kuti ndewaani? Mari inopererepi? Makatamba mhosva yacho kugotsi kwangu noufuza hwokufunga kuti gotsi harina meso, izvo tsvo. Gore rapera hauna kupa nhumbu mwana wekwaBanda, Muchaneta? Mari yakatengwa Mangisi naBhusvumani kumariketi makaiti yese bha-a. Unoti ndiri pwere?" Fungai akanga onzwika kuzarirwa. Zariro akapera mate. Fungai ainge godobori chairo.

"Unoti ndiri pwere nokuona pfupiko nhai? Vakadzi vevanhu, nevakadzi vevanhu. Vamwe vane vana vako savanamai Chireya, mudzimai waChikobvu. Polite mwana waani? Ugoona nyoka yembavha, ko, zvaari Shupikaizve? Zvino nhasi pano ndipo paunopara imwe yakaora kudai – kupa nhumbu ka*Grade 7* here munhu wa*S.H.*? Nhasi ubhuru hunopera ndikuudze. Zvino zvaakaunzwa pano uchamudii? Uchaiwanepi $10 000 nesvondo imwe? Handiti wakaudzwa kuti kana waishaya nyaya yave kunoturikwa kwaMandivava, Regional Director? Dai wakatotamba zvako nomwana wavamunhuwo zvavo, kwete Sambiri – C.I.O. zvaro." Fungai aive opaumba zvokuti dai mhuri yavo yaive isina kufumira kumunda, ingadai yakanzwiririra. Uyuwo Torai, muzvinamimba, aiva ari

chinhambwe, muimba yaVaTunyere, amai vaMarozva uko Fungai aiva amusairira kuti vatakure mutoro weura hwavo. VaTunyere vaiva vakangoti kunguma sechitunha B.P. zvino yava kutunga denga. Zvairwadza. Nechepachiveso, Torai aive agere, chadyiwa chabvepi? Meso aichema uhosi hwechiutsi chaiva chisingazivikanwi. PaGrowth Point paChiredzo paiva pakurirwa, basa raingova rezvitofu zvamagetsi namahita. Kamimba kemwedzi mitanhatu zvino kaiva koshinya ka*uniform* kechikoro ako kaiva chiomandikupfeke shure kokunge Sambiri atora dzimwe mbatya dzose ndokudziririmisa nomoto.

Uku kumba kwaMarozva hakwaidyiwa rinopisa. "Fungi mudiwa, ndange ndafunga kuti nditengese hangu mombe dzese dzeroora raShupikai kuitira kudzimura nyaya iyi. Pashure ndozonotora *loan* kuAFC ndotsiva mombe idzi. Izvi ndinotya kurasikirwa nebasa. Hameno kuti unopaona sei?" Zariro akamakoromora mago.

"Uri imbwa Zariro. Usataura seunorutsa, wanzwa? Unofunga kuti ndakazvara Shupikai kuti agove wokuroodza baba ini? Ini kwangu kumusha VaShereni wakavapa ngani? Kana uchinge waita izvozvo bedzi, ini ndinozvisunga chete chete. Handidi nemombe dzemwana wangu. Kana uine shavi rebedzapfuma nhasi ucharipira nomusoro wako." Fungai aive opfikura zvino. "Yako pfuma wakapedza. Yangu wakapedza. Nhasi yemwana. Kuti kudiiko?" Akabva anyanya kuchema.

Marozva akabva aona kuti chaipo paaiva akavimba napo paiva pakasungwa noutare. Kuti ataurezve nezvenyaya yemombe akaona pachiita chimoto. Izvi zvakamuita kuti afunge patsva. Aitoti aputse chitsidzo chake chokuti nyaya iyi ive yechakafukidza dzimba matenga. Aitoti azvishambadze. Akasimuka onanga Chizvarira kuna tete Semai nomukoma wake Pito mumhiri maSihande, kuda vaizobatsira kuti Fungai asasiye choto chake, uye kuti nhau yemombe ifambe. Kutadza kwazvo kwaizozvara nhototo.

9

Honye yomunhu

Barbara Makhalisa

"YOWE-E! Inyama rudzii yakadai?"

Mzamo akanga achitaura achiguma-guma nyama yaakanga akasasika pazuva kuti iome. Aiti akamboirova-rova neruoko rwerudyi, omboibata-bata neminwe yokutendeka, omboinan'anidza, aizoifuridza-furidza zvekare. Honye dzaingodonha dzichiita rumwe rumwe. Honye dzacho dzakange dzakakora kunge muswe wehwayi. Akatanga kuchekerera nyama muhari ndokuona imwe honye ichitonyudza muswe pakati penyama yakanga isina kunyatsooma zvakanaka. Nyama yakanga yokanda zvakaita kuti ambovhara mhino nekufinyamisa kumeso nemuromo wake. Akaenderera mberi achingochekerera nyama muhari.

"Chipuka chakaipa ichi, chinokoreswa nokuba zvavamwe. Kana munhu chingamudya achifamba." Akadaro achirangarira gore rapera apo mudzimai wake akambosvina akaburitsa zihonye rakanga rachera mwana wake kumagaro. Ndiwo musi wakatanga mwana kurara hope. Chipuka ichi chakange chiri mubishi kudya nyama yake yaakange apiwa nemudzimai wake paakange aenda kumusha kupera kwesvondo. Kambudzi aka kakange kabayiwa nekuti pakange pasisina zvekuita mushure mekunge kawira mugomba rainge rachererwa kuvaka chimbuzi kakatyoka gumbo. Paakasvikawo kumusha Mzamo

akange akavedzengerwa nekuomeserwa tumudzonga kuti amboita tumazuva achiseva kudhorobha. Zvino tumakonye twakange twave kutobatsirana naye kudya nyama iyi.

Nyama yaibva, akakurungira dovi ndokugadza hari yesadza pachitofu chake cheparafini. Achingopedza kuita izvi, akanzwa, "Gogogoi!" Akazarura musiwo akatambidzwa tsamba nekakomana kekwaMaqanda.

"Zvanzi ndimirire mhinduro," kakadaro kakomana. Akavhura tsamba ndokuverenga. Asi chokwadi Maqanda ari kutoshingirira nyaya yemukadzi uyu? Anenge anomushurira. Handiti anozviziva kuti Mzamo akaroora kunyange zvake asina tsamba yemuchato? Akaverenga tsamba iye:

Mzamo

Shamwari yangu yave kuneta nekumirira mhinduro yako. Uchiri kungofunga nazvino here? $500.00 ungangoinhonga zvako uchifamba munzira here, Mzamo? Tauraka nekuchimbidzika kana usina kuzvipira kuitira kuti tione mamwe maitiro. Vakawanda vari kutoishaya mari kana iwe homwe dzako dzisingafemi nayo.

Ndakamirira mhinduro yako.

Ndini

MQ

Akapererwa nemate mukanwa. Mazana mashanu emadhora! Mari yekungopiwa pachena asina kumboibudira ziya? Akange asina kumbobata mari yakawanda kudaro nemaoko ake. Aitaura nechemumoyo achiwaridza maoko mberi kwake. Aitomatarisisa sekunge achatoiona mari yacho iri mumaoko. Aifunga kuti Maqanda aitamba musi waakamutaurira nezvenyaya iyi nekuti nyaya yakadai kwaive kutotanga kuinzwa. Akafungawo zvikwereti zvaakanga anazvo akaona atozviripa zvese. Akange adyiwa panjuga akatengesa bhasikoro rake ndokubatisa bhachi resutu yake. Zvakare gore rakapfuura akange atengesa wairesi yake pamusana penjuga. Ukuwo kumahachi akange adyiwa zvinenge zvine kuroyiwa mukati.

Mudzimai kumusha aidawo mari yavana netumwe twakangowanda-wanda. Hezvino mari iri kungoiswa mumaoko ake. Anenge ari dununu rakaita sei ringangoregedza mari yakadaro ichitsvedza?

Akazopepuka kubva mukufunga zvese izvi ave kunzwa kamukomana kaye kachiti, "Ndimirire mhinduro here?"

"Enda unoti ndazvinzwa. Ndiri kuuya ikoko kana ndapedza kudya."

Akasara achidya sadza nechimukuyu chiye chine dovi. Chainyatsonaka zvekuti akanga atokanganwa nezvehonye dziya. Akadya zvekutonanzva minwe, kunwira mvura, ndokusimuka onanga kwaMaqanda. Akafamba achifunga pamwe achitaura ega semunhu anopenga achiti: "Maqanda anongonetsa nokuti haasi munhu anovimbika. Zvaanoita zvese zvine ukiribidi mukati. Zvinhu zvaanogara achindikumbira kuti ndimutengesere zvinenge zvapinda muno neutsotsi. Zvekare haabhadhari nikisi. Ndichaguma ndasungwa pasina chandinowana. Ndinotofanira kumbotaura naye zvakasimba."

Aingotaura zvese izvi semunhu asingazivi zvaari kuita. Iyowo mari yaMaqanda yainge ine kamushonga kekukwezva sekenjuga. Akasvika zvakanaka kwaMaqanda nekuti akatowana mudzimai uya aida rubatsiro aripo. Mudzimai uyu aida kuchata naye. Akaseka nechemumoyo achiona tsvina yaainge anayo. Ivo amai vacho vainge vakachena, uye vaine ganda raitsvedzerera zvekuti vaitofanira kuchata nemwana wamambo chaiye. Vapedza kukwazisana nokumbotaura tumwe tunyayawo tusina maturo, Mzamo akazoitanga nyaya achiti, "Tsananguraka tinzwe Maqanda."

"Ndichitsanangura chii zvekare, Mzamo?"

"Ini handisi kunzwisisa nyaya iyi, zvakare handisati ndamboona kwakaitika zvakadaro."

"Taura zvakanaka kana usingadi mari," akadaro Maqanda achifinyamisa kumeso. Akazoenderera mberi achiti, "Ini ndanga ndichifunga kuti ndiri kukubatsira."

"Ha-a, kune munhu angarambe mari iri kungotsvetwa mumaoko?"

"Ndiweka uri kuiramba."

"Ini handisi kuramba. Ndiri kushamiswa nokuti mukadzi akanaka kudai ashaya murume."

Aitaura kudai nekuti mukadzi wacho aiva mubvakure, asinganzwi rurimi rwechivanhu.

"Ati ashaya varume ndiyani?" akabvunza Maqanda akasunga kumeso.

"Saka?"

"Anoda wemunyika muno, Mzamo."

"Nekuti wemunyika muno anei chisina vekwavo?"

"Mzamo, ndakakutaurira kuti anoda kuve mugari wemuno muZimbabwe. Saka murume wekwavo angaita here kuti agove wemuno?"

"Chinomurambidza chii? Ko, moyo unosarudzirwa here?"

"Mutemo haubvume izvozvo. Chako chete kungopika pamberi pevemitemo kuti unoda kuti amai ava vave mudzimai wako. *Finish*!"

"Tobva tanyorerana pasi?"

"Hauonika!"

"Ini ndomupa bepa, iye ondipa mapepa?"

"Hauchinzwaka!"

"Mazana aya," akadaro Mzamo achitambanudza ruoko rwerudyi.

"Unenge wave kuda chimwe chii iwe wangove mari pachayo?" Chiso chaMaqanda chakange chave kutanga kusununguka zvino.

"Ndichadei zvangu?" Mzamo achitaura izvi pfungwa dzake nemoyo wake zvakanga zviri parunako rwemukadzi uya. Akange achisiri musikana. Vakange vatove amai chaivo asi runako rwavo rwaitokwezva ani nani zvake. Mzamo akatanga kurota rudo. Akazviona ave kuriritirwa nekubikirwa twese tunotapira namai ava achifamba-famba kunzvimbo dzese akabatana navo. Akanzwa manyawi.

Amai vaSipane neman'a avo anofamba achinyora nzira dzese dzekwaGodhlwayo vakange vatobuda mupfungwa dzemurume uyu. Sipanewo naBafana namadzihwa avo nemaranga vakange vasimo mune zvairotwa nababa vavo. Amai ava vakange vatomuzvarira zvivhindikiti zvevana zvakafanana navo, uye zvichitaura rurimi rwekune dzimwewo nyika. Akazopepuka ave kunzwa amai vaye vachiti, "*What does he say*, MQ?"

Mhinduro yaMaqanda kwakangove kutarisa Mzamo neziso rine mubvunzo. Akazoenderera mberi oti, "Tauraka murume, usatipedzere nguva. Vakawanda vanhu vanotambura zvekuti vangabatsirika nemari iyi."

Mzamo akatanga zvekare kuverenga zvikwereti zvake nechemumoyo. Ainyatsoziva zvekare kuti amai vaSipane vachapenga kana vakanzwa nyaya iyi. Nemusi weMugovera chaiwo Mzamo ainge atomuka achikwereta mari. Vamwe vakamukweretesa mari akanosiya yese kumahachi pasina chaakawanawo ikoko. Ukuwo paakapedzisira kuonana naamai vaSipane, mudzimai wake, vakanga vachipengawo vachiti kana mari yevana vechikoro ikasasvika kumusha pakupera kwesvondo raitevera, achavaona vauya kuzomunyadzisa kubasa.

"Kapenzi kakadzi kaya," akadaro nechemumoyo. Zvakange zvava pachena kuti mukadzi uyu yaive ngirozi yakatumwa kuzomunyurura mumadhaka.

"Asi wave mbeveve here chikomana?" akabvunza Maqanda.

Mzamo akaita semunhu ari kupepuka kubva mukurota hope dzinonetsa kutsanangura.

"Zvakanaka, vataurire amai ava kuti ndati zvakanaka. Ndichamirira kunzwa zvirongwa zvese kubva kwavari."

Hapana kuzopera mazuva akawanda. Musi womuchato Mzamo akamuka ari munhu anonzwisa tsitsi, ari kurwadziwa nezino. Akanzwirwa tsitsi akapihwa mari yekukwirisa bhazi achida kuenda kwachiremba. Mushure mechinguva akanga ave mubishi rekuzvitsunya, ruviri, rutatu, kuitira kuti ave nechokwadi chaicho kuti zvese izvi zvaitoitika here kana kuti aive ari kurota. Akange akapfeka svutu ine ruvara rwemakore neshangu nemasokisi zvainyatsopindirana nayo. Hembe netayi zvaive nemavara anobwinya, achiwirirana zvekare nesvutu. Ainge akamira akati twi. Kuzotiwo mwenga parutivi apa, hawaizomboda! Kana wakamboona machenero anoita madzimai kana akokwa kumabiko nemutungamiriri wenyika, zvimwe waigona kuzvitsanangura nekuti mwenga uyu ainge akavakunda kuchena vese ava. Paive nezvapupu zviviri.

Zvakataurwa zvitsidzo zvavanochata, vakabvuma vese, ndokuzadzisa nokunyorerana pasi. Pakazopihwa Mzamo tsamba akaipfuudzira kumwenga semunhu ari kuti, "Chengetai tsamba iyi vadzimai. Ndimika munogara makachengeta zvinhu." Mwenga akaigashira tsamba ndokusekerera semunhu ainge asimudzwa akanotsvetwa kudenga chaiko. Mwenga akatarisa vanhu vaivapo neziso rekuba ndokuzviswededza kuna Mzamo akamutsvoda pamuromo. Mzamo akanzwa manyawi. Vakabuda imomo vakambundikirana ndokubva vazararirwa musiwo wemotikari nemumwe wevaperekedzi. Vanhu vakawanda vaizvifambira vakatombomira vachitarisa vaviri ava vaibva kunopikirana kuti vachaparadzaniswa nerufu chete. Kunyange vaimuziva Mzamo vaitomukanganwa pachinguva ichi. Kana amai vaSipane chaivo havaisambomuziva.

Pakangotinhira motikari chete, rufaro rwakapera. Mzamo akaita semwana mudiki amanikidzwa kusvipa siwiti yaive mumuromo make apo yainge yonyanya kutapira. Akaita semunhu azungunuswa akamuka kubva mukurota hope dzinonakidza. Akanzwa inzwi rakamunetsa kubvuma kuti riri kubva pamuromo uya wambomutsvoda, richiti, "*Straight to the flat Rodd for change of clothes.*"

Aika, iye aifunga kuti svutu iyi yatove yake. Inga amai vakaomera wani ava! Kana miromo iya yambenge yakapfavirira ichinyemwerera yange yasungwa zvino. Zvakange zvave pachena kuti amai vaya havachamuoni semunhu. Sezvo chisungo chavo chainge chiri pamari, Mzamo haana kuzvinetsa. Akasvikokumura zvipfeko zviya ndokupfeka zvake zvino zvainhuwa fodya yaaingogaropwititidza. Paakapedza kupfeka akasvikowana mudzimai akamumirira muminyorododo yaive muimba yokutandarira.

Akamuverengera madhora ndokumunyorera bepa rechibvumirano akabva atoonekwa asati ambowana nyange kamukana zvako kekuti akumbire mvura yekunwa. Paakabuda pagedhe, Mzamo akanzwika achiseka achiti, "Muchato usingambodyiwi kana kanyama zvako? Ndanga ndichifunga kuti ndichapiwavo bhodhoro rimwe chete zvaro ndimbopedza nyota."

Ruoko rwake rwerudyi rwakambobata-bata homwe kuti anzwe kuti mapepa arimo. Akange asati ambobata mari yakawanda kudai mumaoko ake panguva imwe chete. Ari mubhazi kuenda kumba kwake akafamba achiverenga zviuru nezviuru zvezvinhu zvaaive achakwanisa kuita nemari iyi. Zvaisanganisa gejo romudzimai wake, amai Sipane, mbesa, kabhodho kekubikisa muriwo kaaingogarochemerwa naamai vevana, pamwe nezvipfeko zvemudzimai nevana vake.

Iye pachake aida bhasikoro, wairosi nesvutu. Akange achipika zvakare kuti haachazofi akatengesa midziyo yakakosha kudaro pamusaka penjuga nemahachi. Akange ava kuzoripa zvikwereti zvese zvetuvanhu twaingogaromunetsa twuchiuya kuzobvunza mari dzatwo kumba kwake. Ainge achida zvekare kutenga mubhedha mutsva nekuti waaiva nawo wakange wave kutsviriridza dzimbo dzisingapere kana ukangogumwa.

Akazorangarira atove kusvika pachivanze kuti aifanira kusunga muromo nemucheka nekuti amai vepamba paaigara vainge vasina kuenda kubasa. Makumbo aya, akambenge achisumudzwa nemanyawi aaipihwa nezvaive muhomwe akatanga kurema nekurwadziwa. Amai vepamba vakati aende kunorara ateerere zvirwadzo, asi Mzamo akati aida kunotenga mapiritsi kuchitoro. Ndiye hoyo!

Rakazodoka Mzamo ave kutosevenzesa mari kutengera madzisahwira doro. Sikisi dzakachaya amira pagedhe rekwanaRozi, musikana wake. Akangobva aratidza musikana kuti nhasi haizivane pairi. Musikana akakokawo madzisahwira ake. VaMzamo vangu vakabva vafamba paushasha nokuti zvokuonererwa vaizvifarirawo. Amai Sipane vaitenge vatsvetwa kure nenhamo dzavo. Wairosi nebhasikoro zvaida kutengwa zvainge zvakanganikwa. Akazomuka mangwana acho asara nezana rimwe chete. Akazvipira kuti aifanira kudzora mari yake yese nekutamba njuga manheru iwayo. Mzamo akadyiwa kunge zvine mashura mukati. Akatozoguma akumura shangu nemasokisi. Akatemwa nemusoro kusvikira kwaedza. Aisatendeseka kuti mazana mashanu ese emadhora aimbenge ari

mumaoko ake ainge apera sokuseka. Akademba kuti dai akange atenga mapiritsi zvawo chete mari isati yapera aidaro ave kumedza kuti apedze marwadzo.

Pfungwa dzakamunetsa akazomuka ave nezano. "Ya-a, mai vaya ishoroma pachayo. Mumba mavo makazara minyorododo nezvinobwinya badzi. Ndichatoendako ndonoti, "Vadzimai, musakanganwe kuti tine muchatoka. Zviri pamutemo kuti ndiri murume wenyu. Ndine kodzero yekutogara pano nemi. Kana musingade izvozvo, mochindipa rimwe zana remadhora. Anonozvireva kunani?"

Mzamo akayeva kupinza kwepfungwa dzake idzo dzainge dzamutsotsonyera zai rakanaka kudai. "Nyange vanaMaqanda chaivo tingangoenderana. Ndine zano rakapinza kudai, hapana kana chikonzero chokuzvinetsa nekumukira kubasa. Ini ndakatozviwanira mukadzi wangu wandichakama ndichinwa mukaka semombe. Ndichatodya mukaka wakakora, kukwesha mukanwa noruomba chaiko." Akazoronga kuendako mushure mesvondo rimwe chete.

Kuzoti zuva raainge aronga rasvika Mzamo akaenda kumba kwemudzimai ndokushaya munhu. Vavakidzani vakamutaurira kuti vainge vambofamba-famba. Akazvipira kumirira kusvikira vauya. Mushure menguva yakati kuti mukadzi akasvika ari mumotikari yaibwinya, yakabva mhiri kwemakungwa. Yaive ichichairwa na...aika, inga munyarikani, vanhingirikini. Baba ava vaizivikanwa, uye vaityiwa zvekuti Mzamo akatozviona kuti hazvaimboita kuti aswedere pedyo. Vaitaura vaiti angopinda mumunda wavainge varima aibatwa, orasirwa kure semarara, kana kutoedzerwa ava kutochemwa. Ivo vaingosara vari vamunyarikani. Akanyahwaira achidzokera kumba kwake. Asi akange azvipira kutsvaga mari kuna amai ava. Akazofunga kuti avanyorere tsamba.

Paakaverenga tsamba, mudzimai akambofinyamisa kumeso ndokuzosekerera pava paya. Akazopindura Mzamo kuti asvike kumba kwake manheru iwayo. Aizomuperekedza kumba kwake mangwanani anotevera nemotikari. Mzamo akafara. Chimwe chinhu chaimupa kugadzikana chaive chekuti ainge ave nemukana wokumora uchi hweshoroma iyi. Akaona sekuti nguva dzaive dzonanaira.

Paakapedza basa akageza akachena nepese paaigona napo. Akazvitarisa achisekerera nepfungwa yekuti aive nemhanza huru chaiyo. Shasha yaive mubishi ichiridza kamuridzo kedhadha rairota kushambira pasina mvura. Hari dzake hadzina kana kutomboravira moto musi uyu nekuti aiziva kuti achanodya twese twunonaka kumudzimai wake. Akazoendako, kufamba tsoka dzichinge dzinoteta kutsika pasi nemufaro.

Mukova wakazarurwa pakarepo paakangogogodza. Munhu akamuzarurira ainge mumwe wezvapupu zvemukadzi musi wemuchato. Mutsauko wakangove pakuti waakange akatarisana naye aive akasunga uso. Aive shumba ina meso matsvuku kunge munhu aputa mbanje. Shumba yacho yakatowedzera kusunga chiso chayo ikamutarisa neziso raipfuta moto. Mudzimai ainge akagara pachigaro, akapfeka zvaiyevedza zvekurara nazvo. Mberi kwake kwaive nendiro yaive nemagirepisi akaomeswa akasanganiswa nenzungu. Aingononga-nonga rumwe rumwe achikandira mumukanwa achitsenga semunhu ane nungo.

Mzamo akaongorora kubva paudiki hwake akaona kuti haana kutombofanira kuve panzvimbo apa. Mudzimai haana kupedza nguva. Akatanga kubvunza nerurimi rwake rwuya kuti Mzamo akange ati kudii mutsamba yake.

Mzamo akatarisa shumba iyi yaingotenderera yakaisa maoko muhomwe yakamirira chete kutaurirwa kuti imuurukire imubande-bande. Mukadzi achiona kudedera kwaMzamo akasekerera ndokudzokorora mubvunzo.

Mzamo akashama akakakama, ruviri, rutatu. Akadzvondora meso ave kuona mukadzi abudisa pfuti muhembe dzake. Akadedera mukadzi achingosekerera. Mzamo akanzwa mumakumbo ebhurugwa mave kupisa kuri kukonewa kusunga mvura yainge yave kungozvibudira, kuerera zvayo. Mabvi akange angove kugwagwadza. Mudzimai akataura nerurimi rwokwake kushumba achiti abise tsvina yaive mberi kwake. Akamutaurira kuti anyangarike nokuti akange asingafariri kudeura ropa. Mzamo akangosudurukira kure nenhendeshure. Musuwo waive waita kure.

Shumba yakaomba, "Uri kuzvinzwa iwe imbwa. *Out*!" Akazoperekedzwa neshangu kumashure.

Akamhanya kusvika asisaone kwaainge abva. Aifunga kuti achangoerekana adonha arohwa nebara. Akasvika kumba achifemera pamusoro semunhu ainge aidzingirirwa nezvidhoma. Akapfiga mukova akakiya nekuutsigira nezvigaro, mabhokisi nezvimwe zvairemerera. Aifunga kuti shumba ingamuronde ikazopaza musuwo ikamubanda. Kumashure mukadzi neshumba vakasara vachirova chikwe-e. Mukadzi akazoudza mumwe wake kuti pakanga pasina zviripo. Waingove mweya waifema chete. Kamunhu kaivhunduka nhando. Chete deno vemutemo vaizvinzwa vaitomuka vachimudzorera kunyika kwake akatonosvika achipinda mujere. Mhosva haioreka. Kuti kamunhu aka kaizodzoka?

"Kana, hakasati kada kudyiwa nehonye," mumwe wake akapindura.

Mangwana acho waive Mugovera wevhiki rake. Kuna Mzamo vhiki rake raireva apo aipedza svondo akazorora. Izvi zvaingoitika kamwe chete pamwedzi. Zvaakange akatoronga mupfungwa dzake kuti aizopedza nguva yake yekuzorora achinyatsojairana nemudzimai wake mutsva zvakange zvakona. Akazorara pfungwa dziri kuna amai Sipane. Akaonazve zvakakosha kuti ambonopira midzimu kumusha nokupunyuka rufu kwaainge aita. Akamuka kuchakati svii, mabhazi a*6.00 o'clock* akamuwana anguri agara pachiteshi chikuru.

Amai Sipane vakakatyamara vachiona murume wavo achisvika panguva yavaive vasingafungiri. Vakafara vakatsvaga zvimukuyu zvaigara zvakachengeterwa musi unenge wasvika vaenzi. Pavaingunotaura mukadzi aive mushishi kukanda nyama mumoto.

"Ha-a, yenyu nyama yakanaka vadzimai. Yangu iya yamakandiputirira yakasvikoora, kuzara honye."

"A, asi ndakange ndaisa munyu chaizvo."

"Honye ihonye, amai mwana."

"Asi yakanga isina kunyatsoomaka, baba?"

"Zvandiri kutaurazve kuti honye ihonye. Nyange munhu ingamudya ikamupedza achifamba." Aitaura achiona honye yemukadzi ichimunyenamira, shumba ichiwomba. Akazvinzwa achipindwa nechando ropa ndokuita seragwamba. "Honye

dzinozunzirwa pasi, dzotswanywa. Ko, honye yemukadzi inoitwei? Mapurisa? Ko, zvino zvaakatodya mazana mashanu emadhora. Ndiye angangosungwaka? Saka naiyewo ihonyeka?" Akadzungudza musoro, amai vaSipane vari mushishi kuita nyaya nemurume wavo.

Akadzungudza musoro seaida kuzunza zvipuka kuti zvisiyane naye. Akatarisa mudzimai wake aingove achitaura ega. Aive mudzimai wake here uyu? Chokwadi? Iye murume? Anonzi murume chii? Hausiwo musoro wemusha? Amai mwana vangati kudii kana vakanzwa kuti abuda achitiza munhukadzi? Iye mukadzi waakatiza aingovewo kamukadzi zvako sezvo naiyewo aingove kamurumewo. Murume anofanira kumira pachokwadi kuve munhu anovimbika. Saka baba vaSipane vakanga vakamira papi? Mzamo akazopepuka ave kunzwa mudzimai wake achitaura nezwi rekunetseka, "Asi muri kurwara here baba zvamunongondinyararira ndichingokubvunzai?" Akasimudza musoro zvishoma akaseka, asi asingaseki.

"Kwete, amai mwana. Ndanga ndichifunga nyaya yemumwe murume wandinoshanda naye. Akanditaurira imwe nyaya yakaoma. Akati iye akange aroorwa nemumwe mukadzi wekune imwe nyika akamutenga nemari kuti mukadzi wacho agove nekodzero yokugara muno muZimbabwe."

"Ha-a, handinzwisisi nyaya yenyu iyi. Mati zvakafamba sei?"

"Murume uyu anoti...," akarondedzera mudzimai wake nyaya yese achisiirira zvishomashoma zvisina kukosha.

"Handisati ndambonzwa zvakadaro baba vemwana. Asi murume chaiye pakadaro angaenda kumapurisa akanobudisa mhosva yake pachena."

"Anobva asungwawoka."

"Hazvina mhosva izvozvo, baba. Chokwadi chinosunungura munhu. Munhu anofira muchokwadi anoyemurwa, uye vanhu vanokurumidza kukanganwa zvakashata zvaakamboita."

"Kuti kudaro? Ko, mhuri yake yosara ichidyei kana aenda kujeri?"

"Baba, ini ndinoona sekuti mukadzi uyu achakonzera kusagarisana mumba zvakanaka nekunetseka mupfungwa kana akasabuda pachena. Mhosva inodya munhu akasara angove rutsanga chairwo."

"Icho ichokwadi amai mwana. Vanhu vakadaro ndedzimwe honye muupenyu."

"Honye chaidzo, baba. Mhosva haiorika. Vanoziva vanoti hakuna mbavha inopunyuka misi yese nyange ichifunga kuti ine uchenjeri hwekumabvazuva. Gone ana gone wakewo."

"Anoziva sei kuti mukadzi uyu haasi kuzomuuraya achitya kuti achataura? Zviri nani kuti ataurire mapurisa pamwe angatodzivirira upenyu hwake."

"Kudaro nhai? Ndichatosvikoenda kwaari mangwana chaiye kunomuyambira." Kudya kwainge kwatopera kugadzirwa. Baba vaSipane vakadya vakasununguka.

Akadzungudza musoro zvakare sezvinonzi aiedza kuzunza zvipuka zviya kuti zvibve paari. Akatarisa mudzimai wake uyo akange achiri kutaura. Mudzimai wake uyu? Chokwadi? Iye aive murume wake pakudii chaizvo?

10

Hundi kwandiri

Peldah Hove

"MWANA uyu haana tete mudhorobha muno. Haana ambuya kana mukoma. Tete vake ndevamwe bedzi, Zvondiwe, hanzvadzi yangu yakaroorwa kuZambia uko. Saka unonditaurira kuti Tambu aironga here matakanana aya nemunhu ari Zambia uko? Ndiye akamurongedzera nokumubudisa muno mumba nhai? Iwe hauoni wega kuti hazvigoni? Zvakare, mwana wangu mudiki chaizvo. *Fifteen years!* Haaigona kuita matakanana akadai ari ega. Zvekare, *fifteen years* haina chiveso. Imba rudzii ingamiswa naTambu?"

Murume akanzwika kufema sedhonza mujoki. Ziso raive radzvuturwa, iro riri rino rasha rinobhebha. "Ndiwe, bedzi! Zvino kana uri iwe, nhasi pano uchapfidza. Uchaidzidza yakavharwa bhuku yokutonhodzwa kwendyirendyire. Hwese undyire uchahuti ptu-u iye nhasi pano, ndikutaurire. Naamai Zariro kudai! Unofa bedzi iwe! Futi..." Murume akabva akaringwa nemate ndokumbokosora ndiye tuzuzu. Akabva angoti maziso dhe pamukadzi seaida mhinduro yezvaaive ataura. Mudzimai akandandama uku achirova gusvi seanotaudza mukuwasha.

"Nhai Museyamwa, ini ndokubva ndafurira mwana weura hwangu kupata here? Ko, inga ini ndakadyirwawo yechimanda wani? Pane asingadi guhu rakanakawo here? Ndingati mwana arure aine mukaka pamhuno kuti zvigondipei? Vavariro yangu nemi ndiyo vhangeri

yangu kuvana nguri nemisi. Zvino ndini zvekare ndingazorunzira Tambu unzenza? Kungoti yagara haisii amai." Misodzi yaNetsai, amai vaTambu, yakamokoteka. Izvi zvakatosembura Gwisai, baba vaTambu, uyo aive akamira akapima sehando. Iyi ndiyo yaaiti misodzi yegarwe.

"Pfiku tipfiku, mokoto mokoto, zvinyairadovi zvemahara bedzi. Kutofarira kuti wakapfura yafa. Zvino iyi haina kufa, kana kuedzesera zvako? Usanditambire bhaisikopo romuroyi anochema chaakasvatura. Ndati nyaya yaTambu imhenyu, uye panhau iyoyi muripo wembwa musoro wayo. Ukaona paunochema seizvi pamahumbwe, ndikutaurire. Kana tave ipo chaipo tichaita nepamwe. Fanoyema zvako. Ko, tati tadii? Kuchiri kuseni." Murume akafuratira ndiye nyengu muchimbuzi. Akazobuda ndiye pasofa muimba yokutandarira zete. "Netsai!"

"Baba!"

"Usanditi baba, mhutse inazvo. Amai vako vane murume akaita seni zvaunonditi pwapwa?" Netsai akashaya pazvo ndokusvikochonjomara pachigaro chakanangana nechababa vaTambu. Achingoti gare pasi rume rikati ratangisa.

"Heya ndinoti ndigere nomukadzi mumba izvo ndigere nenyoka? Chirakapiti! Mhungu! Ndigere nenyasire yemhombwe, muroyi anoroya rakacheka nyika. Heya ndizvo zvauri iwe Netsai?" Hapana akadavira. "Ndozvauri nhai?" Mukadzi akaramba akatsinatira. "Ndakagara ndaona kushaya nyaya nemamwe madzimai, amai huru huru fanika iwe *so*! Zera rako kuswerorova chikuwe nepwere, nevana vako vawakazvara, shiye zvadzo? Tikati rudozve. Kana iyeni wakambofa wakandirezva sezvawange uchiita Tambu wako uyu? Ko, uchitamburirei nedahunha zvaro? Asi Tambu? Rudo rudzii rwokubva rwamedza mwana zenze kudaro? Ko, zvino nhasi ndezvipiko? Dzikazenge dzaita mupuruvuru wani? Ndinoseka ini." Kwaisava kuseka bodo, asi kudzvova shungu.

"Ndakazviziva bedzi kuti zvaizoipa mberi tikaseka. Hezvika. Ini ndaive ndisina rudo nevana sezvo ndaivirirwa kubhawa zvangu, imimi vananyakutumbura muchiruka manera. Kuronga dhende rokusiisa mwana chikoro achitsvaga varume? Kuputsa tarisiro yangu pamwana wandakabereka nengari yokuti muromo wako iwe Netsai

unoda kupfudura twunonaka. Irwo ruromo rwako urwu rwunenge shure kweimbwa zvere." Gwisai akapfeza akatendeka muromo waNetsai. Dai waive pedyo akaumonya nokuundonya-ndonya. Ipapa ndipo pakatanga izwi kuenda mudenga.

"Ini kukusha mari yangu *for nothing* kubvira *grade 1* dakara nhasi fomu 4? Pese apa kufira kuti Tambu agoita kosi yevarume bedzi? Yeku... Ko, akadii kupata mu*grade 7*? Ndingadai ndisina kudira mari yedikita rangu mudziva mhani. Maiwe! Baba vangu Shava imi! Hei! Hei! Hei! Ko, chiiko ichi chaunondiitira Netsai muno mumba mangu?" Murume akarova chigaro zvokuti dai aive munhu, hameno.

Nyoka dzaNetsai dzakagwamba. Chokushama akachishaya. Kana misodzi iya yakamedzwa nemboni. Hana bedzi ndiyo yaive yava zavirira. Hapana chaaive achanzvenga. Kana yadai bedzi yaitodya nyakusunda akanya ndove akasiya nhiyo muura. Ko, aigozvidii akangozvarwa zviripo? Chiro chimwe chete chaimurwadza ndechokuti dai aive nechaaiziva panhau yaTambu zvainge nani. Dai paive nerimwe remazuva raakamboita chifungidziro. Bva, zvese izvi zvaigorevei? Zvichiyamurei? Vakadzi rudzi rwakatukwa. Iyi ndiyo pfungwa yakapotsa kudurura misodzi yake zvakare ndokubva yanyangarika apo Gwisai akarusimudzira.

"Iwe unei chinokurwadza? Chirei zvacho chakaroverera kututirwa chakamira! Dai waive iwe waishanda mari yairipira Tambu chikoro, nhasi usiri mumuti wakati rezu iwe? Zvino mari yacho kwainobva haukuzivi. Unongonzwa tichiti tinobva kunohora wobva wafunga kuti zvipo zvatinonopiwa pachena? Hauzivi kuti muripo wedikita ratinonuna setakasasikwa, tichifa nebasa kunge tichaita mafindifuwa nemafiramberi. Iwe wotoona zvako sokuti mari yakaita nyore kutukura senhaka yomushana inobva kuna Nyadenga." Netsai akabva ahetsura ndokukosora kwechinguva.

"Pfutseki, usakosora wakatunira ruromo ruzere inda dzemakunguwo." Netsai akapfumbira muromo nedhirezi ndokuzopedzisa kukosora atsinatira. "Ndange ndichitaura nezvemari yangu. Mari yangu yese yandakaparadza parupfambi rwako, Tambu. Ndinoida yese pano! Kana pasina mari iyoyo, ndinoda Tambu pano! Woona kuti pazvinhu zviviri izvi zvinoti mari kana Tambu, chowondipa chii. Ipo pano. Izvozvi." Netsai akashaya davidzo. Ko,

aigove nechii pane zvaidiwa? "Kana washaya zvese, kana kuti, regera nditi kana usingadi kuita zvandareva, iwe wotora twako twese, woziva kudumba rababa naamai. Asi usati waenda ndichambotanga ndakupinza katekasi yeupenyu. Ndava handingaregi pfambi ichiredzva muswe mumba mangu. Ndichada kuudimura muswe wacho usati waenda ugozomera mumwe mutsva kumberi." Gwisai akabvisa bhachi ndiye kwakadaro tsve. Akapeta maoko ehembe kusvika pamagokora.

Meso aNetsai akazara kutya ndokutanga kundeya nemba yese sembeva yadzimirwa mwezha wayo. Gwisai akati nyadzu ndiye musuo dwa, kiyi ndiye ngede. Apa pamahwindo paive nesimbi dziye dzokudzivirira mbavha. Netsai akatotesa chigaro asati ambogumiwa. Paakaona Gwisai obva mubhedhuru nemboma hana yake yakabva yamuudza kuti raaive adya ndiroro.

"Pamwe izvozvi uri kutondiyeva ndichikumira isiri yangu. Zvichida Tambu wacho haasi wangu futi. Vana vazhinji vematangwe vagara ndevokumwisidzirwa. Aigofuza ani? Kwedu hakuna zvipunira. Haasi wangu Tambu, uye ndipo panobva chikuriri ipapo. Ko, iye aigozoita murungudunhu sei ini ndiri tsito? Seiko? Kwedu hakuna masope mheni. Futi vese kani – makudo ese ari matanhatu awakaronza pano handimazivi. Dai vari vangu havaitevedza mutemo waamai mheni. Kwete kundiita fanika ndini mudzimai waNetsai pano. Chibuda muno nemagora ako ese arere mumba mangu muchinopedzerana nababa vevana uye mugochiroodza Tambu wenyuyo. Puma, komani!"

Mboma yakarira kamwe yakatanda musana waNetsai. Yakapinda, mai vangu tikazhavazhira. Zvavaigaronzwa nemamwe madzimai kukirabhu maererano nokuroorwa kwavanasikana nenzira yokutizira nhasi zvaive zvavafunyira chisero muzvanza. Vozviudza ani? "Ndati chibuda uende kuna baba vaTambu. Netsai, haunzwi here? Nditaure nendimi ipi? Chirungu haunzwi. Kuda izvi ndizvo zvinoda bhobhojani." Yakarira imwe mboma pari zvino ichidhonza kubva mumusoro dakara chikondomwise.

Netsai akanzwa nzeve kuunga. Akapatika akangoti, "Nhai Museyamwa, makore ose ti..." Akavharwa neimwe yakamonera dumbu nomusana.

"Makore mangani echiiko? Pfutseki, hure! Pwapwore-pwapwore? Eupfambi? Ekundibatira musaga sekiti? Ekudya mari yangu? Ekundizodza bhata kumeso? Inga waiti wapawanikidza pane mari yakabatwa nechaChikumi. Manje usafunga kuti ini ndinodhaiwa pfungwa nezvimipfuhwira zvambuya vako, VaDhonoro, ini. Uno he-e? Uno... Unon... Ndati u... chikerema chomunhu."

"Maiwe-e! Yowee kani! Museyamwa reg..."

"Rupfambi rwemakoko, chipemhemhe chechimbwa. Rema raka..." Rume rakazamurira kunge mukwasha paruware rwaambuya.

"Ndofawo vanhuwe-e!" Netsai ropa raive rochurururuka, muromo kuitwa dembe. Aive zvino ongovovora akatsinatira magaro nomusana zvikati zvoiripa mhosva yaTambu. Uku kumagaro pamwe mboma yaibva yadzatura, asi hazvina akanzwira tsitsi. Waingonzwa bedzi kuomba.

"Ndati Tambu ari kupi? A-a-a-ri-piko? He-e? Uchataura bedzi."

"Ndofawo murume wangu!" Inzwi raamai Tambu rakanzwika kudedera.

"Ifa! Tambu ari kupi? Ndiudze chete izvozvo tigoona mamwe maitiro."

"Handi..."

"Zvino haunzwi, ndozvinondizvimbira nehashaka izvo. Chivindi chenhema. Manje uchachifira." Rume rakazamurira.

"Yo-we-e! Ndofawo he...ere? Va...ana va...ngu!"

VaNetsai ndiye nemuromo nyondo, fatata mukati meguvi reropa. Dai yaive mbudzi musiya wacho waitokwana mhuri yapaguru.

Gwisai akafemekedza, kunge ave kutya, kunge asine hanya, kunge agarwa nechakati tende. Mboma yakanzi mubhedhuru tsve, rume ndokutanga kufamba richizvikwenya-kwenya musoro souya anofunga mhinduro muzamanishoni. Rakauya ndiye pasofa zete, mapapu ndokumboda kurovana. Rakabva ratanga zimuridzo rokupa hana rudekaro rwusipo.

"Kupa Tambu varume iwe? Kubva wateurisa mwana muto asvika, shuwa? Tambu kukava chingwa, kukava nyasha dzangu nemakumbo. Vagoni zvavo. Kangani ndichikuudza kuti regera basa rekutengera mwana uyu ma*T-shirt*; ma*palazo*; ma*track suit;* ma*viscose,* kangani?

Make up, hi-i! *Pocket money*, zana remadhora, zvanzi mwana anotenga ma*stay free*. Chii ichocho? Kupa mwana mari yama*picnic* nemarovha emuno muGweru, nhasi hezvika! Muchineripi? Zvino njumba zvayo yakatungirwa maziso sewe*so*, haunzwisisi. Dai wakajekesawo pfungwa semamwe madzimai anosevenza, hauzaita sechembere yedhongi kudai. Dhongi nani, rinotoenda kuchigayo..."

Rume rakataura siku nesikati. Nemadziro emba asine ndava akatinhidzwa atinhidzwazve. Ziya rakateuka serehurudza iri kupaza churu. Bva, aigozvinzwa zvese izvi ndiani? Netsai, amai vaTambu, raive rave zvaro shavi. Vairova ngonono dzisiri dzehope ari marwadzo. Pavakazoti pepedzuku vakaboidzika-boidzika kunge murwere wetsviyo, muviri uri zviveve chete. Hongu, inzwi vairinzwa kuti kuri kutaurwa, asika, zvaitaurwa zvacho pfungwa dzainge dzasiya.

Nokuenda kweusiku pfungwa dzaamai ava dzakazotondera bopoto raive raitika mumba mavo pamusoro pedangwe ravo Tambu, uyo aive anyangarika pamba apo aive ari pazororo rezvikoro. Apa ndipo pavakatanga kunzwa kuti aitaura ndiGwisai, baba vaTambu, murume wavo. Vakabva vatangisa kutevera rungano rwaive pamuromo paGwisai. Zvaive zvakaoma.

"Zuva nezuva ndichisvika pano pamba kubva kubasa, ndichada kuona Tambu pano. Kana achinge asipo, amai vacho vachachekwa nemboma zuva nezuva dakara vaenda kunomutora kwavakamuisa. Kana amai vacho zvichinge zvavasvota vachaenda kumapurisa vondomhan'ara ndigozoona ane imba inotongwa nepurisa. Purisa iroro ndinobva ndaziva kuti ndivo baba vaTambu nemakudo ose ari pano. Naizvozvo, kana Tambu asina kudzoka, ishamhu bedzi, muromo ndowokudya sadza, hauna zvaunogadzirisa. Rukisheni rwese rwuchazara kubowa komumwe munhu chete, uye muchaziva kuti vabereki vangu vachindipa romudumba, Gwisai, vaive vandionei. Zvenyu zvomusarinya zvokutonditi Museyamwa, Museyamwa waani? Wechii? Ndinonzi Gwisai, Gwisai Tichagwanavo ini. Naizvozvo, zivai kuti handitapiriswi ne*jam* sefendefa rechingwa ini. Bhobhojani dzevanhu, muchafira kudya sembuwo, muchazviona." Nemanzwi aya rume rakati korokocho gonhi, panze dhu-u, kwaendwa ndokwakaendwa. Kwaigove kupi iyo hweva yatobuda?

Netsai akaramba akatsivarara dakara hope dzimube,. mekare muropa raive zvino ratogwamba. Ainzwika kurova ngonono dzoutenda. Paakamuka akazvishingisa ndokuzvionga achiedza kuitawo imba yake chakafukidza.

Svondo mbiri dzakatevera Gwisai haana kutsika pamba. Svondo yetatu Netsai akanzwa muridzo muimba yedandaro hana ndokutibvura kunge achadonhedza zvimuriwo izvo aive abva kunotenga pamusika. Achadzira-dzira pamusuo akanzwa mushure make kuti, "Gogogoi!" Akacheuka achinge ari kuvhazukira.

"Titambire babamukuru," akadaro Netsai achidziura kuti vatungamire ivo mumba iye agozotevera mushure.

"Manheru Babamukuru."

"Manheru amainini."

"Maswera here Museyamwa?"

"Taswera mukweguru kana maswerawo?"

"Taswera hedu."

"Kuzenge makabviribvindika kudai asi ndiyo *flu* yasukutawo amaiguru venyu kumba uko? Vadida kukiriniki vaneta."

"Ndiyo babamukuru. Dzihwa ranhaka rakaipira kutemesa musoro. Ini iye nhasi ndiko kutanga kupepereka." Ko, aigotii zvake, mwana wevaridzi? Vakamboti ziro ava babamukuru ndokuzoti, "Ko, baba vaTambu ndingavaonewo?"

"Vari muimba yedandaro Museyamwa, pindai zvenyu neapa. Gugudzai."

Mandeya, mukoma waGwisai, ari mwana wekwababamukuru, akagashirwa norufaro vaviri ava ndokumbotaura zvimwe vasati vapinda munyaya. Mandeya akapira zvaive zvamusimudza zvikara ndokudzeya nyaya. Mazwi zvino yakange yangove ha-a yemadhadha anorwa. Netsai zvakamunetsa kuti chaive chii chaiitwa zvekuzevezeranwa. Munhu aive asingadikwe kuti anzwe chiro ndiyeka? Chiri chii chacho? Nhau yaTambu here? Yekurohwa kwake here? Kurambwa here? Yekwaive kogara Gwisai here? Zvakamunetsa. Paakanotsveta sadza nhaurwa yakabva yagurwa sevaya vabatwa miromo nemagetsi, uku ziso raGwisai richimusairira panze. Pavakapedza kudya Gwisai naMandeya vakabuda vese, Gwisai ndiye kwakaenda

imbwa ndiko kwakaenda tsuro. Akazodzoka kuseni. Netsai akafara kuti aive arara asina anomuponda, asi ndokusvotwa kufungidzira kuti aive arara kupi, uye naani? Izvi zvakaita mwoyo wake tsubvu chaidzo.

Manheru omusi wekare Netsai akanzwazve zvonzi, "Gogogoi!" Inzwi akabva ariziva. Paakakanda ziso akabva aona rundaza rwevanhu. Paive naGwisai, Mandeya, Tinei munin'ina waGwisai hwanamai, Mafios muzukuru waGwisai akazvarwa nehanzvadzi yake isati yaroorwa Zambia, Robbie sahwira waGwisai, Titos shamwari yaGwisai yapabasa, uye chimwe chiso chairatidza kuve chitsva kuna Netsai. Gwisai akavatungamirira kuenda kumba yedandaro. Netsai akasvikopfugama ndokumhorosa vese. Kunyange zvake asina icho akasumwa, Netsai akazviona kuti paive nenyaya. Chaakatadza kuziva kuti yaani? Yechii? Akadyika mwoyo. Hapana chinorwadza somudongodongo wokuda kuziva chiro chaunovanzirwa.

Dare iri raive richimboti mazwi kwiridzei, rombotsiurana robva romboti vhanana. Izvi zvakaita kuti Netsai ambosendeka kapoto kaipwatika nemuriwo. Hongu, akanhonga pakewo, kubva mumuromo waiye Gwisai pachake, "Ndinoda mari yechikoro kutanga. *Three thousand dollars*! Ndoda mari ye*under age* nokuti zera remwana idiki. Chokwadi maita kubhinya apa, saka bhadharai tozotaurirana zveroora. Kana pasina izvozvo woenda hako Sinyoro wonotaurira vanhu vako kuti hanzi tonosangana mberi." Hana yaNetsai yakarova. Tambu kutizira? Kurehwa? Ko, iye kusaudzwa? Aive agotizira kupiko? Ura hwakadzvova manyongorosi. Kuroorwa kwemwanasikana kune garudzo rinenge rokufirwa kuna amai. Netsai akangobvonyongedza sadza ndokunotsveta. Apa ndipo paakaona mabhanduro emari yemapepa yematwendi dhora bedzi. Aive pachitafura chetii. Aive matanhatu. Netsai akanzwa Gwisai achiti, "Ndisvitsei ndinotsveta ndozopira nyakugomera." Paakabva mubhedhuru akabuda nevaenzi ndokubva vaenda zvachose. Pfimbi yainzi yasiiwa dai yaivemo zvainge nani. Netsai akakudubura-kudubura pese pavaisimboisa mari misi miuya dakara aneta akaenda kunorara.

Gwisai akaendera zvachose nevaeni vaye dakara dzimwe svondo mbiri bha-a. Chaaidya, chaaipfeka, aimuriritira zvaizivikanwa naiye chete. Netsai akachema akayaura, akapfugama pamuteuro mabvi akabvuma. Shaya dzakaputana seuya akarudzwa nerufu rwemurume

ganda reuso rikaita sorouya aizora mafuta okusandura ganda akazomashaya. Gadzi rakazunzika, kukoromoka, kusvepuka kunge mutenda wemukondombera. Dai vekumusha kwaNetsai vaive vedzinza rengozi vaimudaidzirwa negasho.

Manheru akadzoka Gwisai pamba akabva angouya nedungwe rake rezuva raapedzisira kuuya pamba. Chakazovhundutsa Netsai imotikari yakazouira mushure ndokusvikomira pachivanze. Mairi makaburuka vakadzi vaviri, mumwe mucheche, mumwe ati kurei, ndokuzoti mutekenyi wayo wechidiki noumwe mutana airatidza kutsvinda komudhorobha. Vana ava vakadarika nomukicheni maive naiye Netsai, ava varume vachirova gusvi vakananga kuimba yedandaro. Netsai paakabira ziso, misodzi ndiye mokoto. Ko, mucheche uye zvaaive Tambu, dangwe roura hwake. Ko, chaive chii chaizvo? Kuti pavarume vaye mumwe ndiye aive atora Tambu? Upi wacho? Mucheche? Mutana upi wacho? Veduwe-e kupona kunorwadza, Netsai akanyeta-nyeta akadzungaira nekicheni yese kunge mucheche apiswa nomuteuro. Heya ndiko kuroorwa kunoitwa vana vevamwe uku? Ko, nyangwe iri dhemeji, amai vasingazivi? Bundu reshungu rakakwatisa mwoyo waNetsai.

Umu muimba yedandaro nyaya yakatambwa. Netsai aingonhongawo rino neiro ari make mukicheni. Zvisungo zvakasungwa. Netsai haana kudya kwaakaendesa. Aingoita manomano okunonoka achizeza kutsveruka pavakuwasha vaasina kusumwa. Akanzwa dare rave kuparara. Semisi yose Gwisai akavaperekedza. Pamba pakasara Tambu naTariro murume wake, tete Neriya hanzvadzi yaTariro nababamudiki vaTariro, VaJasi. Tambu akavaitira kudya ndokuzovapa pekurara. Remangwana Tete Neriya naBaba Jasi vakaenda nebhazi vosiya Tambu naTariro pavatezvara, kumusha uvato hwainetsa.

Pamazuva mana akasara Tambu naTariro uyu Tariro aiswera zvake kutaundishipi achinzvenga ambuya achida kupa Tambu mukana wokukurukura naamai vake. Asi chakashamisa Tariro kusaona tezvara pamba. Haana kugona kubvunza Tambu achiti pamwe angazviita mukwasha akachenjeresa.

Panguva iyi ndipo pakazoziva Netsai kuti Tambu aive aroorwa naDhokotera Tariro Mangisi ari mugari nomushandi wemuHarare. Tambu aive nenhumbu yemwedzi mishanu, uye aine tarisiro yokudzokera kuchikoro shure kokubatsirwa. Tambu aive abvisirwa pari zvino zviuru zvisere zvemadhora. Kwakange kwasara zviuru zviviri zvemadhora, zvipfeko, danga mombe sere nembudzi mbiri dzemasungiro. Netsai haana kuzvibvuma. Zviuru zvisere? Ko, zvaigove kupi? Ko, chake iye Netsai chaive chii pana Tambu? Kubva atadza nokuudzwa shoko bedzi? Ko, nhasi Tambu ainge ava mwana waani? Kana nhumbu yaive naTambu yaive yashaya muriritiri ndipo paaizove Tambu waNetsai? Izvi zvakadya Netsai mwoyo.

Zuva rakadzokera Tambu, Netsai akaita nguva refu achitaura naye akamubata chanza. "Hazvinei mwanangu Tambu, Musiki ndiye anoziva. Ini ndaive ndaurawa pamusaka pako, mavanga ese wakazvionera. Zvino nhasi nokuti waroorwa pane uchi hausisiri wangu." Netsai akamboti ziro ndokuzoti nenzwi rinenge munhu anodeketera mudzimu wake, "Hazvina mhosva Gwisai, tichaona magumo azvo rikasava dzerewende. Nhasi kwauri muchechetere. Tsanga kunewe, changu hundi. Asi ziva kuti pandicharara pachabaka chimoto." Netsai akadonhesa misodzi.

Tambu akapakaidza amai vake zana remadhora ndokubva afuratira misodzi iyi. Akakurumidza kumedza yakewo apo aive ofamba akananga kumotikari yavo kwaive naTariro. Tariro aisafanira kuziva izvi. Zvaifumura, asi zvairwadza. Zvakave chidzidzo kuna Tambu kuti haaizofa akarasa amai vake. Zvimwe kwaaiendawo aizonosangana nazvowo. Pamwe ndiyo yaive nzira yevakadzi. Rushambwa rwamadzimai rwokuunga hundi varume vachidoda tsanga. Kwaizove riini Zame paaizozviitawo nomumwe mutoo?

11

Kufundisa mwana

Emma Chitehwe

PAIVE nekukakavadzana mumba memumwe murume anonzi Muchineripi nomudzimai wake Yeukai apo zvikoro zvainge zvoda kuvhurwa. Murume uyu aigara mumusha weMatumbu munyika yaShe Seke. Akabereka vana vashanu nemudzimai wake. Vose vainge vari vakomana.

VaMuchineripi vaishanda kumaindasitiri ekwaSeke. Vaishanda basa repasipasi vachiwana muhoro wakadererawo zvakare sezvo vainge vasina kudzidza. VaYeukai vaive mudzimai akasimba aishanda basa zvikuru pamusha. Vaiti kurima, kukuya dovi vachitengesa, pamwe nekuchengeta vana vavo nenzira yakarurama.

VaYeukai vaishanda vaine tariro yokubatsira murume wavo kuendesa vana vavo kuchikoro. Vana vavo vaidzidza pachikoro chinonzi Kudyarawanza imomo makare maSeke. Dangwe ravo rainzi Chikomo, achiteverwa naMusekiwa, Tozivepi, Tinei naTirivanhu. Vana ava vaishandawo nesimba vachibatsira amai vavo mabasa epamusha. Magwaro avo ekupera kwekotoro aiyevedza zvikuru kutarisa, nekuti dzaive nyanzvi chaidzo uye vaisamboregedza kuenda kuchikoro.

VaMuchineripi vaive nemombe nhanhatu dzinova ndidzo dzavaivimba nadzo kuti ndihwo upfumi nenhaka yevana vavo kana vachinge vazofa. VaYeukai vaisambozviverenga zvese izvi. Chavaida

kudzidzisa vana vavo sezvo vaiziva kuti mazuvano nhaka yeupenyu idzidzo.

Rakazotanga bongozozo mumba maVaMuchineripi apo mwana wavo Chikomo aive oda kuenda kusekondari kunotanga fomu hwani. VaMuchineripi vakati kuna VaYeukai, "Ini ndafunga kuti Chikomo zvaapedza rugwaro rwechinomwe, ave kutoziva kunyora nekuverenga, achienda kunotsvaga basa kuti andibatsire kuriritira vanin'ina vake."

"Aaa! Nhai murume wangu," vakadaro VaYeukai. "Tanga tadii kuti Chikomo amboenderera mberi nedzidzo? Chikomo anoziva saka dai anga angokwanisa kusvika Fomu 4."

"Ndizvo zvandisingade kunzwa izvozvo," vakapindura VaMuchineripi. "Unofunga mari yacho inobva kupi? Ini ndinotambira mari shoma kubasa, uye vanin'ina vake vanodawo mari yechikoro. Unoda here kuti ndinoba mari yacho?"

"Kwete, murume wangu," vakapindura VaYeukai. "Hazvisizvo zvandareva. Ko, manga madii kuti tibatsirane? Ini ndinokuya dovi ndichitengesa pamwe nekurima. Ndinokubatsiraiwo netumwe tumari." Apa VaYeukai vaipindura nezwi rakanyorovera, asi murume wavo haana kuzviisa mumusoro, akaramba achipaumba chete.

"Zvandataura ndizvozvo. Handidzokere shure. Chikomo anofanira kuenda kunotsvaga basa. Kana asingade togowona kuti mari yacho anoiwana kupi."

Vapedza kutaura VaMuchineripi vakatendeuka ndokutarisa Chikomo neziso dzvuku voti, "Iwe zvandataura wazvinzwa here? Unofanira kunotsvaga basa nokuti zviri kutaurwa naamai vako ukazviteedza, hamungapagare pano mese."

Chikomo akapindura achiti, "Ini ndinotsvaga basa sei ndisina chitupa? Zvekare, handisati ndasvitsa makore ekunotora chitupa?"

"Hazvina basa izvo," vakadzvova baba vake. "Hakuna vanoda here kufudzirwa mombe? Kufudza mombe hakunei nechitupa. Mangwana ndinoswera ndakunzwira basa. Handisi kuita zvekutamba." Mazwi aya akagumbura VaYeukai vakabva vatanga kupopota nezwi riri pamusoro.

"Iwe Muchineripi, asi wave kupenga here? Unofunga izera rekunofudza mombe irori? Rega kundikanganisira hupenyu hwevana vangu. Une pfungwa dzechinyakare. Mazuva ano dzidzo inokosha. Kana zvakurwadza ini ndichazvionera ndega nevana vangu. Iwe Chikomo chimbobuda panze, ungatemeswe musoro nemunhu asingafunge." Chikomo akabva abuda.

"Iwe mukadzi unopenga chete. Unofunga kutengesa dovi kungasimudze sekondari? Makore mana haasi ekutamba nawo," vakadaro VaMuchineripi.

"Ndinofa ndaedza," VaYeukai vakapindura.

"Ini ndazvibuda, chizvionera nevana vako. Wati ini handizivi saka usambondinetsa nenyaya yemari," vakapika VaMuchineripi.

"Tichagoona kunowira tsvimbo nedohwe. Ukati unombotarisawo mabhuku evana here uchiona zvavanonyora?" VaYeukai vakadaro kumurume wavo.

"Zvinondibatsireiko? Kana sendi rangu randinokupa pakudzidzisa Chikomo."

"Rega hako, handina basa nazvo. Ndinozvionera nevana vangu."

VaMuchineripi vaifunga kuti pamwe mukadzi wavo angangoita chinepfu akati mwana aende kunotsvaga basa. Pakukakavadzana kwese VaYeukai vaitofunga mazano okuita aizovapa mari yokuendesa vana kuchikoro. VaMuchineripiwo vakange vachitoona kuti vaizoshaiswa mari yepurezha. Vakaramba vachirwadzisa mukadzi wavo nokumunyima mari yechikoro.

Mukadzi akashanda zvakaomarara achiendesa vana vake kuchikoro. Nokudaro, vana vavo vose vakadzidza kusvika fomu *6*, vamwe vakatora madhigiri emberi. VaMuchineripi vakatanga kuona kuti vainge vakundwa kufunga nomukadzi wavo, asi havana kuda kuzviratidza pachena. Vakazongotanga kubatsira mudzimai wavo kuchengeta mhuri yavo.

Vana vavo havana kuda kuratidza baba vavo kuti vainge vakamboomesera amai vavo, asi kutoti vakavabatsira kuti vasarasane kuti vagozogona kuvachengeta vachivaratidza kuti kudzidzisa mwana inhaka yeupenyu. VaMuchineripi vakazoburitswa basa, asi hapana aiona urovha hwavo.

Nerimwe zuva VaMuchineripi vakange vagere zvavo pamumvuri nemudzimai wavo uyo akavabvunza mubvunzo wakavaomesa mate mukanwa achiti, "Ko, nhai murume wangu, uchine ripi zano iye zvino? Uchiri kuyeuka here mazwi awainditaurira pandaitaura nezvedzidzo yevana? Iye nhasi uripiko? Inga wava pamudyandigere. Wave kuswera uri pamumvuri, iko kudya nezvese zvichingova saruraude. Anoziva kuti uri rovha ndiani?"

"Iii! Vadzimai," vakapindura VaMuchineripi, "ndazozviona kuti kudzidzisa mwana inhaka yeupenyu. Mombe dzandaifunga kuti ndiyo nhaka hapana zviripo." Murume aitaura nezwi rakapfava vachiratidza rufaro rwavo. Vaviri ava vakazogara hupenyu hwepamusoro vachichengetwa nevana vavo.

12

Kuroorera kure

Elizabeth Jackson

MOTO wenzeve dzetsuro waibvira mumba maVaSaizi. Mazigate nedzimwe hari dzaiva mberi mberi kwemba zvaionekwa kuvaima-vaima. VaSaizi nomudzimai wavo vakanga vagere mumba umu vachitonongora nzungu, katsi yavo yakararawo parutivi yakazvipeta kunge hata. Yakasimudza musoro ndokun'eruda. Nenguva diki diki yakasvetukira gonzo rakanga rakwira mudenga remba. Chin'ai cheutsi chaiva mudenga chakati wara wara kudonhera mumba nokuda kwebongozozo rakanga roitwa nekatsi nemakonzo. Rimwe gonzo rakadonha kubva mudenga ndokusvikowira munguwani yaVaSaizi yaiva iri parutivi pavo. VaMurungweni semunhu aiva akarimirana kumuganhu namakonzo vakasvetuka ichingove, "Yowe-e! Yowe-e!"

Chitsapo chaiva pedyo navo chakanzi nonge gonzo richibva rarohwa mumusoro chaimo nacho. Zvarakanga ropfaringa-pfaringa, VaSaizi vakabva varipedzisa nechikuni chavakatora muchoto. Katsi yakarinhonga.

Mumba makamboramba makati mwiro mushure mebongozozo iri, VaSaizi nomudzimai wavo VaMurungweni vachizvidya pfungwa. VaMurungweni vakafura dzihwa demadema raiva rizere fodya ndokupukuta neseri kweruoko ndokupukutira parudhende rwekwiriti yavo.

VaSaizi vakabva vaganhura runyararo rwaiva mumbamo. "Ichokwadi chaicho chawakataura svondo rapera museri. Mwana wedu Matigimu haana kufa nerwaMwari.

Hope dzatiri kurota tose hadzisi kundifadza. Ava mazuva matatu akadungamidzana ndichingozvirota."

"Aika, Saizi, unoti iwe n'anga ina dzose dzakatiyambira dzakanga dzafemerwa kuti dzireve zvimwe chete here? Dai dzakanga dziri mudunhu rino taiti zvimwe kungofungirawo." VaSaizi vakamboramba vakati zii vachiita sokunge vaiona chimwe chinhu ndokuzoti pava paya, "Nyadenga ane nzira dzake."

"Iye mwana wako achinyanyawo Saizi. Anoti isu taigara tichimuyambira kuti aroore wematongo taiva marema here? Imhepo rudzii dzakamupumha kurega kuwana imo muno maMutoko? Kupupurikira Bhuruwayo uko! Muno mubhuku maiva nemhandara gumi nefararira."

"Kwazvo! Handiti vana vokwaKatiyo vakatamba umhandara munguva yaiye Matigimu? Asi iye vharwei meso nezvakamuvharawo."

"Aitika anoda kuwana mukadzi akamedza mabhuku."

"Hezvo akamuwana MaDhuve wacho akamedza mabhuku nevazukuru vawo, akazomuona semunhu here? Kufunda chii pamberi pavadzimu? Muno mumusha tinazvo zvidza zvakafunda, musiyano wazvo nesu handizvioni kwete. VanaAmosi ndivo vose vatinoswera tichipesana navo mundari. Ini chaiye nomuromo wangu uyu ndakanwidzana hwahwa naPitirosi uyu wokwaChimutashu akapedza mabhuku ese neemhiri kwemakungwa kwese, asi chaakabva chii?"

VaMurungweni vakataura vachigugumura fodya yavo mukakasha kekuveza. Vakahotsira mushure mokunge vafemba ruviri. Vakabva vaenderera mberi. Shavi ravo zvino rakanga rabuda. "Wakanganwa musi watakanga tichiti Matigimu asati afa zviya zvaauya ari ega tikamubvunza kuti akanga asiya mukadzi nevana here?"

"Owooo, ndapaziva."

"Akati rimwe zuva MaDhuve akamurongera vanhu kuti vamurove. Muvakidzani wavo ndiye akazonyatsondijekesera pamusoro pemagariro avo. Kwanzi rimwe zuva iye Matigimu atorega basa MaDhuve akambomukandira nhumbi achimuti abve."

"Hongu, handirambi izvozvo zvaunoreva. Ko, chii chakaita kuti MaDhuve arambe nhaka? Gata? Aizviziva zvake zvaakanga aita. Iko zvino ndiyani ari kuriritira mhuri yakasiiwa nomushakabvu?"

Shungu dzakanga dzabata VaMurungweni. Shungu dzokubereka dzinonetsa amai wose akamboita budzi pasi pano. Misodzi yakanga yongoerera pamatama akanga anyura nokuputana kunokonzerwa nokukwegura. Vakazoburitsa dzimwe shungu nokutuka munhu asipo. "MaDhuve! Ziroyi rinoroya masikati machena. Kundibaya panyama nhete kudaro? Richafa rakanyenama sembwa."

"Zvatiri kuita izvi amai bhoi hazvina chimuko. Isu dai tashinga chete tatsvaga mari toenda Bhuruwayo kunotora vabereki vake tiripo. Tikarega kumutsa misoro isu ava vanin'ina vangu vanongonyararawo."

"Unotamba Saizi. Mukadzi uyu chikerema. Zvakare zvinhu izvozvo zvakasiiwa ndezvengozi. Achazvirwira ega muridzi. Kana achizvida achazvitora ega."

"Ipapo mataura chaizvo. Vadzimu vari kuuzuru ndivo vacharwira mwana. VanaTsiga ziteteguru redu navanaPasvata vaonewo mwana nokumutungamirira." Izvozvo vakanga vorova nhondo vachiita kunge vari kudeketera.

Machongwe okutanga akarira vaviri vagere. Moto wanga wanguri wadzima. Hapana akanga achine hanya nazvo. Kufa kwemwana wavo mumwe chete kwakanga kwavarwadza.

Sezvo imba iyi yakanga iri imba yavo chete vasina imwe vakazongoti fovovo varimo vakazvipombera nemagudza avo. Shungu nehope zvikasangana hope ndidzo dzinowanzokunda.

13

Kugona mbavha huirongera

Winnie Zulu

SIDUBI Mafu akanga asvika nemabhazi uri musi weChishanu zuva rodoka. Mangwana zuva rati kwirei, muvakidzani wake Magazi Thebe akavhurira mombe ndokudzipinza mumashanga, ndokukanda nhanho akananga kwaMafu.

"Tisvikeiwo!" akadaro Thebe.

"Svikai baba, svika mwana wekumusha. Hecho chigaro," akadaro achimutambidza nekukasika. Akagara zvake Thebe.

"Tikukwazisei Bhoqo," akadaro Mafu.

"Kwaziwai baba."

"Vakadini kumba?"

"Zvishomane, kana makadiniwo kuno?"

"Aiwa, isu tichiri kumbotatarika zvedu Bhoqo."

Yakaunzwa yakauya navarungu, iyo tiika, Mafu ndokuti ngaigadzikwe mumba nokuti pavaive vakagara paive patanga mhepo sezvo wakanga uri mwedzi waNyamavhuvhu. Maiwe-e yakaonekwa tii naThebe zvikagoti yaive nechingwa chine bhata nejamhu. Akagochimunya chingwa, mafufu pamuromo kuzara, minwe ikati yanamwa-namwa nejamhu seyomwana mudiki. Tiipoti yakaoneswa nhamo nekuzunguzwa achidira adirazve. Izvozvi izvi ndizvo

zvinomuita kuti akangonzwa chete bhazi richimira pachiteshi chekwaMafu abve angomukira ikoko.

Tii yakanwiwa nyaya dzichitsva. Mafu aingunorondedzera zvaaiona zvokudhorobha, uyuwo Thebe achirondedzera zvekumusha. Yakazoti yanyanya kutapira tii, Thebe akapedzisira orondedzera nedzimwe dzisina kufanira.

"Mwana wokwaMafohla akadziripiswa ina kwaShe," akadaro Thebe.

"Unonditaurira chii? Ko, anga aitei zvakare?"

"Iko kusvinuka kweduzve uku tiri masaimba! Sigonya kwaakusiya Zenzo achinwa hwahwa pamba pake. Hoyo varere kupindira MaMzizi mumba yavo yekurara. Uyuwo Zenzo ndokusimuka onzwa hwahwa husisapindi asingazivi kuti kunze kunei zvake. Paakanoti achindogogodza MaMzizi akati atanga kukakama. "Ndi...ndi...ndiyani?" nenzwi rizere kutya. Ncube ndipo paakabva atanga kufungira, akati, ko, mukadzi apindwa neyi chomutadzisa kutaura? Sigonya akabva angoshaya pekutiza napo. Uyuwo mwana waNcube hana akaibata chose, kana zvake kumborwisana nemunhu. Akangoti bedzi, "MaMzizi, ndiyani uyu ari mumba mangu?" Akadzokorora kaviri kese ndokushaya mhinduro. Akavavharira mukati, kwava kuchindomutsa hanzvadzi yake amai Maxhegu nemukoma wake Sikence. Sigonya akaregedzwa ndokuenda kumba kwake. Sikence ndiye akamuperekedza akanomusiya kumudzimai wake MaNdlovu achimurondedzera zvakanga zvaitika. Ungazomuziva Mafohla? Akanga ongoita sehuku yapiswa muromo, MaNdlovu achiinaisa semvura mibvunzo. Sikencewo akangopedzisira nekuti, "Monosangana kwamambo naNcube," achibva adzokera zvake kwakare kwaNcube. Iye Sigonya kana kumboti bufu kana chimwe chete zvacho. Nyaya yakazopera nekuripiswa kwake.

"I-i-i! Zvatichaona muno muZihlo!" akadaro Mafu.

"Eh! Newe Nkonjeni uchenjere kamukomana kekwaMasocha kane chigayo apa," akadaro Thebe.

Akanyarara zvake kunge pasina chaakanga anzwa Mafu nokuti pairondedzerwa yekwaNcube yakazosara yopera asingachainzwisisi.

Akanga ava kufunga yomusha wake yaingozevezerwa munzeve dzake achiedza kufunga zano rokuiongorora zvakanaka sezvo vakuru vakati kugona mbavha huirongera. Thebewo akazopedzisira awoneka aona kuti muvakidzani wake akanga asingapindirani nenyaya dzakadai.

Mafu akafumodzokera kuBulawayo. Svondo rakazopera kunyange navaaisevenza navo votoona kuti pane chinhu chikuru chaaifunga. Pasvondo rechitatu akadzokera zvakare kumusha kwake.

"Ko, nhai baba vaSehli, chii chaizvo chiri kumbokunetsai?" akabvunza MaMphoko, mudzimai wake.

"Hapana. Ko, wabvunza nei?" akapindura zvinyoro-nyoro Mafu.

"Aiwaka baba, nyange mugere munenge munhu asiri pamusha pake. Kana musingarwari zvinoreva kuti chiripo chiri kukunetsai iwo mazuva ano."

"Hapana chiripo vadzimai. Murume wose anofanira kuti afungisise sezvo ari iye akamisa musha," akapindura Mafu.

"Heya, kana makasimba henyu zvepfungwa dzenyu hazvina mhosva," MaMphoko akapindura nenzwi rairatidza kusagutsikana.

Vave mumba yavo yekurara manheru Mafu akati MaMphoko agobika hwahwa hwakawanda pazororo remagamba eZimbabwe muna Nyamavhuvhu. Akati aida kuzovabayira ngavi sezvo muriwo waitambudza zvakanyanya. Amai Sehli vakabvuma vakati vaizonyika chimera chifumi chacho.

Asati adzokera Mafu akataurira vavakidzani vake vanoti Thebe, Mpofu naMasocha anova ndiye baba vaTapson uyo aaiva arumwa nzeve nezvake naThebe kuti vauye pazororo panenge pane hwahwa pamusha pake. Aida kuzotandara nevavakidzani vake pazororo iri.

Mazuva ezororo akaswedera asi kuna Nkonjeni pfungwa dzaingogayana achifungisisa zano rokubata naro mbavha yaiva yapaza ruzhowa rwake. Haana waakabvunza saka aingozvinetsa ari ega, kusvikira abuda naro raakaona sezano rakapinza.

Ukuwo kumusha yaingove shishi kukodzonga madirwa, kuri kugadzirira hwahwa hwekunwa pazororo.

NeChishanu manheru Nkonjeni akasvika pamusha pake. Akafara kwazvo kuona hwahwa hwabvuvirwa.

"Maita zvakanaka MaMphoko vangu. Huchatonwiwa neSvondoka uhwu?" Mafu akadaro neinzwi rine mufaro.

"Dai hwukangonaka nokuti ndinotya kubika mbodza yehwahwa," vakapindura amai Sehli vachinyanyofadzwa nekusununguka kwemurume wavo kwavakanga vava nenguva vasina kuona. Vavakidzani vese vakaziviswa nezvehwahwa. Thebe akaudzirwa ikoko kwaMafu sezvo akanga amukirako tii semazuva ese. Ava vakomana vemombe vanaThemba naReggie vakasunga madhongi ndokunotakura ngoro mbiri dzehuni dzakanaka dzemubhondo, mipani nemutswiri sezvo kwaizobikwa nekugochwa nyama pamusha apa.

Mangwanani eMugovera kwakaedza hwahwa hwakanga hwasvinwa kunze kwava kuedza hwakange hwoshinyira zvino. VanaThebe, Mpofu naMoyo vaigara pedyo vakatodokerwa vava kutonwa. Zvakanga zvatoratidza nechakare kuti chifumi chamangwana kwaizoswera kuchifarwa zvokufa. Kwakatodoka kwava nechitsama chevarume vaizovhiya mombe. Sigonya ndiye akava wokutanga sezvo panyama yaiva shumba chaiyo uye akange asingapotsi. Aiti akangouti uyo museve, mombe yaibva yati nawo pasi bhii. Kungoti bedzi mazuva ano vanhu vanga vomutarisira pasi nekuda kwenyaya yake naMaMzizi, mudzimai waZenzo Ncube. Yakawa ngavi yaNkonjeni yainzi Kafranti chikava chipatapata kuvhiya. Nyama yakatakurwa nekukurumidza kupinza mumba kukagochwa zvese zvinogochwa.

Ukuwo kumba mashakada nenyama zvakabikwa nehari huru. Waisati pane bira! Hwahwa hwakanga hwasvinirwa mugate guru nenyengero gumi. Nekuwanda kwakanga kwakaita vanhu zvaitoratidza sokunge hwakanga huri hushoma. Kuzoti namanakiro ahwo, chiregai kutaura. Kana iye MaMphoko akadada nekugona kubika hwahwa kwake.

Hakuzenge kuimba kwavainge voita masikati, kwaitonzwika nekure. Rakati zuva radoka Mafu akakumbira Thebe kuti amudaidzire vanhu vose vauye kumba avatende vagoparadzana zvavo. Akataurirawo vanin'ina vake vanaJoza naMnindwa kuti vaburitse tafura hombe panze. Iye Mafu kwava kuchikwira patafura iyi netsvimbo nepfumo rake ndokudaidzira achiti, "Vanamai nanababa vemuno muZihlo, ndinokutendai zvikuru mauya mose. Izvi

zvinondiratidza kuti ndakagarisana zvakanaka nevavakidzani vangu. Asi pane chandinoda kutaura kwamuri mose. Pakati penyu pane ari kuda kusvinuka achipinda mumusha mangu. Aiwaka vanababa, nyararai munzwe, musaita zevezeve," akadaro Mafu apo vanhu vakange vatanga kuzevezerana vachitaura zvakasiyana-siyana, rwaiseka, rwaiti ehe rina manyanga hariputirwi.

Mafu akaenderera mberi achiti, "Ini ndaratidza rudo rwangu kwamuri. Hamusi mese makashata. Kune uyo wandiri kufungidzira hapana chakaipa nokuti achafa akaguta hwahwa nenyama yengavi yangu."

Akamboti zii zvishoma mwana waMafu sezvinonzi akanga akanganwa zvaaida kutaura. Akazoenderera mberi achiti, "Iye zvino ndava kudzika pano ndinhonge zvombo zvangu ndiite zvinoera kunhubu yapinda mumusha mangu."

Paakangoti pasi jiti vanhu vakaona mashura mumwe murume mukuru ane musha wake achivhomoka pakati pevamwe varume achiti chitsoka ndibereke pasina chaamboitwa.

"Batai munhu uyo! Mubatei vakomana!," akadaidzira Thebe.

"Ndiyaniko? Mafu haana kutaura zita remunhu," imwe chembere yakadaro.

"NdiTapson. Zvinoreva kuti anozviziva?" Akapindura Mpofu. Kana vari baba vake Masocha yainge huku yanaiwa. Nehwahwa hwese hwakabva hwapera achishaya kuti achaita sei nemuvakidzani wake waakanga achiremekedza zvakadai.

Vakagoti naye Tapson vanaReggie naThemba navamwe vakomana. Akanobatirwa kuchibhorane. Kumubvunza kuti uri kutizei chakanga changova chimumumu.

Uku kumba rwaiseka ndorwaiseka, rwaifarira ndorwaifarira. Vamwe vakati, "Rwucharuza icho chigayo ichocho irwo rwana rwaMasocha."

Vakadzoka naye vanaReggie. Mudzimai wake Majiyane akati anoda kuti nyaya iyi izobvunzwa iye asisipo nokuti zvinhu zvakadai zvaimunyadzisa. Varume vakagoti naye Tapson vachimubvunza chaakange atiza akati ava kubvunda zuva richipisa. Mafu paakaswedera pedyo naye Tapson akabvunda zvakanyanya kusvikira akumbira kuendeswa panze. Vakamurambidza, Mafu ndokudeedza

baba vaTapson ndokuti, "Moyo, muvakidzani wangu anonyarikana, kugona mbavha huirongera. Ndinofunga newe wazvionerawo wega mashura aitwa nemwana wako pakati pevanhu vakawanda zvakadai. Varume, muregedzei aende kumba kwake, handirwi naye. Tonosangana kwaShe Sigombe. Ndinofunga ndiko kwaachanotaura sezvo pano achitinyara. Ndapedza," Mafu akadaro achibuda asingamiriri mhinduro kubva kuna Masocha waakanga asheedza. Vakamusunungura Tapson wanei mabhurugwa kutota ungati munhu anaiwa nemvura. Ukuwo kumba Majeyane akange akamumirira nemaziso matsvuku.

Apa ndipo pazvakazotanga kujekera MaMphoko kuti chii chainetsa murume wake. Akazviona kuti murume akanga asina kufara nokuti aitsvaga mviromviro dzenyaya iyi. Zvinoreva kuti pane vakange vamuzivisa nezveunhubu hwemwana waMasocha. Akanga amboedza kakawanda kutsiura Tapson akazopedzisira nekumuudza kuti aizomumhan'arira kwaShe kana akaramba achimutaurira zvisina maturo iye achiziva kuti mukadzi wemunhu. Aive asingadi kuudza murume wake nyaya yakadaro. Chaimushamisa ndechokuti, sei kamukomana aka kaimudherera zvakadaro? Aingozozvifadza nerokuti Tapson agara aingonzi inhubu. Hameno kuti murume wake aizomushora here nekusamuudza kwaakange aita. Vanhu vakange vakokwa vakabva vapararana. Vane chivindi vakaoneka nokutenda, ruzhinji ndorwaingoti sveverere kuenda.

Yakati ichibuda yaSigonya naMaMzizi waZenzo, kuchibva kwapinda yaTapson Masocha Moyo naMaMphoko waSidubi Mafu. Nyaya iyi ndiyo yakava pamiromo yavanhu vese kumadoro, kuzvigayo, kuzvibhorane, kuhuni nekumadhibha. Nemudzinzira yakanga yangova nyaya iyoyi yaisazivikanwa kuti ichapera sei kwaShe.

14

Dai ndakaziva haitungamiri

Mapira Silitha

"LINDIWEKA, unomboziva here kuti kana ukandida zvinhu zvese zvinobva zvakunakira? Pano pakoreji hapana kana chimwe chete chinozombokunetsa. Kosi yako inobva yaita mutserendende kupinda pamavhiri chaipo. Zemberana nesu vakomana vegwazhi zvinhu zvifambe izvi." Uyu mudzidzisi wechidzidzo cheChirungu aitaura kuna Lindiwe Sibanda.

Lindiwe uyu aiva mukadzi wechidiki, mudodo, uye ari mutsvuku. Akanga asina nemburwa yose kumeso. Mukadzi uyu aiva nemaziso anoenda-enda uye mhuno yake yakanga yakamira kuti twi. Mwana wavaridzi akanga akaumbwa zvainwisa mvura. Mafambiro ake ainge munhu ari kukavira nyimo. Vhudzi rake raiva rino dema rakanga rabvumwa nemishonga yevarungu.

Pakoreji apa Lindiwe aidaidzwa kunzi Lindiwe Sibanda asi kwaakanga akaroorwa ainzi Amai Moyo sezvo David Moyo raiva ririro zita remurume wake. David naLindiwe vaiva nemwana mumwe chete mukomana ainzi Tichaona.

David akanga azvipira kuti mukadzi wake aende kundodzidzira kosi yeudzidzisi pane imwe koreji iri kuMasvingo. Izvi David akanga azviona zvakanaka sezvo Lindiwe akanga anyora akabudirira pabvunzo yake yegwaro refomu yechina.

"Unofanira kundozvibata somukadzi womuridzi mudiwa, nokuti pane zvakawanda zvatinonzwa zvinoitika pakare pakoreji pauri kuenda. Zvinonzi vakadzi vevaridzi kana vasvika panzvimbo iyi vanobva vachinja mafambiro nemaitiro avo. Hanzi vazhinji vanozopedzisira vasvika pakuramba varume vavo chaivo nenyaya dzekunakidzwa." Uyu ndiDavid akanga ava kutaura nemukadzi wake mashoko anokosha ekuwonekana.

"Davy mudiwa, ini usambondityira hako, nokuti ndakatosarudza iwe chete muupenyu hwangu. Inga wani ndakambopedza gore rakazara ndichidzidzisa kuBikita? Pane chawakambonzwa chandakaita here nhai Moyondizvo, murume wangu? Zviya zvegumbo panze handioni zvichindibata-bata ini. Ndingagoonekwa ndoita zvinonyadzisa kudaro ndinenge ndapindwa nei? Medza firiji chete mudiwa, ini MaSibanda ndiri wako nekusingaperi." Lindiwe akazopedzisa kutaura ava kutsvoda murume wake zvinova zvakazoita kuti David asataure zvakawanda zvaaida kutaura.

Gore rokutanga nerepiri Lindiwe akapedza zvakanaka. Aipota achienda kuHarare kundoona murume wake nemwana. Vemabhazi ekwaMutendi vakanga vava kutomuziva sekasitoma yavo sezvo ari iwo mabhazi aaigarokwira achienda kuMasvingo uye kudzoka kuHarare. Rudo rwaDavid naLindiwe rwaiva tsika nditsikewo varume vaviri kutakudzana bandauko reinda. Shamwari dzaDavid dzakanga dzamboshora zano rake rokudzidzisa mukadzi dzakabva dzakanda mapfumo pasi.

Pakutanga kwegore retatu David akasarudzwa nevakuru vekambani yaaishandira kuti andowedzera ruzivo rwebasa rake ari mhiri kwamakungwa. Kosi yaindoitwa naDavy yaipera mushure megore rimwe chete.

"Saka wava kutoenda here murume wangu uchindisiya? Ndinosara naniko nhai Dhehwa yangu? Ndianiko achava mumvuri wangu? Zvino ikoko kwaunoenda hauchandooni here vevhudzi refu ukandikanganwa nhai murume wangu?" Uyu ndiLindiwe akanga achichema-chema akarara padivi pemurume wake David. Mwanasikana akaona upenyu hwatotanga kumuomera. Ko, David aizogara achimurangarira here ava ikoko mhiri kwemakungwa?

"Ndinoenda hangu panyama mudiwa, asi mumweya ndinenge ndinewe. Nyarara zvako ruva romwoyo wangu, zviuya zviri mberi. Handioni zvakakodzera kuti ndirase chanzi yandawana iyi, sezvo zvichireva kuti kana ndadzoka mhiri ndinenge ndichizokwiridzirwa pabasa. Iwe sara chete uchiimba mashoko angu makuru ekuzvibata." David akapedzisa kutaura achitsvoda mukadzi wake padama rekurudyi ukuwo achimubhabhadzira kumusana.

Mushure mesvondo David akabhururuka nendege akananga kuBritain. Lindiwe akasara chiri chipatapata kurongedzera zvokudzokera kuchikoro sezvo zororo rakanga rapera. Mwana wake Tichaona akandomusiya kumusha kwake kuShurugwi. Izvi akazviitira kuti haaizokwanisa kubhadhara musikana webasa aigara nemwana. Kuimba yavo yekuHarare kwakasara kuchigara munin'ina waDavid aipinda chikoro imo makare muHarare.

Mazuva okutanga etemu Lindiwe aigara akasuruwara nokufunga murume wake David. Izvi zvaiva zvava kureva kuti aive asina kokuenda pakupera kwevhiki. Akazvishingisa hake neshoko rekuti pakupera kwevhiki ndipo paaizoita basa rake rechikoro sezvo rakanga rava gore rake rekupedzisa kosi. Akada chose kuti aite basa rake rechikoro nemazvo sezvo akanga ari mumwe weavo vakanga vaita mashura pabasa rokudzidzisa vana. Aiva neshungu yekuzobudirirazve zvakanaka pabvunzo yokupera kwegore.

Tsamba dzaDavid dzaisvika pakupera kwevhiki mbiri uyuwo Lindiwe aibva angopindurawo pakarepo. David airamba achiyeuchidza mukadzi wake shoko riya guru rokuzvibata. Mutsamba yake yekutanga David akavimbisa mukadzi wake kuti aizomutumira zvipo zvaisanganisira mhete uye mafuta ekuzora akasiyana-siyana. David akataurira Lindiwe wake kuti mwoyo wake akanga ausiya ikoko kwakare kumusha. Izvi zvaipa Lindiwe kugadzikana kwepamwoyo zvekutosvika pakurara hake akatsamira tsamba dzemudiwa wake.

Rimwe zuva mushure mechidzidzo chemasikati Lindiwe akasheedzwa kuhofisi yemudzidzisi wechidzidzo cheChirungu ainzi VaChihombiro. VaChihombiro vakanga vari murume murefu, mutete ane utsvuku hwepakati nepakati. Pachimiro chaicho pavadzidzisi vose vepakoreji apa hapana aitevera. Murume uyu akanga ari munaku pachimiro chake.

"Lindiwe, ndini ndakusheedza pano. Hapana zvakawanda zvandinoda kutaura newe nokuti ndinoziva kuti pane basa rakawanda rakakumirira. Gara zvako pachigaro, usatya." VaChihombiro vakambomira kutaura zvavo vachibata-bata mabhuku akanga ari patafura yavo. Ziso ravaipa Lindiwe raiva riya rekuti iwe unotozviziva zvandinoda wakura iwe.

"Taurai henyu mudzidzisi sezvo muri imi mandidaidza. Ndine basa rakawanda remaasainimendi rakandimirira." Akataura Lindiwe achimwekurira akatarisa mudzidzisi mumaziso chaimo. Uyuwo mudzidzisi aiti akambonyora-nyora papepa ombotsveta chinyoreso pasi kuri kushaya pekutangira. Akakosorera ndokubva asimuka paakanga akagara achitarisa panze kuti pakanga pasina aripo here.

"Lindiwe, kutaura chokwadi changu chizere, ini ndinokuda zvangu. Handingati ndatanga kukuda nhasi chete, aiwa, asi kutoti kubva pandakatanga kukuona pano. Runako rwako rwandipedza simba zvekuti kana kumaka basa renyu iri ndava kutotadza. A-a, izvi zvabva zvandifungisa asainimendi yako yandanga ndichimaka manje-manje*so*." Akataura achibata murwi wemaasainimendi waiva patafura yake.

"Ndatoitawo zvakadii mudzidzisi? Ndakwanisa kupfuura pahafu here?" Lindiwe akabvunza achisimuka paakanga akagara achiswedera kuti aone mamakisi akanga akanyorwa paasainimendi yake. Lindiwe akarohwa nehana paakaona mamakisi ake. Zvechokwadi, akanga akwatura chikoro. Akanga awana mamakisi epamusorosoro. Mwanasikana akanyemwerera akatarisa mudzidzisi wake neziso rine mubvunzo.

"Ndinovimba wava nehana yakagadzikana manje. Gara zviya wati kudii neshoko rangu? Ndizvozvoka, nhai Lee? Rega kufa nenyota makumbo ari mumvura mwanawe. Bvuma zvipere tione kuronga zvepamberi." VaChihombiro vakazopedza vamira padyo padyo naLindiwe.

Lindiwe akazotaura kuti shoko romudzidzisi rainetsa chose nokuti iye akanga ari mukadzi wemuridzi. Lindiwe akadoedza kutaridza VaChihombiro mhete yake yesvitsa asi ivo havana kana kumboratidza kuti zvaiva nebasa kwavari. VaChihombiro vakataura kuti sekuziva

kwavo hapana chaishamisa pakuva mukadzi wemuchato nokuti michato yaingodimburwa masikati machena madhongi achikuma.

Lindiwe akataurira shamwari yake Susan nezvekupfimbwa kwake namudzidzisi Chihombiro. Susan akatofa zvake nokuseka shamwari yake achitaura kuti hapana chakanga chakaipa apa.

"Shamwari uchakarara wena. Hauzivi here kuti kana watowana *lecturer* waunodanana naye unenge wagara bho-o? Hapana asainimendi yake yaunofoira. Iro zhunde unenge wongogara wakabata, nzou chete. Ona shamwari zvinondiitira dhara rangu, hauzomboda. Ini makumbo angu ari mushuga iwo musoro uri mumajarini. Shamwari ronga chete tifare." Uyu ndiSusan akanga achitaura naLindiwe.

"Ko, David murume wangu akazvinzwa ndingapone here? Shamwari, ini zvangu zvekupinda-pinda handidi nokuti mangwana zvingazondiisa muna taisireva." Lindiwe akataura achiratidza kusuwa kukuru.

Mushure memazuva maviri Lindiwe akasheedzwa zvekare namudzidzisi Chihombiro kuhofisi yake. VaChihombiro vakanga vakadya sutu. Chimiro chose chakabva chabuda pachokwadi. Paakavaona Lindiwe akarohwa nehana, mwanasikana wanei oshaya pekutangira.

Rume guru rakatanga kudetemba zvakakandisa Lindiwe mapfumo pasi. Lindiwe kudoti pamunhondo, pamusasa, wanei rume raramba rakaruma muromo wezasi.

Murume mukuru akazvityora akateterera zvokuti Lindiwe akabva angogumirwa.

Semunhu akanga agara nebasa rake, Chihombiro akabva aona kuti shiri yake yakanga yatadza kupunyuka. Akafamba zvinyoronyoro achienda pakanga pakamira Lindiwe. Lindiwe achiri' muchiroto chake akangozoerekana muviri wake wave nevaridzi. Mwana wevaridzi akatsvodewa dakara aibva seboora rabikwa nesoda. Lindiwe akazongoerekana ava kubatsirawo zvaiitwa namudzidzisi, wanei vaviri vapinda munyika yavo vega.

VaChihombiro vakazotenda Lindiwe kasingaperi. Vakamuyambira kuti abate hana yake chete kuitira kuti nyaya iyi isasvike munzeve

dzevakuru vepakoreji. Lindiwe akazopiwa mari inoita zana remadhora. Iyi mari aizoishandisa kuenda kuMasvingo kwavaifanira kundoonana pane imwe hotera. Sekuronga kwavo, Lindiwe aizoenda nebhazi, ava VaChihombiro vozotevera nemotokari yavo.

Lindiwe akazotaurira Susan gure rose rakanga raitika. Paakanzwa izvi, Susan akasvetuka nomufaro ombundikira shamwari yake Lindiwe achimukorokotedza nebasa guru raakanga aita. Izvi zvaitaura kuti vaviri ava vakanga vachizova neushamwari hwemukombe nechirongo.

Susan akazorongera Lindiwe rokwe raaifanira kuenda akapfeka pazuva guru iri rekuenda kuMasvingo. Izvi akati zvaizobatsirawo kuti VaChihombiro vabve vabheuka zvachose. Susan akapa Lindiwe mushonga waiva mukabhodhoro kadiki. Mushonga uyu akati waibatsira chose pakuwedzera rudo rutsva rwaLindiwe naVaChihombiro. Vaviri ava vakavimbisana kuti hapana chaifanira kuzobuda maererano nokudanana kwevaviri ava sezvo Lindiwe aiva mukadzi wevaridzi.

"Shamwari, zvawatodai wagara kunaka iwe, nokuti watowana chivaraidzo chemwoyo. Unofunga kuti David kwaari ikoko haasi kusasana here? Zvaunoona varume vakadai havasi vekuvimba navo. Ndaona vazhinji vakazviuraya pamusoro pemhuka iyi inonzi murume. Saka gara wakaziva kuti murume haasi munhu wekuvimba naye." Susan akataura mashoko akawanda ekushingisa nokufurira shamwari yake.

"Susan shamwari, ini ndiri kutya nenyaya yandatanga iyi. David achati kudiiko nekusavimbika kwakadai? Hana yangu iri kurova chokwadi. Asi sezvawataura hako kuti varume havasi vekuvimba navo, ndichamboedzawo kuzvifadza naiyeyu wandada." Uyu ndiLindiwe akanga achitaura achiedza kuzvishingisa.

Tsamba yaDavid yakanga ichida kupindurwa haina wakazofunga nezvayo. Lindiwe akanga ava kutorota zvake ari kumafuramhepo nababamudiki Chihombiro. Zuva iri Lindiwe haana kuwana hope nepfungwa dzake dzakanga dzichiita hondo mumusoro make.

'Asi zvandava kuita izvi zvine musoro here? Ko, baba vaTee ndichaita sei navo kana vakanzwa nyaya iyi? Ko, iye James Chihombiro ndikamurasisa, kosi yangu ingazofamba zvakanaka here?

Chete zvaataura kuti tinopota tichionana kuMasvingo kuhotera hapana anombozviziva. Asi kutaura chokwadi pana James paita zvemurume apa. Mabatiro acho aandiita masikati muhofisi make anofadza chaizvo. Regai tione kunowira tsvimbo nedohwe.' Aya ndiwo aiva mazwi aLindiwe asati abiwa nehope.

Ukuwo Chihombiro akatoona zuva ravakanga varonga serakanga ranonoka. "Pana Lindiwe paita zvemukadzi apa. Dai ndakanga ndamuona ndisati ndaroora, uyu ndiye wandaitopinda naye mumambure chaimo. Ndinoda kumutamba *fast* zvekuti anobva akanganwa murume wake. Ini ndinonzi Jimmy. Ndakasiya *record* paGweru apa." Idzi ipfungwa dzakanga dzichirukwa naChihombiro.

Paakadzika mubhazi Lindiwe akawana chido chemwoyo wake chakamumirira. James Chihombiro akanga akanyura mune ino svutu yaiva noruvara rutema uye mukati akapfeka hembe yakati mburetete semukaka. Muhuro akanga akazvibopa nekamudzipanyota kaienderana neruvara rwesvutu yake. Mumakumbo umu maiva nebhutsu nhema dzaivaima sejombo yechipurisa.

Lindiwe paakaona Chihombiro akarohwa nehana. Mumwoyo make akabvuma kuti chokwadi apa pakanga paita zvomurume. Vaviri ava vakananaidzana vakananga kumotokari yaVaChihombiro yavakanga vasiya kunze kwemusika. VaChihombiro vakamira pamotokari ndokubva vavhurira Lindiwe kuti apinde kunge gadheni bhoyi ari kuvhurira medhemu wake. Motokari yakavhetemeswa yakananga kuhotera.

Mushure mekudya kwavo kwemanheru James akazoratidza Lindiwe imba yaakanga abhuka. James akambosiya Lindiwe ari ega iye achienda kundotenga zvinwiwa uye twumwe twokudyira-dyira. Lindiwe akasara achiyeva kushongedzwa kwakanga kwakaitwa mukamuri umu. Iri ndiro raive zuva rake rekutanga kupinda muhotera. Akatozopatika pakadzoka James akagukuchira ihwo hwutsvuku nebhodhoro rewaini, kokokora, uye chimukuyu nemachipisi.

James akanyengetedza Lindiwe kuti ambonzwa girazi rimwe zvaro rewaini kuti awane kusununguka. Lindiwe akazodira waini mugirazi ndokubva otangisa kunwa zvake. Akanga asingadi kuratidza James kuti aka kaiva kekutanga muupenyu hwake kunwa waini.

Paaisanganisa waini yake nekokokora aitosiya zvishoma kuzadza girazi rewaini ongozoisa kokokora shomanana.

Mushure meinenge awa imwe chete, Lindiwe akatanga kunzwa muviri wese kutekenyedzwa uye kunzwa kanenge kadzungu. Paakaona izvi, James akatanga kukwenya mhuno nekasiyanwa, nokuti zvinhu zvakanga zvava kufamba sekuronga kwake.

Lindiwe akati ndanonokerwa ndokubva ati kwanyanu kusimuka ndiye pamakumbo paJames zete kugara. Akatanga kuyemedzeka achibata-bata James. Izvi zvakabva zvapa James manyawi. Zvizhinji zvakazoitika zvinotoda ivo vaviri vakaonana kuti vatsanangure.

Paakapepuka chifumi chemangwana Lindiwe akashama kuona akarara akagumbatirwa nomudzidzisi wake James Chihombiro. Lindiwe akabatwa nenyadzi chose paakatanga kufunga zvose zvakanga zvaitika. Hapana chazvakanga zvichabatsira sezvo yeguchu yakanga yatodeuka kare.

Chakanyanya kutyisa Lindiwe ndechekuti aizoita sei kana abata pamuviri sezvo akanga aregera kunwa mapiritsi ekuronga mhuri kubva panguva yakaenda murume wake mhiri kwemakungwa. James akaita seakanga averenga zvaiva mupfungwa dzaLindiwe ndokuti, "Mudiwa Lee, rega zvako kugaya maningi. Medza firiji chete usiye zvese mumaoko angu. Ini ndatove wako *no matter the outcome.* Chandinoda chete kukuona uri munhu ari kufara nguva dzose."

"Ko, murume wangu akazvinzwa ndinoita sei? Ko, ndikaita nhumbu iwe unoita sei neni zvaune mukadzi wako?" Lindiwe akazopedzisa kutaura ava kutochema.

Mushure mechinguva James akazoti, "Saka hausi kuvimba neni here? Inga ndakakutaurira kuti zvese ndinozvisota wani. Rega kupedza nguva uchitaura nekufunga zvemangwana. Zvokuita zvinoonekwa nekufamba kwenguva mudiwa." James akataura achirova-rova mudiwa wake kumusana.

Vaviri ava vakavaraidzana zvavo ndokuzopinda mubhavhu kundogeza. James akageza mudiwa wake Lindiwe achimutaurira mashoko erudo uye kumuyemura parunako rwake. James akapedzisira ava kuimbira Lindiwe nziyo dzerudo dzakasiyana-siyana. Izvi zvakaita kuti Lindiwe azvione seakanga atova mudenga rechipiri. Zvaakanga ava kuitirwa nemurume uyu zvaitova zvitsva

kwaari. Lindiwe akabva azvipira kuti kunyange mukadzi waJames aizopenga sei, hazvaizoita kuti arambane nemunhu aiziva rudo zvakadai.

Mushure mekudya kwamangwanani, vaviri ava vakarongedzera zvokudzokera kukoreji. Vaifanirazve kudzokera mumwe nomumwe sokuuya kwavakanga vaita. Vasati vaparadzana Lindiwe akatengerwa sipo, mafuta okuzora, zvekudya zvemumagaba, uye tumwe tunonaka twakawanda. Pamusoro peizvi, akapiwazve madhora makumi mashanu. Izvi zvakaita kuti Lindiwe abvume kuti akanga azviwanira muzhanje wake wakanga usinganetsi kudonhedza mazhanje.

Kubva zuva raakaonana namudzidzisi Chihombiro kuhotera, Lindiwe akatanga kusanduka pamagariro ake epakoreji. Mwanasikana akatanga kuchinja mafambiro namapfekero ake. Akanga ava kupota achichinja hembe kaviri pazuva. Iwo mafuta aya anonzi pefuyumu akanga ozorera svoto chaiyo. Vamwe vakadzi vechidiki vaaitamba navo akatanga kusuduruka kubva pavari. Apa akanga ava kuzeza mashoko avaizotaura pamusoro perudo rwake namudzidzisi Chihombiro.

Nzira yekumba kwamudzidzisi yakatanga kupfumbira zvishoma nezvishoma. Lindiwe akanga ava kupota achienda kumba kwaVaChihombiro sezvo vakanga vasingagari nemudzimai wavo pakoreji apa. Izvi zvakaita kuti vanhu vatange kutaura twakawanda pamusoro pevaviri ava. Pavanhu vakanzwa nezverunyerekupe urwu paive nemumwe mukadzi aisitamba naLindiwe ainzi Mai Toga. Mukadzi uyu akanetseka chose pamusoro pemafambiro emumwe wake. Amai Toga vakazvipira kuti vaifanira kutaura nemumwe wavo zvinhu zvisati zvashata.

"Ko, nhai Mai Moyo shamwari, sei kudhura kuonekwa mazuva ano? Asi upenyu hwepano hwatanga kunakidza here?" Amai Toga vakabvunza Lindiwe vachizvimanikidzira kunyemwerera.

"Wamunoti Amai Moyo ndiani? Zita rangu chairo hamurizivi here? Kana pane zvamafambira budai pachena, handidi kunyaudzwa nemashoko asina musoro. Ko, kana ndikada zvangu kunakidzwa imi munorwadziwa nei pazviri? Handisi mwana mudiki anoudzwa zvokuita. *After all,* hamusi murume wangu." Lindiwe akazopedza kutaura ava kufemera pamusoro sendere.

"Sori hako mumwe wangu, ndanga ndangotiwo ndikubatsire sezvo tanga tiri vanhu vanotamba vose kubva zvatakatanga kuonana pano. Zvawati hako haunei neyambiro yangu zvakanaka, asi ungwarire tsumo iya yevakuru inoti, dai ndakaziva haitungamiri. Sara uchifunga mashoko angu, ndaenda." Ava ndiMai Toga vakanga vava kutaura vachibva pakanga pakamira Lindiwe.

Mumwoyo mavo Amai Toga vakaenda vachizvibvunza mibvunzo yakawanda yavasina kukwanisa kupa mhinduro. Vakazozvinyaradza nemashoko evakuru anoti chisi hachieri musi wacharimwa.

Rudo rwaLindiwe naVaChihombiro rwakatanga ruri rwechihwandehwande, pedzisire rwangova mutauro wepakoreji yose. Lindiwe akanga zvino agarwa neshavi rekuda kupunza imba yake uye imba yaAmai Chihombiro. Mwanasikana akanga ava kuona kushanda kwemushonga uya waakanga apihwa naSusan sezvo mari yakanga yongonaya semvura kubva kuna VaChihombiro vake.

Kupindura tsamba yaDavid kwakanga kwava kumubhowa. Akanga ava kungonyora mitsetse mishoma achinyepera kuti basa rechikoro rakanga rava kumuwandira. Rudo rwake kuna David rwakanga rwapindwa nerukonye.

Zvamunoona, murume kunyangwe ane mudzimai wake, anototi aitire shanje mumwe mukadzi wekunze waanenge achidanana naye. Izvi ndizvo zvakanga zvava kuitika pana VaChihombiro. Murume mukuru akatanga kuchengera Lindiwe zvekuti ainzwa mwoyo kusvotwa kana akanzwa kuti murume waLindiwe ainge anyora tsamba. Nokudaro, VaChihombiro vakazvipira kuti vaizoitira Lindiwe zvose zvaaida kuti asavarasise.

David akaramba achinetseka pamusoro pemukadzi wake Lindiwe. Nokudaro, aiti akawana mari ombotumidzirawo zvipo zvaizorangaridza Lindiwe kuti achiri kumuda. Kunyange Lindiwe ainyora tsamba pfupipfupi, David haana kuita hanya nazvo sezvo aiziva kuti Lindiwe aiva mugadziriro yekunyora bvunzo gore iri.

Pakapera mwedzi miviri Lindi akabva azviona kuti akanga atsika mwedzi. Akakurumidza kutaurira muridzi wenhumbu kuti zvisazonetsa mangwana. VaChihombiro havana kana kumbovhunduka, asi kutoseka zvavo vachitaura kuti bhora rakanga rangomwa musi wekutanga chaiwo. Vakazoyambira Lindiwe kuti aifanira kupota achisunga dumbu

rake kuitira kuti akwanise kuñyora bvunzo vakuru vekoreji vasati vazviona. Chakashamisa Lindiwe ndechekuti mudiwa wake uyu haana zvaakataura nezvaizoitika pamberi.

Shiri inenge ine muririro wayo haiukanganwi. VaChihombiro pavakangoziva nezvekuva nenhumbu kwaLindiwe, vakabva vatanga kutsvedza sehove iri mumvura. Zviya zvekuenda kuhotera naLindiwe vakabva vazvikanda pasi. Chishanu choga choga vakanga vava kuenda kuGweru kwaishanda mudzimai wavo.

VaLindiwe vangu takanga tongoomesa miromo semunhu adya munyu. Apa ndipo paakatanga kuona kuti akanga atamba nematope pasina mvura. Akatangawo kuona upenzi hwake hwose, asi hapana batsiro chaiyo yaaikwanisa kuwana.

Mazuva akafamba, mavhiki akatevera, mwedzi ikauyawo. VaChihombiro vakabuda pachena kuti havakwanise kuramba mukadzi wavo pamusana pekuda pfambi zvayo yepakoreji. Chavakakwanisa kuita ndechekuti vakavimbisa kuti vaizobatsira kuchengeta mwana chete. Zvekuti Lindiwe aizoita sei naDavid wake, vakati yakanga isiri nyaya yavo iyi.

Mwedzi wekunyora bvunzo wakanga wasvika. Vadzidzi vegore rechitatu vakanga vachiita chipatapata kugadzirira pepa ravo rekutanga. Rimwe zuva Lindiwe akapepuka pakati peusiku achirwadziwa nemusana uye mudumbu. Semunhu akanga ambobara, akabva aziva kuti nguva yokusununguka yakanga yasvika. Akabuda mumba maairara chinyararire kuitira kuti pasawane aizomunzwa.

Akaenda kuseri kwechimbuzi chaiva chinhambwe kubva paimba yavo yekurara. Nenguva isipi akabva atanga kunzwa kuda kugomera. Akagomera kaviri, ketatu mwana ndiye potyo kubuda. Pfungwa yake yekutanga yaiva yekukanda mwana uyu muchimbuzi, asi mushure mekanguva akazofunga zvekuchera gomba paseri pechimbuzi. Mushure mechinguva chipfupi Lindiwe akanga apedza basa guru rekumonya nekuviga mwanakomana wake. Akapinda mubhavhu akageza ndokubva aenda kunorara. Paakapinda mukamuri mavo ndipo pakapepuka musikana waaigara naye. Musikana uyu haana zvaakataura asi kuti akangoratidza kunyumwa.

Mangwana acho Lindiwe haana kukwanisa kuenda kuzvidzidzo nevamwe nokuda kwemarwadzo. Akataurira musikana uyu waaigara

naye kuti musoro wake wakanga uchibanda. Pakanga pasara zuva rimwe chete kuti vanyore bvunzo.

Manheru ezuva iri Lindiwe akagamuchira tsamba yaibva kuna David achitaura kuti aizouya pakupera kwemwedzi uyu. Paakapedza kuverenga tsamba iyi Lindiwe akasvimha misodzi ikaita semvura kuerera. Akazvishingisa nerokuti hapana chaizozivikanwa nemurume wake. Lindiwe akazokwanisa kuenda kuzvidzidzo chifumi chamangwana. Uku kwaingovawo kuzvishingisa asi kutaura chokwadi, Lindiwe akanga asati ambosimba hake.

Nenguva dzepfumbamwe mukuru wechikoro akadeedzera musangano wechimbichimbi wevadzidzi vose vechikadzi. Pamusangano apa paiva nemukuru wechikoro, matironi nomukadzi aiita basa rekutsvaira kudzimba dzevadzidzi vechikadzi. Vanhu vose vatatu ava vairatidza kusuwa kukuru pazviso zvavo. Mukuru wechikoro asati ambotanga kutaura chinangwa chemusangano, jipi yemapurisa yakabva yati pfacha kusvika. Motokari iyi yakanga ichimhanyiswa zviya zvebasa. Paakaona mapurisa Lindiwe akarohwa nehana, asi haana kuda kuzviratidza.

Mujipi yemapurisa makabuda mapurisa maviri echikadzi, uye murume mumwe chete. Maziso emapurisa akanga achimhanya-mhanya kunge ehuku iri kutsvaga chisvo chaVaGondo. Vanhu vakatanga kukwenyana uye kutaura nekazevezeve vachinongedzera Lindiwe. Vamwewo ndivo vaingomudzvokora vakanyarara.

Mapurisa akambotaura nemukuru wechikoro, matironi nomukadzi uya aiita basa rekutsvaira. Mapurisa maviri akapinda mujipi ndokubva mota iyi yamhanyiswa yakananga kudzimba dzevadzidzi vechikadzi. Mumwe mupurisa wechikadzi akasara achidya gaka kupopota.

Mupurisa uyu akati aida kuziva mhondi yakanga yaita mabasa anonyadzisa ekuponda kacheche uye kukafushira mugomba. Mukuru wechikoro aingooneka kupunyaira neshungu iwo maoko akaberekwa kumusana. Mupurisa uyu aona kuti hapana aida kubvuma mhosva yake, akataurira vadzidzi vose vakanga vakaungana kuti vamire vakaita mitsetse miviri vachipinda mumahofisi maviri aiti yemukuru wechikoro uye yemunyori mukuru wepakoreji apa.

Pakadzoka mamwe mapurisa vanhu vakaona chitunha chakacheche chakabatwa namatironi vachisvimha misodzi. Basa rekutsvaga mhondi rakabva ratanga. Mukadzi oga oga aipinda muhofisi maiva nemupurisa wechikadzi achisvinwa mazamu kuti vawane mhondi yavaitsvaga. Uyu mupurisa wechirume akasara akamira pamotokari achitarisa kuti pasawane anotiza.

Musi uyu mazamu akanzwa nekusvinwa pachokwadi. Lindiwe akangonzi dzvanywe kamwe chete, mukaka ndiye tsati kuzara mumaziso emupurisa. Mupurisa akati atsamwa nekuzadzwa mukaka mumaziso, uye kuona mhondi yakanga yaratidza mwoyo wakaoma. Mukadzi uya akabva angoti makechemu ake keche mumaoko aLindiwe. Akataurira vamwe vake kuti mhondi yakanga yabatwa.

Lindiwe akapinzwa mumotokari akanzi aende akabata mwana wake waakanga auraya. Amai Toga vakaenda pamotokari yemapurisa vachida kuti vaperekedze mumwe wavo, asi mapurisa akati aida muridzi wemhosva chete. Lindiwe akangokwanisa kuvabata ruoko ndokubva atetsura mhere achiti, "Dai ndakaziva kani nhai mha-a-i! Nhasi kusasana kuya kwandiparira. Chisara ugarike Chihombiro-o!"

Nemazwi aya motokari yemapurisa yakabva yavhetemeswa yakananga kuMasvingo kukamba yemapurisa. Vanhu vakasara vakatarisa jipi iyi dakara yapota kuseri kwechuru. Uku ndiko kwakava kuoneka kwaLindiwe pakoreji.

15

Munhu wenyama

Chakambodei Chirandu

VAMUGOTI vakaerekana vave kubhabhadzirwa pabendekete nomumwe wavakuru vechechi. Vakatendeuka vachibva vatarisana naVaMoyo.

"Mufunge VaMugoti, tinozvifarira zvamuri kuita. Munoziva, tiri vatendi zvedu asi hatikanganwe kuti tiri vanhu venyama. Nyika haigume nekufirwa shamwari, kana kupinza chembere iyi mumba mako isu tinozvitsigira."

VaMugoti vakaseka-seka zvavo, uye hapana hapo zvavakapindura zvakawanda asi vakangoti, "Kuti kudaro nhai shamwari?" Vakabva vatendeukazve kutarisa kuna Mbuya Muswa avo vakange vachitaura navo. VaMugoti vaive murume akanga abva zera uye musoro wakange wachena zvawo asi vaive vachiri kuzvinzwa. Aive uno murume murefu aigona kuzvigeza. Semunhu akange atoyarutsa, vaitengerwa uye kukururirwa mbatya nevana vavo vakange vave kushanda kuHarare. Mudzimai wavo akange ashaika makore maviri akapfuura. Vanatezvara vavo vakange vavarongera kuti vatore chino chimhandara, mwanasikana wehanzvadzi yomushakabvu kuti vaite chimutsamapfiwa. VaMugoti vakatenda zvavo nechipo chavakange vapiwa nanatezvara vavo ndokuzoti, "Handikwanisi kugamuchira, honai musoro wachena kudai, kukura. Kuti nditange imwezve mhuri nemhandara aiwa. Vana vacho vangazoshandirwa nani?"

Izvi zvakafadza vanakomana vavo vakange vatovewo nemhuri, kunyanya dangwe ravo Paul uyo akange atove mukuru webasa pakambani yaaishandira. VaMugoti vakagara zvavo pamusha mushure morufu rwomukadzi wavo. Utonga hwaizosarotsvuka vamuka zuva nezuva. Pamwe vaifumomuka kusunga mombe, kutakura mupfudze kubva kudanga vachiendesa kumunda kana kusunda bhara rine chigubhu chemvura kuenda kutsime. Uyu aive murume anoshanda zvokuti gore roga roga minda yavo hayaifema nechibage, mhunga, nzungu namasanifurawa. Vemuraini vakanga vasingakohwi zvinopedza gore saka vaiuya kwaVaMugoti kuzosunza. Zvipfuwo kumatanga zvaive zvizere; mombe, mbudzi namadhongi okurimisa.

Mbuya Muswa aive uno mukadzi mutete uyo aive akademwa nenyufomu yoruwadzano. Vakange varambwa nomurume ndokuuya vogara nehanzvadzi yavo iyo yakasvikovavakira imba nokuvapa munda wokurima. VaMuswa naVaMugoti vaiwanzokurukura vose kana svondo ichinge yapera. Vaviri vairatidza kufarirana chose. Vakazoti mumwe musi vachifamba zvavo VaMugoti vakatanga kutaura, "Ko, nhai Muswa shamwari, zvanga zvadii hazvo kuti uuye uzotsvaira madota kumba kwangu? Ini ndanzwa nokuenda kutsime, kutsvaga huni nokuzvibikira." Ichi chaive chokwadi nokuti VaMugoti vainge vachinzwisa tsitsi apo vaionekwa vachitsvaira chivanze kana kuzvibikira. Ambuya Muswa vakamboyema-yemawo.

"Ini chaiye, chembere yakadai, wandionei nhai Mugoti? Inga raini rizere mhandara, danga rizere, unogona kuroora."

"Aiwaka, moyo muti, wati...."

"Wati chii? Unoda kundinyepera apa," vakadaro zvavo Mbuya Muswa vachiseka.

"Aiwa, wati saizi yangu ndowanikwa ndondundurudzana nemwana ane mukaka pamhuno ndinenge ndichitaura dzei naye?"

"Aa, unongotauraka dzokuronga mhuri."

"Wati ndingaite mhuri ngani? Inga ndakayarutsa vanakomana vaunongoonawo vachiuya kuzondishanyira nemhuri dzavo vachibva dhorobheni."

Nyaya haina hayo kupera musi iwoyo, asi vaviri vairatidza zvavo kufarirana. Pamwe Mbuya Muswa vaimbopfuura nepaVaMugoti vachibva kutsime vobva vasiya mugomo wemvura ipapo.

Mumwe musi VaMugoti vaifamba-famba zvavo pachivanze vachikushira huku dzavo mhunga apo vakaona huruva kumugwagwa, asi motokari yacho yainge yotonyangarikira murukova rwaive padyo nemusha wavo. Yakazoti motokari yochema ichikwira mukwidza, vakazoona, inga ndiPaul nemhuri yake. Dhara yakanzwa kufara ndokukandira tswanda yemhunga kwakadaro yofamba kundochingamidza mhuri yavo.

Akabuda mumota Paul nomudzimai navana vaviri. Tuzukuru twakamhanyira sekuru ndokusvikomonera makumbo avo. Vakasimudza chikomana ndokudzikisa vachizosimudzazve chimwe. Vakapinza mhuri yavo mukicheni. Midziyo yainge yakangoti dzvarara pasi; poto nemigoti, ndiro, tswanda, migomo nezvigubhu zvemvura. Zvose zvainge zvakangoti bvuu. Muroora haana kugara pasi kwenguva yakareba, akabva atanga kurongedza-rongedza. Kuno kuno akanga atobata mugomo kunanga kutsime kundochera mvura. Paul naVaMugoti vakabuda kuenda kumotokari kundotora izvo ainge avigira baba. Paiti shuga, munyu, nyama, makanduru, masamba, matomatisi, uye sutu tsaru dzaPaul dzainge dzisisakwane.

"A, maitaka Zungunde. Mbeva yangu, muri kutichengeta."

Paul akabva atora mukana kuudza baba vake zvaive pamoyo.

"Zvino muchagara mega kusvika riini? Madii kungotsvagawo chembere yenyu yaguma kuzvara mukawana wokutaura naye. Kwete mhandara baba, isu hatingati uku tiri kutenga manapukeni edu uku tichitenga enyu."

Baba vakaseka zvavo vachiratidza kufara nazvo. Vakabva vatoudza mwana wavo nezvaMbuya Muswa.

Muroora akadzoka zvake kutsime ndokuundura huku yavainge vapiwa ndokuzobika sadza mhuri ndokubva yodya. Vakatandara manheru sekuru vachimboita madanha nevazukuru, kutaura ngano. Chifumi motokari yakambumura huruva vanhu vave kudzokera Harare.

Pakazongoti perei mwedzi isingapfuuri mitanhatu VaMugoti naVaMuswa vakange vave kutobikirana. Mbuya Muswa pachavo vakaenda kunosuma nyaya kuhanzvadzi. Hanzvadzi haina kupokana nehurongwa hwaiita kuti mwana waamai awane angamuvaraidze. Vakagara zvavo vaviri kwamakore matatu, uye chechiwo haina

kumbozvisema sezvo vaviri vaichengetana zvine unhu. Vana vaVaMugoti vaiuya kumusha Mbuya Muswa vachivagamuchira nomufaro pasina chainetsa. Kana dai vana vaMbuya Muswa vakange vasingashanye, ivo ndivo vaitoinda kundoona vazukuru vavo. Hapanazve ainyanya kugunun'una nazvo. Mumba chembere mbiri dzaitaurirana zvadzo manyoro oga oga pasina kana aitsvinyira mumwe.

Kana dai zvavo vaviri vaive vagere, vanhu muraini, kunyanya madzimai, vainge voreva-reva. Patsime wainzwa, "Zvataitirwawo naMbuya Muswa gore rino. Kuri kuda imba here munhu achembera kudai? Tsve-e kugara munhu achichengeta vazukuru kwave kundopinda mukicheni yemukadzi akazvifira. Chembere rudzii isinganyari kuvarairwa nezvenyama? Iye munhu akarambwa nevana vake, aigotamburei? Aingochengetwazve."Ichokwadi kuti Ambuya Muswa vaive navakomana vavo vainge vatoroorawo. Murume akavaramba akazenge afa.

Mumwe musi vakati zvavo vagere pamoto chembere mbiri dzikaona pane chikomana chamakore gumi namashanu chichipinda muchivanze. VaMuswa vakatarisisa vakaona inga muzukuru wavo, Chinoda, mwana wedangwe ravo mwanakomana. Vakamuchingamidza ndokubvunzana zvavo mufaro. Pasina nguva mwana akaburitsa tsamba yakange yanyorwa nababa vake. VaMugoti vakambobudikira zvavo kuti ambuya nomuzukuru vanyatse kumbokurukurirana.

"Wotoiverenga uri wega tsamba yacho, nhai mwanangu, ini meso ava mashoma."Kwaingovewo zvako kutaura, ambuya kuverenga chaiko vainge vasingagone. Mwana akabvarura zvake hamvuropi ndiye bhedhenu tsamba yaive mukati.

Kuna amai

Kutanga ndinoti makadii ikoko kwamuri? Isu kuno tinofara chaizvo. Ndanyora kuti ndikuzivisei kuti ndinoda kuti muuye kuno kumusha. Amai Chinoda ndinoda kuti vambouya kuno kuHarare chirimo chino, zvino ndati pamusha hapangashaye munhu, imi muchiita basa rokuchengeta misha yavamwe wababa vedu uchiparara. Ini ndange ndatofunga zvokuti dai muchida ndaitokutsvagirai pokurima nzungu nenyimo.

Ndinokutarisirai svondo mbiri dzinotevera, musarege. Ini ndakasimba nemhuri.

Ndini mwana

Baba vaChinoda

Chembere yakapeta hayo tsamba ndokuiisa muhomwe yeepuroni yayainge yakasunga. Vakazoswera zvavo kubikira muzukuru, asi mwoyo wainge watove kure. VaMugoti vaona kunyarara kwainge kwaita mumwe wavo vakabvunza. "Mukati tsamba yange ine mashoko kwawo here? Kwarwariwa?"

"Aiwa, kwete, kutsvene zvako, vose vakasimba. Vange vachingondizivisa kuti Amai Chinoda vachamboinda kuHarare."

Mushure mekudya kwamasikati Chinoda haana kugara. "Ini ambuya ndave kudzokera nebhazi remasikati."

"Ko, zvino wange wationa rini, wadii kurara wozoita zvekufumira nemabhazi emangwanani?"

Chinoda akaramba angoshinga nerekudzoka. Ambuya vakazoperekedza zvavo muzukuru wavo ndokusiya akwira bhazi. Vakadzoka zvavo vachinonga tsotso vachifamba zvishoma vachifunga.

Ko, iyi yainge yauya nomuzukuru yokuti vadzoke pamusha pavakarambwa yanga yabva nokupizve? Zvaiita here kuudza Mugoti wavo kuti vana vavo vafunga zvokupfuvisa imba yavo? Pamwe kwaingovewo kuita kwavana vasuwa amai vavo. Ko, vainge varambidzwa nani kushanya? Chete vaigoshanya sei pamusha usiri wavo? "Asi dai ndakangobvira ndangogara pamusha wehanzvadzi yangu. Chete ushoma ndihwo hwakange hwoda kundipenza." Chembere yainge ichingozvinetsa apo yakaerekana yatosvika pamba.

Ava manheru, vaviri vakawaridza zvavo asi hapana akabatwa nehope.

"Iyo tsamba iya mukati yange iri tsvene zvamazongobva manyarara kudai?" VaMugoti vakabvunzazve.

"Zvanzi nemwana ndiende ndinosara pamusha navazukuru mudzimai wake amboenda Harare ambonomubikira."

"A, heya."

Vaviri vakambonyarara vose kwakanguva.

"Ko, zvino mange mafunga zvokusimuka rini?"

"Ndikasimuka ndizodzoka, handiti ndave kutondoita neni wavana vavo?"

"Munongoita kuda kwenyu, ini handisi kukurambidzai kuti mumbonoona vazukuru venyu. Inga vangu vanouya ini ndichiendako wani."

Ichokwadi kuti VaMugoti vaienda kuHarare kundoshanyira vana vavo, asi nguva yose yavaienda, vaienda voga. Mbuya Muswa vaingoti vaisara nezvipfuwo pamusha.

Ambuya havana kuenda kundosara navana. Hakuna kupera mwedzi mwanakomana wavo auya ari iye mbune. Amai vakamutambira zvavo nomufaro, asi iye haana kusunungura uso. Akaitirwa tii akanwa chinyararire. Gare gare ndokuti, "Pamusoroi amai, ndange ndine shoko randange ndichida kutaura nemi naVaMugoti."

Amai vakatora chitovo chembudzi, ndokupfunya zvavo chibondokoto. Ava VaMugoti vakakwevera chituro chavo padyo kuti vanyatsonzwa zvakanaka.

"Ini nyaya yandafambira pano ipfupi, ndauya kuzotora amai vangu kuti ndizvichengetere. Zviri kwamuri imi kuti mundiudze kuti mungade kuzotorwa rini?"

Chembere yakashama nazvo ndokuti, "Ko, pano inga VaMugoti vakandichengeta wani chaizvo? Chokudya, chokupfeka, sipo, hapana chandinoshaya."

VaMugoti vakaramba vanyerere, iyi nyaya inenge yakanga isingadaidzi vatorwa.

"Ho nhai, saka mave kutiramba isu ura hwenyu nemhaka yokuti tiri varombo, hatinawo chingwa netii zvinodyiwa pano ngwanani roga roga."

Amai vakada kudzimura nokuona kuti nyaya yakanga yokwira makata.

"Ii, mwanangu wataura zvakaomarara, handizvo zvandanga ndichireva."

"Ko, zvino muri kurevei imi makati vhuvata pano kuvhumbamira musha usi wenyu? Hatisi vanachiremba kana mamaneja savana

vomusha uno. Isu tiri marengenya, vanahudhu vanosevenza husiku samazizi."

Amai vakabva vashama namashoko akanga obuda. Vakaramba vangoti zii, havana kuzopindura. VaMugoti ndivo vakazoti, "Mwanangu nyaya yawauya nayo tainzwa, tochisara tichiidzeya ini naamai vako."

Manheru acho hakuna kubikwa rakadyiwa. Ambuya Muswa yakanga yangova misodzi yoga. "Ko, vana ndakavatadzirei chaizvo? Ndakarambwa nababa vavo, vakandidzinga semvuu mumusha mavo. Ndakasunga ndikaenda kwedu, ndikanopiwa pokugara nehanzvadzi yangu. Ndaibika ndari kuti ndiwane mari yokuvaendesa kuchikoro. Ko, imhosva yanguwo here kuti njere vakapiwawo dziri shoma? Hezvi nhasi ndange ndati ndawanawo muchengeti wangu zvino hanzi ndave kutsvaga panodyiwa."

VaMugoti vakaedza zvavo kunyaradza mumwe wavo, asi vakanga vaona kuti vakanga vagumbuka. "Kuita kwevana, vanoona sokuti vazvarwa vabereki tochingoraramira ivo chete."

Kudembwa kwakaitwa kwakatokoka misodzi. Rudzihwa rwakatanga kuerera, chembere ndokupukuta zvayo nekwiriti. Vakanyengetedzwa zvavo ndokuzokotsira pava paya.

Kwamazuva nyaya yakambonyararwa, asi VaMugoti vakanga vava kutofunga zvakawanda. Mumwe musi vakazongoerekana vati, "Nhai Muswa mumwe wangu, kudana tinodana zvedu tichibikirana zvakanakisa. Ko, ndikafa ini kutanga ungasare ukagara pano wega?"

"Zvekugara hapagarike, ndinenge ndichiti ndakagarira ani?"

"Ndizvozvoka zvatove kundinetsa mumwe wangu. Vana vako vanongoti wainyanya, zvino toda kuona kuti unochengetwa nani. Ivo vangu vacho ndinoziva here kana vakazokubvumidza kugara pano ini ndisisipo?"

"Wotomboreva zvako yokufa kwako, ko, ndikafa ndirini, handiti unoitamba tsvuku pano? Ndinonhuhwa ndiri muno mumba vana vangu varamwa kundiviga."

Chembere dzakataura zvaiva kutsi kwemwoyo yadzo kusvika dzaona kuti chokwadi pakanga pasisina chokuita. VaMuswa vaitoti

vaende kundogara navanakomana vavo kuChachacha – Shurugwi, ava VaMugoti vodzokera kuutsvimborume hwavo.

Masvondo akatevera Mbuya Muswa vakaita zvishoma zvishoma kurongedza midziyo yavo; paiva nembatya, mhasa, hari, ndiro nemifushwa. VaMugoti vakaenda kudanga rembudzi ndokutinha sheche shanu ndokupa chembere yavo misodzi ichivaima mumaziso.

"Ko, iwo manhanga nembambaira wabva wasiya zvose uchiti ini ndinozvidya ndikazvipedza ndoga?" Mudhara akadaro nezwi raidedera semwana ava pedyo kudonhedza misodzi. Vakazounganidza manhanga ndokutora masaga maviri vozadza nembambaira. Uku VaMuswa mabvi yakanga yangova mvura kunge amai vari kufuratira rusvava ruri kufa.

Vapedza kurongedza VaMugoti vakazoyambuka pamhiri pataundishipi paVaChihowa kuti vandohaya motokari yokuperekedza VaMuswa nemidziyo yavo. Motokari yakazouya zvayo chifumi mangwanani, midziyo yose nembudzi zvakakwidzwa. VaMugoti vakapinza ruoko muhomwe ndokuvhomora chibhanduru chamatuwendi dhora, tuwendi dhora. Vakatsaura shoma ndokubhadhara motokari imwe ndokufumbatisa VaMuswa vachiti, "Ugozvitsvagirawo shuga nehembe."Chembere haina kumboona kuti yakanga yapiwa marii. Mumaziso misodzi yakanga yati cherengende, yangomirira muridzi kuti abwaire igomokoteka ichierera namatama.

Pakaita svondo mbiri VaMugoti vachingodzengerera pamba pavo vasina hanya nokunwa kana kudya, vaingoita zvokuzvimanikidza somunhu mukuru aiziva kuti anofanira kudya. Dzimwe chembere dzeraini dzakambouya dzichida kuvakwezva kuti vambonotandara navo. Ivo vaingoti vaiva nebasa, votora sanhu ravo namakavi vondonyepera kundosunga-sunga danga remombe. Vaizobvako zvavo votora chigubhu chavo voenda kutsime kundochera mvura votanga kubika.

Ukuwo, Mbuya Muswa zvaingovewo zvimwe chete, wokutaura naye pakanga pasina. Vakanga vongoswera navazukuru vachingovafudza kunge mbwa zvere. Kari pano kakati "Mbuya ndine nzara," kamwe kakati, "Mbuya Tendai unorova vamwe," kari papo kakati, "Mbuya hembe yangu yatota." Muswere yaingova mbuya chino, mbuya icho, mbuya ichi. Kuzorora kwaitova kwamanheru vazukuru vabatwa nehope.

VaMugoti vakazoti mumwe musi vafinhwawo zvavo noushoma, vakananaira vakananga paiva pakaunganwa navamwe pandari. Vakasvikoona zvavo vamwe ndokunwa hwahwa. Mangwana masikati vakadzokazve ndokusangana naVaDemo. VaDemo vainamata Zioni rokwaDhavhiti. Musoro wavo waiva muparavara, idzo ndebvu dzichinge bumhudza. Vaiva navakadzi vana, mhuri kukura waiti zvimwe pamusha pane musangano.

"Iwe Mugoti, tinozviziva kuti uri muDhachi, asi isu maZioni tange tafunga zvokuita munamato pamba pako. Unenge uri kufunga zvakadzama-dzama mazuva ano. Haikona kudaro mhani."

VaMugoti havana zvavo kuita nharo, vakangoti, "Tichaona ndimi mosvika."

MaZioni haana kuita nguva, vakanga vatoronga zvokundoita munamato paVaMugoti. Mangwanani-ngwanani eSvondo ngoma nehosho zvakanga zvotodandaura mumusha maVaMugoti. Yakaitwa mharidzo yaikurudzira VaMugoti kuti vasanyanye kufunganya. Kuno kuno munamato wakanga watopera, VaMugoti vakaburitsa masamba, shuga, chingwa nomukaka ndokupa vasikana vechidiki kuti vagadzire tii vanhu vanwe vasati vaparara.

Vanhu vakadya, vakasiya. VaDemo vakazosiya mwanasikana wavo Monica aiva nemakore gumi namashanu kuti asare achisuka makapu namatiipoti. Mwanasikana akasara akashina-shina kushanda, kusuka ndiro, poto namatiipoti. Pasina nguva mutsvairo wakanga wava mumaoko kutsvaira mukicheni makaitirwa munamato ndokupedza. Akapfugama pamberi paVaMugoti somwana akarairwa achikumbira kii dzehozi umo mavairara kuti atsvaire. Mwanasikana akasvikoita mashura, kutsvaira kusiya musisina kana nekarara. Mubhedha akawaridza, hembe dzaVaMugoti dzainge dziine tsvina ndokudziita dutu. Akapfugamazve ndokukumbira sipo yokuwachisa. Akapuwa bhaa re*sunlight*, ndokutora dhishi onanga kurwizi kundowacha.

Paakazodzoka akanga atova masikati mwana achitaridza kuneta. VaMugoti ndokuti, "Asi wotoshandira kufa nhai, wati tsvina yetsvimborume ndiwe ungaipedze?"

Monica akangonyemwerera zvake, uku atobata huni kuti avese moto agoisa marasha muayini agotanga kutwasanudza hembe dzaakanga awacha.

"Wotomboisa kasadzaka nhai, wati iyo tii yawanwa kare kare ndiyo ingakupe simba rokushanda zuva rose? Chingwa mapepa, hapana zviripo, hachigari muura."Shasha yakafamba yakananga kuzumbu rehuku ndokudzoka yakabata jongwe. "O- chitiyo ichi uite usavi, handinawo chokukutenda nacho."

Monica akabubudza achitambira. VaMugoti vaiti achaenda nayo huku ondodya nanaamai vake, asi vakashama mhandara yamira pasi pomumengo jongwe ratsikwa mapapiro banga ratova pahuro pehuku. Mvura pamoto yakanga yatovira. Akaita chirikiriki, kuwundura, kucheka, kukanga. Pasina nguva hari yesadza yakanga yatova pamoto. Vakazodya zvavo vakati uyu ndiro yake, uyu yake. Mwanasikana akadya semombe yabva kusina mashe. Dikita rakaerera, VaMugoti vakakahadzikana vakasimuka kumutorera katauro pawaya kuti apukute. Akaiputsa ino ndiro yesadza ndokunwira mvura pamusoro.

"Wadii kumbozorora, wochizosimuka uende kumba kuchiri kuchena?" vakadaro VaMugoti.

"Aiwa, baba vakati ndizotevera kana svondo rinouya neChitatu ndanyatsopedza basa rose."Ichi chaiva chokwadi, mwana akanga anyatsorairwa zvokuita kuti agare pamusha paigutwa, uku baba vachizowanawo chokubata.

VaMugoti vakashama nazvo, asi havana kunyanya kuzvishora somunhu wenyama. Kasadza kavakanga vabikirwa kakanga kadyika chaizvo. Vakazotora zvavo sanhu ravo vodzika kugadheni kundosunga-sunga pakanga papinda nembudzi.

Vakazodzoka zvavo manheru, mbatya dzavo dzakanga dzaainwa dzakanyatsopetwa dzakaiswa pamubhedha. Pamoto pakanga patogadzwa mugomo wemvura yokugeza. Vakanyatsozvigeza, ndokuzora mafuta, ndokuchinja vopfeka hembe dzakachiswa. Murume akanzwa kufefeterwa.

Mushure memwedzi mitanhatu Ambuya Muswa vakanzwa mwoyo kufunga shamwari yavo. Mumwe musi vagere nomuroora vachimenya nzungu vakati, "A, ini ndafunga kuenda Buhera kwaVaMugoti ndinotora chigubhu changu ndiwane chokucheresa mvura. Ndakachikanganwa pandakarongedza imwe midziyo."Kwaingovawo kutaura kwemunhu ainyara kuti ndasuwa mumwe wangu. Vakapinda mubhazi mangwanani vakazovirirwa vatosvika. Pavakapinda

muchivanze vakasvikotambirwa nechino chimhandara chaiva napamuviri. Chembere yakademba mari yayo yayainge yatambisa. Somunhu mukuru vakangozvisimbaradza ndokurara rwehope mangwana acho ndokupinda munzira vodzokera pahuro pachinge pakagara dombo nokurwadziwa.

Hapana kuita mazuva Paul auya kuzombodongorera baba. Haana kunge auya nemhuri sezvo aida kudzoka musi wakare. Akainanaidza motokari achipinda muchivanze. Monica akabuda akamonera zambia ndokufamba akananga kumuenzi. Paakabuda Paul achiona chimhandara chaiva nepamuviri akati pamwe mwana wambuya Muswa aiva ashanya. Paakazotsanangurirwa nababa vake kuti aiva mainini, mwana haana mashoko aakataura. Chiso chake ndicho chakareva zvakawanda. "Baba iyi ndiyo mhuri yamava kundizvarira kuti ndife ndiri rombe."Baba vakaona zvavo kuti dangwe ravo ragumbuka. Vakazongoti nechomumwoyo, "Ndogodiiwo ndiri munhu wenyama."

16

Ndiniwo here?

Precity Mabuya

"MASANDI, tsamba yandakambokuudzai nezvayo yazouya nhasi kubva Harare. Ndasarudzwa kuve Director, Marketing Services, pakambani yedu."

"Aa, munotaura chokwadi here? Makorokoto baba. Saka kwava kutosunga kwava kudzoka kuenda Harare?"

"Aizve, iko kupera kwemwedzi iwo uno motogara makagadzirira."

Nyaya inonakidza iyi yakaita kuti tii yamanheru yavainwa inyanyise kunaka. Nechinguva chidikidiki yakanga yatopera vakatozovhaidza imwe mvura.

"Ini zvangu ini vedu, ndinokusvikirwa nani kuHarare? Handina shamwari kana imwe zvayo ikoko. Ini ndanga ndichida kugara kuno kuBulawayo kwandajaira."

"Hapachina nguva yaizvozvo vadzimai. Motofanira kuti mujaire guta guru reZimbabwe."

Pakupera kwemwedzi mhuri yaMhlope yakatamira kuHarare. Mudzimai waMhlope akaregedza basa rake rourairidzi. KuHarare akava nemhanza kwazvo akawana basa reumabharani kuUnited Nations Development Agency.

Vakagara kwegore rese vakatanga upenyu hwemuHarare. Amai Mhlope vaive munhu akazvipira pabasa uye aishanda nesimba. Vakuru vepabasa vakayemura basa remudzimai uyu. Mushure memakore matatu vakasarudzwa kuti vanoshandira kunze kwenyika. Vasvika kumba vakabva vataurirawo murume wavo nerombo rakanaka ravakanga vaita.

"Watii? Wati wakasarudzwa kuti unoshandira kuZambia kwemakore matatu?" akabvunza Mhlope zvino okakama.

"Ehe baba, futi ungati ndiri kurota...."

"Kusvika vosarudza iwe vakanga vakuonei? Havazivi here kuti uri mukadzi wemunhu, he-e? Ko, mhuri yako vanoti inosara nani? Ko, ini murume wako ndinobikirwa nani?"

"Hezvo, nhai baba vaSandi, mungasvora mukana webasa wakanaka zvakadai wandawana? Hapana kure kwandinoenda ini, ndinenge ndiri pano pedyo apa. Pakupera kwevhiki ndinogona kuuya ndichizokuonai."

"Izvo ndezvako. Handina mukadzi anogara uko ini ndiri kuno. Zvinenge zvafanana nokusarooraka. Miedzo yawanda pasi pano. Unopedzisira wave mune zvimwe ikoko."

"Handizvo baba vaSandi. Ini ndiri munhu mukuru, uye anovimbika. Handingambofi ndakaita zvinonyadzisa kudaro. Nemiwo ndinofunga kuti hamungamboiti zvakadaro. Imba tinotsvagirwa, isu chedu kuona zvechikoro chavana vedu chete. Nemiwo vati mungangowana basa ikoko kana mukatsvaga."

"Ho-o, unoreva kuti iwe ndiwe wave murume, ini ndave mukadzika? Ndiwe unenge wonditonga, uchindiudza zvekuita?"

"Aiwa baba vaSandi, handizvo zvandareva. Chinzvimbo chenyu mumba muno ndinochiziva, uye handizombofi ndakachirerutsa. Ruregerero baba kana musina kundinzwisisa."

"MaSandi, uvaudze kubasa kuti ndati handidi!"

"Ndapota baba, nzwisisai VaMhlope. Mamiriro enyika ari kusanduka, ari kusanduka mune zvakanaka nezvakaipa. Isu tinofanira kuongorora kuti..."

"Ndati handidi kunzwa zvose izvozvo. Mangwana kuchiedza uvaudze vakuru vekwenyu kuti ndaramba, hakuna kwaunoenda."

Vakazvinyararira vadzimai vaMhlope kusvika vaenda kunorara. Mangwana vakafumonanga kubasa pasina anotaudza mumwe. Manheru vava kumba VaMhlope vakaimutsidzira nyaya vachibvunza vadzimai vavo kuti vakanga vasvitsa here zvavakanga vavaraira. Vadzimai vakambonyarara kwechinguva murume wavo akavati ndee neziso raitaura.

"Baba vaSandi, basa rekuZambia ndicharigashira namaoko maviri. Patakauya kuno kuHarare makandiregeresa basa rangu roudzidzisi. Izvozvi chitupa changu chakangogara, chizere huruva. Nhasi ndazviwanira basa rakanaka pane reudzidzisi, asi mava kuramba. Munoona zvakanaka here zvamunoita izvozvo?"

Vakambonyarara kwechinguva VaMhlope, iro ziso rakati pasi ndee, ungati pane chavaida kunhonga. Chokwadi chakanga chavabaya kuti dyo-o pamwoyo. Vakambomedzera mate kairi nekatatu, ndokuzoti, "Amai Sandisiwe, nyaya iyi ndamboikurukura navamwe vangu kubasa. Vandipa zano rakanaka fani nezvemukana uyu. Ndanga ndisingazivi kuti mukana uyu chikomborero chinounza kugara zvakanaka. Vatondiudzawo kuti ini ndinokwanisa kutsvaga rimwe basa tiri tese ikoko. Uye sezvo tinenge tichitambira mari nemuyero wenyika dziri kure dzinenge vanaAmerica, tichakwanisa kutenga zvinhu zvinotipa mari yakawanda yekuno tigopedzisa kubhadhara imba pamwe nekuchengetera dzidzo yevana. MaSindi, ugashire basa iri. Vana ndichambosara navo kwazvino tozoona kuti zvichafamba sei."

Amai Mhlope vakanyemwerera, miromo ikasara padiki kusvika kunzeve. Vakatenda murume wavo vachidetemba zvidawo zvake zvese.

"Ndiniwo here!" Karwiyo kerufaro aka vakaramba vachikadzokorora mumwoyo mavo.

17

Natsa kwawabva

Musi Gloriosa Katerere

MUKOMA wauya
Mukoma wauya
Huya uone
Mukoma wauya
Vabve kuhondo...

Ngoma yaidandaura ipo pasi pachiita kunge pachatsemuka nemutsindo. Aya aiva mabiko okupemberera gotwe raAmai naBaba Chinokorei rakanga rabva kuhondo pakupera kwegore ra1979. Veruzhinji vaimuziva nezita rokuti Zivanayi asi rekuhondo raive Tafirenyika.

Hongu, ruzhinji rwose rweZimbabwe rwainge rwachiti tekeshe nomufaro. Hakwaidanwa anonzwa gore iri. Kana nechembere dzainge dzachena musoro dzaionekwa amai nhiya kuda kuendereranawo nevechidiki.

Vanachimbwido pasi painge pachadhirika nekutamba kongonya, kuzoti ivo vanamujibha, ngoma dzaipangurwa kunge dzichabvooka.

Vedu woye, vamwe vaifara, asika vamwe vaichema. Vaichema hama, shamwari nevadiwa avo vakanga vasina kudzoka kubva kuhondo. Vamwe ndivo vainzi vakatsakatika. Vamwe vakafira paNyadzonya,

Chimoio neTembwe. Nherera dzakati fararira nenyika yose pamusana pedambudziko iri.

Zvisinei, Tafirenyika aingunoshushikana zvake nepfungwa apo vanhu vaifara vakamuunganira. Sekai haana kubva mundangariro dzake. Aingunopishana nepfungwa.

"Sekai ndakutaurira kare kuti ini handizvizive," aidaro Tafirenyika akatarisana naSekai.

"Tafi ziva zvako zvekuita, ini hapana mumwe munhu wandakarara naye kunze kwako. Iwe ndiwe wakandibvisa usikana. Tikadzokera kumusha tinoenda tose kumusha kwako. Ha.. Ha... ndi...." Mwanasikana akatadza kutaura neshungu dzakanga dzachiti zvino dhuma pahuro.

"Sekai ndati handichakuda, wazvinzwa. Ini ndakasiya musikana wangu kumusha. Handina kukutaurira here kuti zvidzivirire? Uri munhu werudzii asinganzwe? Hee? Kana iwe wainditora *seriously* ndezvako izvo." Tafirenyika akazopedzisa kutaura otoenda kare.

Zvakazoitika musi uyu hazvina akakwanisa kutsanangura, uye vanhu vakapera mate mukanwa. Sekai akabva pana Tafi iri mhepo zvayo akananga kudzimba dzaigara vasikana pakembi.

Akasvikoti mukakabati kaive mumupanda vhurei, ndiye pabhotoro raive nemushonga unouraya mapete piku, ndiye tsii pamuromo. Akaukwekweta kusvika bhotoro rainge rakazara rati bha ndokuriti pasi gwendere. Nyoka dzaSekai dzikati kwete, izvi hatina kuzvijaira. Mwanasikana akati opopomedza kurutsa.

Vanhu vakazopinda mumba maaiva ari wanei musikana achiti rabada. Ainge ofemera kure kure zvokuti kana kutaura aive asisachakwanisi. Sekai akapona nepaburi retsono, asi pamuviri pemwedzi miviri pakafukudzika. Ava vaviri havana kuzoonana futi nokuti Sekai akabva achinjwa kembi yaaigara.

Idzi ndidzo pfungwa dzakanga dziina Tafi. Kuti afunge kuti sei ndangariro yezvinhu izvi yakaramba yati naye namata aizvishaya. Akaona kuti apa ainge akanganisa. Sei izvi akanga asina kuzvifunga apo akanga achiri kuMozambique? Akashaya mhinduro. Akanga abvisa Sekai umhandara. Kembi yose hapana akanga asingazive kuti

Tafi aidanana naSekai. Akanga amubvisa chimiro nekumuita mvemve chairo pakembi apa paakamuramba.

Mukoma waTafi, Chamunorwa, haana kunge abudirira kuti avepo pamabiko emunin'ina wake. Nokudaro, akanga anyora tsamba yokukumbira ruregerero. Tafi aitokungura kuti deno mukoma akanga ari pedyo aizomutaurira pfungwa dzakanga dzava kumuita gangaidza mukwenyi mhezi yavavira mumwoyo. Ava vaviri vakange vangoberekwa vari vaviri chete mumba mavo.

Zuva rondopinda muna amai varo, mhuri yekwaChinokorei yakapinda mumba nezvipfuko zvedoro ndokutanga kutenda midzimu yayo.

Ee! Vari kumhepo
Tudoro utwo
Tati mutonhodze pahuro
Tichitenda nekuchengeta
Kwamakaita mupwere
Ari mumasango.
Museyamwa donhodzo iro
Rekupomhodza nyota
Musvitse kune vatisingazive
Muti vana vari kutenda
Tafara Mhofu mugare makatarira vana...

Mhururu yakaridzwa varume vachiombera. Rechimangwana, Tafirenyika akamuka rungwanangwana. "Ko, Sekai akaitirwawo here mabiko? Naani? Amai vake vakafa, baba vake haavazive. Akanga achivimba neni kuti pamwe ndaizomuchengeta kana kumubatsira kutsvaga baba vake. Ko, akavaona here baba vake? Ari kuchengetwa nehurumende here? Ko, dai akafa, ndaiita sei? Pari zvino ari kupi? Ari kuitei? Akapona here pamazuva okupedzisira ehondo?" Tafirenyika akazvibvunza mibvunzo yakawanda.

Kwakapera mwedzi umwe nechidimbu kubva pakaitwa mabiko aTafi. Ainge zvino amirira kushevedzwa kuHarare kuti azotanga basa. Mumwe musi akagashira tsamba yaibva kuna Chamunorwa.

Tsamba yaiti:

Kuna Tafirenyika,

Ndini zvangu mukoma wako ndanyora tsamba ndichiti, ko, munofara here pamwe nanamai namudhara? Ini kuno ndiri mupenyu.

Ndodaira kuti makava nemabiko aifadza zvikuru. Chinzwaka munin'ina, chinangwa changu chikuru chekunyora tsamba iyi ndechekuda kukuzivisa kuti ini ndakatizirwa ndiri kuda kuenda kunoroora mwedzi wapera. Saka iwe wondisvitsira shoko iri kuna mudhara naamai. Ndichauya kuzovaratidza muroora wavo svondo rinouya noMugovera. Saka Tafi watova naamaiguru iwe.

Utaurire amai vafanogadzirira tunonaka, ivo vanotuziva. Uvaudze kuti achasara ikoko kwemwedzi mumwe vainaye. Unongondizivawo kuti handingadi kuti mukadzi wangu agare kumapfanya ini ndiri mutaundi.

Saka Tafi ndapota, undisvitsirewo shoko iri. Ndakataurira amaiguru vako kuti tiri vaviri chete saka anofanira kukuda iwewe sezvaanondiitawo. Kwete zvekuzonditoreraka mufanami. Vafana makabva kuhondo hamuna nyanisika imi. Asi iyeye Tafi, pane zvemwana ane tsika dzinozara dengu munin'ina. Zvimwe handichatauri wozozvionera wega nhai.

Farisa vose variko.

Ndini wako mukoma,

Chamunorwa.

Tafirenyika apedza kuverenga tsamba yaibva kumukoma wake akanzwa kufara sekunonzi ndiye ainge ave kuroora. Akaudza amai vake nababa shoko raiva mutsamba. Amai nababa Chinokorei vakabva vangotanga kugadzirira mwenga aizouya pamba pavo. Amai Chinokorei havaikwanisa nomufaro. Bhuku rose rakaswera raziva kuti kune mwenga ari kuuya mumusha waChinokorei.

Zuva rainge rakamirira munhu wose mubhuku raChinokorei rakasvika. Iri izuva raiuya muroora waamai nababa Chinokorei mukadzi waChamunorwa. VaRwaringei sahwira waChinokorei vaingunonzwika kuimba nechekumatanga uko kunova kwaive nenzira yemabhazi.

"Tauya naye, tauya naye nemagumbeze

Muroora, haa tauya naye, haa tauya..."

Vanhu vakabuda mumba vakaona haikona jira rakati kwidiba kumeso kwemhandara. Mwanasikana aiti akati fambe omira, akati fambe omira. Paanenge amira okandirwa mari ozofamba kusvika asvika pamukova waamai Chinokorei.

VaRwaringei vainge vagarwa. "Bvisai jira iro iwe Chinokorei. Unoziva sei kana waunzirwa chipoko, hee? Muroora wekwaani anoda mari kudaro? Tibvisire jira iro!"

Mwanasikana akaramba ndokubva apfugama zvake necheparutivi pemukova. Tafi akazobuda mumba maaive akabata pondo mbiri ndokuti pamberi pemwenga tsve.

Muroora ndokubva ati jira raive kumeso bvisei. Tafi paakangoti bamhamha kune muroora akabva angoti, " Aaaaa! S...e...k...a...i!" ndiye nemanhede ngwanjanda.

18

Shungu

Memory Rugedhla

PAAKAPEPUKA, Kasikai akashamiswa kuona kuti kwakanga kwatodoka. Chimwezve chakamushamisa ndechekuti akanga apinda muchipatara umu nguvai, uye zvakange zvafamba sei.

Paakanga ari kuedza kuti abatanidze zviitiko izvi, akashamiswa kunzwa zita rake richidaidzwa. Paakasanganidzana maziso nemunhu akanga achimudaidza, haana kunyatsoziva kuti aive afara here kana kuti aive arwadziwa kuona mai ava. Chaakangotondera ndechekuti akachema.

Pakutanga vakafunga kuti aive asina kuvanzwa ndokuswedera pedyo naye. Naivo vakanzwa kurwadziwa kwavasina kuziva kuti kwaibva pai. Semunhu mukuru vakazvishingisa kuti vasamuratidze kuti naivo vaive varwadziwa nezvaakanga ari kuratidzika. "Ko, zvafamba sei mwanangu? Uri kuchemei Kasikai?" Uku kwaiva kungobvunzira chirango nekuti kana ani aizviona kuti Kasikai akanga ari kurwadziwa negumbo rake rakanga ratsikwa nemotokari.

Mhinduro vakanga vachaipiwa nani? Kuwanda kwemibvunzo kwakavawo kuwanda kwemisodzi. "Chiregedza kuchemaka unditaurire." Vakaedzazve kumunyengetedza asi mhinduro yavakapiwa ndiyo yakaita kuti vanyanye kufunga zvakadzama pamusoro peupenyu hwemwana wavaive vakatarisana naye. "Iri kungobuda yega misodzi yacho amai. Iri kuramba kupera."

Vakarangarira ushingi hwemwana uyu pane zvavaiziva nezveupenyu hwake. Vakagutsikana kuti kunyange munhu azvishingise sei, pane musi wazvinorwadza wani.

Vabereki vake vakanga vapisirwa mumba pavakatengeswa kuti mwana aive aenda kunorwisa hurumende yaitonga panguva iyoyo. Izvi ndizvo zvimwe zvaimurwadza siku nesikati. Pakangouya vabereki vake mupfungwa dzake, misodzi yake yakaduruka. Akamboda kuzvishingisa akaona kuti godo raive ramugara pahuro raigona kumuuraya.

Dzimwe nguva kuchema kwakanaka nokuti kunotapudza shungu. Mota haripori kusvika rasvinwa. Avawo amai vakangomirirawo kuti shungu dzake dziserere. Naivowo vakazviona kuti uterera hwaive hwamushaisa zororo. Kana ivowo pavakapinda muchipatara ichi vaifunga kuti vanotambudzika kusvika vasangana nemusikana uyu.

Paakabva kuchikoro akasvikawo akazvitumidzawo zita remuhondo rinova ndiro raainyanya kudaidzwa naro. Nepfungwa yeudiki inova yokuda zvinhu nekukasika akazviti "Kasikai Kupedza Hondo." Kana vamwe vake vaimuziva semunhu asingazeze basa. Aiziva mashoko evakuru ekuti simba mukaka rinosinira. Nekudaro, zvaisamurwadza kushandira ruzhinji. Chaive chomurwadza zvikuru pari zvino ndechekuti hapana akanga achadawo kumuitira chinhu.

Chokwadi chakanga chomurwadza ndechekuti akanga aona seasvika kumagumo esimba rake. Asati awirwa nenjodzi iyi, aisitengesa zvekudya pamusika. Apa ndipo paakaziva amai ava vaakadzidza kuda semubereki nekuda kwerudo rwavaimuratidza. Vaimubata semwana wavo.

Akayeuka paakambobudisirwa zvinhu zvake mumba nekuti aive ashaya mari yekubhadhara rendi. Amai ava vakamuti agare nemwana wavo sezvo zvinhu zvake zvaikwana mumba. Mwedzi iwoyo wakazopera ari pamba apa. Izvi zvakamuita kuti aremekedze amai ava. Ichokwadi kuti Mwari havapi neruoko, vanotuma vanhu vavo kuti varatidze rudo rwavo muvanhu. Paakaona kuti zvekugara mudhorobha aive azvitadza, akafunga kudzokera kumusha. Dai aiziva angadai asina kumbobvira akuenda.

Hapana chinhu chinorwadza mwoyo sekuziva kuti vanhu vawakakura navo havachadi kutaura newe. Kana vana vadiki chaivo vaive vaudzwa rungano rwake vaive voti vakafananidzwa naStembeni

vaitsamwa. Kana ari majaya aiti akanzi ndiye murume waStembeni vairwa nemunhu iyeye kusvika simba ravo rese rapera.

Nhasi uno vanhu vave kumuona sechikara asi akaita kuti naivo vakasara mudzimba vazogarawo munyika yakasununguka. Nhasi ava kuudzwa kuti haana kudzidza nekudaro haana basa raanokwanisa kuwana. Haachisina chaanokwanisa kumira nacho achiti ndechake. Kachipepa kaaive akatsamira kaiva nemvemve regumbeze raaive atenga nemari ye*demobilisation* ndiko chete kaaikwanisa kuti ndekake.

"Makanga makazvironga here Mwari kuti kune vanhu vakazvarirwa kutambura? Ko, zvazvinonzi rugare rwunouya mushure mekutambudzika? Inga pamakore makumi maviri nemanomwe ese aya ndanga ndichitambura wani?" Iyi mibvunzo yekuti kana naiye aiona kuti haawane mhinduro.

Paakazonzwa shungu dzake dzaserera, akatsanangura maroverwo aakanga aitwa nemotokari iyo isina kumbomira kutarisa kuti aive akuvara zvakadii. Ichokwadi kuti shungu hadziurayi. Dai dzaiuraya mwoyo wake ungadai wakatsemuka neshungu. Pwere dzakazvarwa achiona dzakanga dzatovawo kungomutarisawo semunhu akakundikana muupenyu. Ugamba neushingi hwakanaka hahwo, asika, hunoparira. Vanhu vanozomira pachuru chemumusha wegwara kunongedzera paimbogara gamba iro rinenge rafira ushingi. Zvino dai akanga anzwisisa izvi pamwe angadai asina kukanda upenyu hwake mukati meminzwa yakadaro.

Dzakazove ndangariro dzakatevedzana dzamara hope dzamuba. Paakazopepuka, akambopinduka kutarisa kune rumwe rutivi kuti aone amai vaya vaaiziva kuti vaigona kumubatsira. Rombo rakaipa kana rapfunya chisero pamusuwo wako haribvi. Nhamo ukaiudza kuti hauna pekuigadzika inouya yakatakura chigaro chayo yega. Amai vaya vakanga vazviendera zvavo. Zvakamunetsa kuzvitenda akambopukuta maziso ndokuona kuti idi vakanga vaenda. Akazongokaruka aridza mhere ndokuzonzwa vanhu vese vaive maari vave kuseka. Ari kune rumwe rutivi akadaidzira kuti, "Anenge ari kurota achichema." Mumwe akatiwo, "Anenge ava kurwarira kufa."

Pakupedzisira mumwewo mupurisa wemuchipatara ichi akasimuka ndokusvikomudongorera kumeso ndokubva adzokera pachigaro chake achidzungudza musoro. Mumwewo mukadzi aive

achangopindamo akabvunza kuti munhu aichema uyu aive aitwa sei. Mupurisa uye akasimudza ruoko achitaura kuti pfungwa dzomunhu wacho hadzichatora zvakanaka.

Panguva iyoyo pakabva papindawo mukoti wechirume akabva aenda pamubhedha uye ndokubvunza achitoseka zvake, "Tonokudzosera panzira pako paunogara nokuti waporaka? Handiti kutonyaudza vanhu kudziirwa nemagumbeze emuno? Unoziva mubhedha iwe dai kusiri kuuya kuchipatara? Iye atokutsika akubatsira, hezvo wazodyawo chikafu chisiri chekunhonga."

Apedza kutaura mashoko anobvarura mwoyo kudai, mukoti uyu akatofamba zvake achienda kunotaura nemumwe mukomana aifamba nemusikana aikwanisa kunge ari wezera rimwe naye. Bundu rakamugara pamwoyo pake reshungu akarinzwa rave kuita serichamutadzisa kufema. Akatozozviona kuti paive pasina aimucheuka. Chokwadi aive angove ega munyika yaakanga azvipira kufira.

Kuti dai akadai asina kubiwa nehope angadai akataura nemudzimai uya anove ndiye ega aimuonawo semunhu? Dai pamwe akakasika kupepuka angadai akabatsirika. Dai akakasika kuona chiedza chekuti chindoendawo hachibatsire. Kuti dai aive iye akakasika kufa mwoyo wake usina kunyanya kurwadziwa kudai? Dai... akadzamara akabatwa nehope zvakare.

19

Uchandoshopera

Barbara Makhalisa

NDAKUNZWA. Waridza tsamwa ukati, "Kachembere aka! Ko, kashatiriswa nei?" Uri kutobvunza zvako? Handisi kuzokupindura kunyange ukandinyengerera sei. Mvura yaunondipa handisi kuzogeza. Usatambe nenguva yako uchindipfugamira kundipa zvekudya. Handisi kuzozvibata. Ndakazarirwa nehasha. Unototi utange wakumbira ruregerero kuna amai vako.

Yowe-e! Mave kurasa tsika takangotarisa veduwe-e. Ndakunzwa ndikatarisa pasi. Ndazvibvunza kuti ndicho here chibhamu changu ichi? Iruva rangu ringaburitsa zvinovava kudai? Kwete. Ndanga ndakateerera uchikandira amai vako makobvu ndikadzungudza musoro. Ndakunzwa uchivhuruvhuta, uchiti munhu wacho havazirivo vakasarudza. Wakazvisarudzira. Ndanga ndakateerera pawanga uchiti munhu wacho anodiwa newe, kwete naivo. Ndakunzwa uchivhaira sehari iri pamoto ndikanzwa moyo wangu uchiti ndikubate ndikubhagadure netsvimbo. Pfugama nemabvi utende midzimu yokwako nokuti ndava chirema. Ayika! Bvunza baba vako kana uchiti ndiri kuseka. Tsvimbo yangu iyi yanga ichakuzvambura kusvika wati tasa. Zvinoita kuchembera! Akanatsa kuzvizororera Somkhonto. Ndini uyu ndave kungokuvarira mukati neshungu? Nhai musikana, uri kuitireiko mapipi nemubereki wako? Watendeuka ndikakuona uchirovera gonhi nzeve dzangu dzikavhara.

Ndashamiswa nazvo ndikapedzisira ndaombera maoko pasina ari kudzana. Pasichigare zvakanga zvisiko zvose izvi. Asiri mashura here? Zvaiera, ndinopika naSomkhonto. Ndakunzwa, wati imi mave kurarama upenyu hwemazuva ano. Wati amai vako ibofu here risingaoni kuti upenyu hwave kusanduka? Ho, nhai. Upenyu hunosanduka asi hausanduki, hwakafanana nevhiri ndikuudze.

Muzukuru, bvisa zvimuti munzeve uteerere. Ndinoda kuti unzwe, undinzwisise. Ndavaona amai vako vachichema misodzi. Moyo kurwadza handiti mweya wokubereka? Dai vasingambozvinetsi kuitisana nharo nepwere yavakabereka. Kasvava kavakarera kangavarutsira zvakaora? Uri kundinzwirawo izvi here nhai Somkhonto?

Teerera iwe gudzasoro rizere mvura. Hausisiri mhandara yangu yakanaka kusvikira wadzokera mugwara. Dai vakambokuregera amai vako, utsike mumazimbe emoto akati piriviri ugonzwa kutapira kwawo. Amai vako vari kurevesa zimhandara. Ko, handiti vaona makumi mana emaKisimusi? Unofunga kuti ndeekutamba nawo? Ini ndakaberekwa mugore renzara. Takabva nako kwese kwauchiri kuedza kunanavira. Neniwo uchindiona kudai ndakanga ndakazvisarudzira Somkhonto wangu. Asi vakatotanga vaongororwa sekuru vako vachida vasingadi. Dzakasangana harahwa dzikaenda kun'anga kundotsvaga zvese zvedzinza rekwavo dzikagutsikana nazvo. Harahwa dzaitsunyidzana fodya dzikabvunzana kuti mukuwasha mutsva akanga riri bere here kana kuti chipfuwo.

Madzimai akabvunzana kurwizi kuti hakuna mumwe wekwavo ane ruoko? Vakabvunzanazve, panodyiwa pachigutwa? Mutuvi wemukaka unoraswa here pamba pavo? Neni ndakadawo kuti chokwadi chitsvagisiswe. Vaitonetseka kunge vari kunetsekera hupenyu hwavo pachavo, asi kwete. Iwe ndipo paunotobvunza kuti amai vako vanozvinetserei. Vatsvage here mumwe murume asiri baba vako? Sekuru vako vakange vakapika kuti huni yemuti usingazivikanwe haiveswe mumba. Baba vako vakati kunyepa. Tsvimbo yakanaka inowanikwa kunyika dziri kure. Muroora wangu ndinodada naye. Vakawanda vanotobvunza kuti ndakamupa mupfuhwira werudzii. Handiziviwo kuti iye akandikurungira mahewu erudzi rwupi.

Hazviwanzoitika. Kana baba vako vanonzi vanopenga, ihwayi chaiyo kuna MaSengwayo. Ozoti iwe zvako pwere yanezuro pano ndiwe unoti haana kubudirira, haana kudzidza! Zvirarire zvako Somkhonto!

Chinzwa. Uchiona amai vako vakadai, havana kungowira kuroorwa semunhu ari kudonhera mudziva. Vaizonyuramoka vakafa. Vaitorwa nemvura. Vakatanga vapima madzikiro edziva nedanda. Vekumusha kwavowo vakatanga vaongorora vakagutsikana. Newewo uchaenda kunoshopera. Kana achikuda achabvuma kuti mutange manoonesana kun'anga. Pasichigare takange tisingazvizivi kuti kune shumba dzinodya munhu kubanda kusiya dehenya. Uri kundinzwa?

Takanga tisingazvizivi kuti jaya rakasvika, rakanaka rinogona kuve dura rehutachiona hunouraya. Takanga tisingazvizivi kuti mhandara ine runako runobaya nyange Satani chaiye ingafuga jira rerufu.

Hongu, munhu wako unomuda. Murume, asi zvinoerera muropa rake unozviziva here? Endai munoshopera mese mugopinda mune ichi chisungo choupenyu muchinyatsoziva zvamuri. Handiti n'anga dzenyu dzemazuva ano hadzitore nguva kushopera uye vanoita nenzira ine utsanana? Kana akaramba kuenda kugumbwa iri, umuchenjerere. Anenge asingakudi nemoyo wese. Anenge aine chinangwa chekukuparadza. Rangarira mashoko aamai vako. Miromo yevakuru haiwire pasi. Ayi!

20

Wadiwa sekuru

Ruth Gabi

NGUVA yose paiva nemufaro kana Sèkuru James vauya kupera kwesvondo. Tsungai navanin'ina vake vakadzingirira jongwe noruzha rwomufaro apo rainzvenga nomumimengo. Sekuru James vaive mwanakomana wambuya, chigumisirwa, wavaifarira. Vaive mukuru wechikoro chepuraimari mudhorobha. Vaive nemotokari.

Tsungai navamwe vana vakatarisa chimiro chavo chirefu vachivamhoresa nezizwi ravo raidzvova. Aidada navo sekuru. Aitarisira kuve mubatidzi sezvo akange anzwa vachitaura nezvokuda kuchata paizopera gore. Aitarisira mabiko. Baba vake vaive neidi kuti vachauraya mombe. Asi pari zvino vaitarisira zvavo kudya matumbu ejongwe avaigocha pamoto apo ambuya vaikanga nyama.

Pagurumwandira ravana vose sekuru vakasarudza Tsungai kumupa chidya chose chehuku. Sekuru vaiva netsitsi nomoyochena. Akanzwa kufara. Akafungawo kuti akapuwa nokuti ndiye aive musikana mukuru. Akanga ave kutosvitsa makore gumi namaviri uye akanga asingaite ruzha sevamwe vana. Sekuru vaitaridza kumufarira nokumubhabhadzira pabendekete. Mwanasikana akanyemwerera achinyara sezvo aiziva kuti maziso asekuru aive achifamba-famba nemuviri wake wose. Iye aivataridza rukudzo sezvo baba vake vaishanda kure, kumugodhi uko vakange vanguri vaenda. Sekuru ndivo vaitove baba apo aigara nambuya.

Vapedza kudya kwamanheru vakaburitsa redhiyo ndokuiisa pavheranda ndokuridza marekodzi ayo ainge achangobva kudhorobha. Vaisvetuka, vachizvonyongoka, vachiseka apo vaida kuona kuti angatambe kupfuura mumwe ndoupi muchiedza cherambi. Tsungai aifara kuti sekuru vakange vamusarudza kuti vatambe naye vachimuratidza matambire matsva. Aida kuzodadira vamwe nokuvatambira kuchikoro. Sekuru vaitamba zvakanakisisa ambuya vachiuchira nokuridza mhururu apo vaive vakatarisa.

Pakatotanga rwumbo rwepiri sekuru vakadaidza Tsungai. "Enda unonditorera mvura yokunwa," vakadaro sekuru. Chiriporipocho akabva angonyangarika murima akananga kuimba yokubikira iyo yaive chinhambwe kubva kumba huru. Akazarura musuwo ndokunanga padhishi rendiro ndokukotama achitsvaga kapu.

Aingunoimba zvake apo akavhunduka akabatira kapu muruoko. Mumba maive nomumwe munhu. Murima imomo akaona chimiro chemurume murefu achifamba akananga kwaari. Vaive sekuru vake.

"Yesi mhani Tsungai," vakadaro nenzwi ravo gobvu. Vakaisa ruoko rwavo pabendekete rake. Tsungai haana kana kusuduruka. Paive pashata. Haana kukwanisa kutaura. Akavhunduka ndokungoramba amire panzvimbo iyoyo. Ko, chiiko chakanga chava kuitika? Vaive sekuru vake here vaimubhabhadzira pabendekete?

"Wave chimhandara zvino. Ini ndiri murume. Unofanira kunzwisisa zvinhu izvi," vakadaro vachiita zvokukaringwa nemate. Maoko avo akabva ananavira mazamu akange ave kutukudza. Noruoko rwavo rworudyi vakakurumidza kuvhara muromo waTsungai. Noruoko rworuboshwe vakabata nomuchiuno ndokumusaidzira nepamusuwo vachimuisa murima.

Akamira pasi pomumengo. Akange achidedera. Ko, chiiko chaakange akanganisa? Ko, chii chakaita kuti sekuru vake vadaro? Pamwe hamheno zvaakanga aita zvisina kunaka. Pamwe akanga asina kuita sevamwe vasikana. Kuti aiva neshavi, mamhepo asina kunaka? Pamwe ... Ko, mbuya ndikavaudza, vangabvuma? Kana vakazviziva chete vanototi vamurove vagomudzinga. Zvino chikoro chinobva chapera. Ko, zvino aigoita sei? Sekuru vaizomuvenga zvino. Iye akange atove kuvavenga.

Akanga asisiri muzukuru wavo wepamwoyo. Misodzi yakauya. Yakanaya apo aipfikura akazendama nomuti. Pava paya, akazonyarara ndokunanga kumba yakange irere vamwe. Pakupera kwesvondo rakatevera haana kuenda navamwe kundogamuchira sekuru nokutakura zvokudya izvo vakange vainazvo mumotokari. Akamira zvake padyo nemba yokubikira achidzvura nzungu idzo mbuya vaida kuzokuya dovi rokuti sekuru vatakure vaende naro kudhorobha. Sekuru vakamuona. Vakatora bhodhoro re*coca-cola* ndokumudaidza. Akavatarisa. Kwaari sekuru vakange vangovewo munhu waakanga asineyi naye.

Sekuru vakange vamusandudzira mune zvechikuru zvisina kunaka. Tsungai akakonewa kuvapa ruregerero. Sekuru James akange asisinei navo zvachose. Akaramba kunyengedzwa ne*coca-cola*. Akatarisa pasi akati tu kushatirwa.

21

Matsotsi

Ruby Magosvongwe

VOSE vakavarairwa, akasvika matsotsi akabvoronga musha waive wakagadzana zvekubaya mwoyo yavose munharaunda yeMarondamashanu. Shangwa yepamusha paVaTinarwo yakaita kuti dunhu rese rizengezane. Kana iyo Harare yakatenge yauya kuzopfunya chisero pamusha pavo nemanyawi ayo ese. Akatanga ndiyeka nevanji wavo aive asisabvisi nguwani yebasa mumusoro achihwanda nenyaya yekuti aizorangwa kana akapfeka nhumbi dzebasa achisiyirira. Vamwe vakadobvunza kuti kana ivo vekamba ndipo pavaitevera nekumusha here vachiongorora kusimuka kwake zvese nekugara, asi rume rakaramba rabatirira pamutemo webasa. Kunge aive atanga kushanda basa iri gorero izvo aive atoita chimera musoro wese ari pabasa rake iroro rechipurisa kubvira zvaaive apedza fomu yake yechina. Idzo mbatya dzebasa dzaigozopfekerwa pamusha munhu ari pazororo kuti kamba yaiva yanyuka pamusha pavo here? Ava vanhu vaingotaura. Vamwe vaiti kwaingove kuda kushamisira mumaruwa nemunharaunda yavo.

Vadzokera kubasa Babamunini Tafirenyika ndivo vakazongonyeurira hanzvadzi yavo: "Tete matsotsi ndinoaziva ini. Mukomana uyu kuti pane kurefu kwaachasvika? Kana kukohwa tichakohwa naye? Maiguru vandidaidza kuti ndionewo muputi muputi mumusoro maMejazve apo vanga vachimuveura musoro.

Hautarisi kaviri tete. Mukomana uyu kana pane vaakaseva navo iye mukadzi ariko kumushako hameno. Zvino zvaoma. Vakasasana kare tisu denga richakatseyama. Zvazvino hazvina ndakachenjera." Vakatura befu ndokudzungudza musoro vakabva vabata chirebvu muzvanza zvemaoko anga akatakurwa nemagokora aikaronge achatunga tuzvidya twavo twainge mirenje yendongwe.

Vahanzvadzi vavo havana kugona kupindura. Vasati vaenda nepi runharembozha rwakabva rwachema murume ndokungodzungudza zvakare musoro akakwinya kumeso kwainge kwoita kunge mvura yomunhuruka yoodzvora. Aingokwidza dzihwa sepwere, tete vakabva vaziva kuti nyaya yainge yaoma. Akazongopedzisira oti, "Ndiri kuuya izvozvi kuti ndifambise mapepa ose sezvo mudhara ari kumusha. Ehe- tumai chikomana chidiki ichi chifanotungamira neshoko, isu tozobva tatevera nemutumbi zvese kana zvapera."Achipedza akatura befu ndokukanda nharembozha mumbudu yepasheti yaaive akapfeka. "Ndizvoka tete zvandange ndichareva. Mudhara hameno kuti tinomunyaradza sei. Denga rake rawa."

Hapana akapindura. Vatete vaingoshinyira vachipfikura semwana ari kurumirwa mumachira. Vakaramba vachingopfikura vagere musofa vachidemba mwana wehanzvadzi yavo aive avasiya pachena. Hanzvadzi yavo ndiyo yaive yagadzikwa pasi nezvaMeja sezvo (raingova zita remadunhurirwa ranevanji waVaTinarwo), Meja ari iye aive akabata mhuri iyi. Ndiye aitakura matambudziko ese emusha.

Zvichingoti perei, voronga nyaya yenyaradzo vamwe vachiita nharo vachida doro rehonyi, baba vaTapiwa avo vaitevedzana nanyakuenda ndivo vakazopedza nyaya. "Musangozvinetse nenyaya dzakawanda-wanda. Ngatitarisanei neshirikadzi nevana vasara ava. VanaMaitezvi vachiri vadiki, vanoda anotonyatsochengeta. Mari dzepenjeni ndakatodzifambira naivo maiguru svondo iri richangopfuura zvikafamba. Ndakati ndikasuma tingapedze gore rese vanhu vachingoita matare iyo nguva ichipera. Vakuru vakuru vekubasa kwamukoma vakagadzirisa zvese pasina kana nedambudziko. Maiguru vangangokuturikirai mafambiro atakaita."

"Usadaro Moyo! Kuti vamwe nemisodzi haisati yaoma wototanga kuronga dzepenjeni. Unoziva kubereka kunorwadza Chirandu? Dai akararawo pabonde mwoyo wangu waichena." Chembere yaVaTinarwo yakabva yatanga zvakare kuungudza.

"Mungasadaro mune hanya nesuwo here mhai tisina chatinokupai? Mungasafara kuti mari yevazukuru venyu yatogadzirwa kuti vagone kuwana sadza, chekusimira zvese nechikoro—?" Asati ambopedza mudzimai waMeja akanga aipisira. Akange abaya chembere paronda ranga richakanyenama, ronda raipisa.

"Ungasafara handiti mariyo ndiyo yawanga uchichemera? Handiti vako unavo? Wanguka ndiye ava churu chomunywa nemujuru? Ungasafare chii chawakarasikirwa nacho? Kana ari murume, unongowana mumwe, asi mwana wangu hapana chingamutsiva." Chembere yainge yogofa zvitsiga zvaive muchoto ichibvunda nehasha yawana pekupedzera shungu dzayo. Ronda rekufirwa raive ronyeketa mumwoyo wayo.

"Kwete handizvo vahanzvadzi. Chidzora mwoyo. Muroora akanganisa." Harahwa yakadimburira hanzvadzi yayo.

"Ndichinyarara mazinyi iye achifarira mari yemwana wangu? Sekuru munoziva upenyu hautengwe? Kana iye kufarira mariyo anga ati achema riini? Mukati ndiye mudzimai wemwana wangu here kana kuti ipendeke yemapoto? Chaangabva anyanyofarira pasina kana musi takotsa mwana wangu chii? Vasikana rugare munapota muchiita rushoma. Handiti wakaberekawo? Uchazonditaurirawo rimwe zuva. Rugare runokupa kurasa pfungwa zvakadaro? Ho-odo! Seka zvako Musekiwa." Chembere yakaridza kachikuwe kunge rugare ikabva yaumburuka pakatehwe kembudzi payaive igere. Imba yose yakangoti mwiro-o, vaivemo vakatanga kubuda rumwe rumwe kusara kwaiye muroora akazongotorawo mugomo wemvura waive uchakaronge wakazara akaukuturira muchikwere chemadhadha oenda kuchibhorani chaive pedyo.

Airondedzera nyaya iyi ndiBabamunini Tafirenyika vaingunopunyaira neshungu mumwedzi wanga uchangogara pasina kana masvondo matanhatu chaiwo baba vaTapuwa atevera mukoma wake, Meja.

"Zvino tochiona iye muroora, iye mai Tapuwa kuti achasvikepi. Handiti akazvitakura? Tochiona chiri mukaticho chikararama. Mukoma wangu nhaka vachadonha nepfungwa vachifamba. Ivo maiguru neshungu dzavo vakasazvisunga hameno. Votoda kugara vachifudzwa nekuti shungu dzavo hadzina kunaka. Dai vapiwawo nguva yekumbonyaradzwa. Uri munda kana ndima chaiyo, unosiya dzimwe mbesa dzichimbokora. Zvino kubva wovhuna ndima imweyo? Kana manyaradzire acho vanhu vanoita zvekudii?"

Vakabva vadimburirwa navatete, "Mukati hapana chingada kufambirwa here sekuru? Hazvisi zvega izvi. Handiti uyu Kerina takamufusira muna Zvita angoti musoro ukava musoro? Ndira vhu-u ndiye Meja akaita churu seri kwemisha. Nhasi ndiye baba vaTapuwa. Handiti tiri muna Kurume? Kana ariwo matsotsi anotaurwa ndiwo anoti nemba imwe chete namata? Zvimwe tiri vana vadoko asi zvinoda kutsvara izvi Chirandu. E-e kufa kwakauya hatirambi, asi kuita kunga imba yemukoma wenyu ndiyo yega Njanja yese? Pafungisisei Chirandu. Batsiranai namukoma tisati tasosa musha wese." Mudzimai mukuru aitaura nezwi rizere kusuwa akati nde-e kuchigaro chaiva chigere hanzvadzikomana.

"Madirei kusvitsa ndangariro dzenyu pakadaro vatete? Kana vakatadza kugonyera pamwe vakomana ava mati pangaite godobori angarumike chakabaya chikatyokera akazvigona? Mati tikazvitsvaka zvingashaike here mukweguru? Hakata hadzishayi. Dzikananga imi munozviramba makamira pai?" VaTafirenyika zvino vakabva vatanga kurovera nhekwe yavo pakabvi kavo kaikaronge kachatunga muhovhorosi yavainge vapfeka musi iwoyo kuitira basa raive rovashayisa musi nenguva mumba yamukoma wavo.

Vakarusimudzira pakare. "Mati panewo munhu angararama zvekumera nyanga here mukore uno? Hapana angarutiza kana rwada zvarwo. Mukanzi nongedzerai mumba marwaifanira kutora munganongedzera ipi? Nezvikonzero zvei? Inenge ichingori nguva yacho vatete. Zviya zvekare zvamaiti ibango rinenge resekesa ndezvekare. Tingangonetseka nechikomana chirere ichi dzinongove ndangariro dzakamubaya. Musakanganweka kuti vakomana ava vaive vari tsika nditsikewo. Kana patakadzikisa mutumbi waiye Meja handiti takatadza kumubvisa parinda achiti aida kubvuma neake meso kuti mukoma wake aive arara? Munoti kunyarara kwaaive akaita

kushinga semurume? Shungu dzake dzakaramba kuserera. Zvichida hana yake yakatsemuka akangoshuwirira achiti angavhundutse vanhu vachiri kuchema."

Mukuru akakweva tubute twaive muchanza ruviri kana rutatu ndokurovanisa tuzvanzatwo twaiita semapande. Kamwe kachanzako kakasimudzwa ndokupukuta mhino nekachirebvu kaive kakati mburetete sechimera chiri pazuva.

"Sekuru mungadaro asika inhamo iyi. Dzava shirikadzi ngani? Vazukuru vangani? Kana zviripo ngazvigadziriswe madzimai aya atorarama achengete nherera dzawo. Chokwadi mukoma Tinarwo vachadonha vachifamba. Ivo amaiguru? Vanhurume muri nane makasimba. Shungu dzekubereka! Kuona here zuva nezuva vana vako vachingofutsirwa semarara? Zvitsvakei. Kana ari matsotsiwo mwoyo waamaiguru unochena? Nei?"

"Vatete ungachena kuti ndivo vega vakabereka here nyika ino yese? Mubvunzo unongovabaya ndiwoyo wekuti sei chanangana navo vega ivo vakapangawo sevamwe? Ndinoona kuringa nameso zviri nane pane kurwa nechinokurira. Kufira murima kuri nane vatete pane kufa tisisakwazisane vana vanyamunhu. Pasinazvo kana iwo madzitezvara evana vedu vakazviti fembu kuti matsotsi, munoti pangabuda chakanaka? Zvatanzi tisazive hazvisi zvedu vatete. Ngatibvumei kuti takundikana."

Vana vanyamunhu vakazongobvumirana kuti gakava hapana kwaraivasvitsa. Chaivepo kwaitove kuita mataonerapamwe chuma chemuzukuru kuti mushakabvu agadzirirwe mafambiro erwendo rwake. Bva, machemero emudzimai waVaTinarwo kumusha pakasvika shoko ndiwo akachemedza vese vaive vaungana kuzokumbura maoko. Kana varoyi chaivo vakaidonhedza misodzi nekurwadzirwa chembere iyi:

Gondo harishayi kani hama.

Hunzi kushaya nhiyo rinotora marara!

Zvitiyo zvangu zvabiwa negondo kani vanhuwe-e.

Chimwe zuro rino. Chimwe nhasi.

Ndakatadzeiko ini?

Ndinozvionerwa naniko mhai?

Mhai mandisekereiko ini?

Ndoendepiko kusina rufu?

Rufu wandioneiko ndega ndega ini?

Vamwe vanopiwa nguva yekuchema wani?

Ndakanyanyopara yakakura seiko?

Mwari muriko here?

Aiwa kani kunyepa imi.

Ndibatsireiwo kani kutsvaga munyaradzi.

Hamawe-e ndabayiwa kani.

Majaha angu aenda kani.

Andisiya pachena majaha aya.

Iye zvangu zvanyanyisa kunaka.

Meja wadaidza mununúna wati ndosara naniko?

Meja wandiseka mwanangu.

Baba va Tapuwa wadiiko kurambawo mwanangu?

Wàona kwakanyanyonaka seiko ikoko...

Chembere yaingondeya nechivanze yakabata ura. Zviya zvekuti vatana havachemi hupaona. Vatana vamwe vaivapo vakaiyeredzawo misodzi vakabvumirana kuti vambovasiye vachichema kuti bundu ravo riserere kana zvaigona. Bva, kuzosvika kwakaita mutumbi pamusha ndiko kwakavakohovedza. Vanhu vakatomboita batai batai chembere yambonyarara. Chokwadi hazvaikurukurwa wakati gunguwo.

Asi sekunge vapengenuka, chembere yakatora chitswanda nechimwengo yotoenda zvayo kubindu raiva pedyo kwayaiti yaindotsvakira vaeni chekupa mukuwasha dumbu kuti vasanyunyute. Varoora vakakatyamara nazvo asi chembere yakangovanyaradza ivo nemazwi akanyorovera.

"Mati pane paanga achararama kusvika Jesu auya here? Vatorana havozve nenguva yavo. Neniwo mati ndichine mazuva mangani? Tototénda nemwaka iyoyi yatakapiwa kuti tive navo. Padoko ipapo ndinozvikudza. Kugununúna uku dzinongove shungu dzekubereka. Chiregai nditsvagire mhomho iyi yandiunganira chepaura."Nemazwi aya yakabva yati nyengu ichibva pamusha ichiteedza kamuswaswaira kainanga nepadanga naiko kubindu kwairehwa.

22

Hupenyu

Valeria Chaukura

KUMESO kwake kwaive nemaronda manyoro. Rimwe ramaronda aya raive rakasonwa, shinda nhema dzakangoti nyangarara pamusoro. Kana daizvo mwanasikana uyu aive nechimiro chakanaka hapana murume akambomutarisa muhotera maaive. Ini zvakandirwadza moyo. Ndakasimuka ndokuenda paaive ndokumutengera doro. Akati zvino anwa mabhotoro ane chitsama, anyevenuka, ndipo paakazondiudza rungano rwake.

Muna 1980, ndimo makatanga kushanduka upenyu hwake. Baba vake vaive ndivo chete muriritiri mumhuri, vakafa mutsaona yebhazi rakatsika chimbambaira. Amai vavo vaingove nevanasikana chete vakanzi vatute twavo, vabve muraini, nokuti vakange varamba kugarwa nhaka nababamunini. Vakanzi zvavakange vasina mwanakomana aizoona mamiriro ezvinhu pamusha pakange pasisina chokugarira. Amai vakazotorana nevakunda vavo ndokundogara mupurazi raive pedyo.

Amai vaMaidei vakatanga kunwa chaizvo, vachishanyirwa navanhurume vakawanda. Pavaiedza kutsiurwa nevamwe vaingopindura vachiti, "Vana vangu vanoda kupona." Ichokwadi, vana vakararama. Kana daizvo vakange vasingazvibate, amai vaikurudzira vana vavo tsika dzine unhu, vachinyatsovatsananguriranga ngozi yokusazvibata. Pakazoti Maidei ave mhandara amai

vakabvunza vachida kuziva pamusoro pomurume uyo aiwanzouya pamba achida kuzoona mwanasikana wavo. Maidei ainge ave kufambidzana nomudzidzisi wapapurazi. Shamwari yamai vake ndiyo yakamiririra satete. Maidei akaroorwa zvakanaka zvakayemurwawo nevasikana vose vapapurazi.

Pakaita gore Maidei asati anonga pamuviri. Amai vaMaidei vakatambudzika. Vakaenda kun'anga vakaudzwa kuti Maidei haaizoita mwana kusvika mudzimu wababa vake wagadzirwa. Izvi zvaireva kuti amai vaMaidei vaitozodzoka kumusha kwavakange vakaroorwa, kunanatezvara, kuti vagorova guva. Zvairevazve kuti paitodiwa mombe nembudzi nedzimwewo mari. Uyu waive mutoro wakarema kuna amai vaMaidei. Vakazoenda havo kwanatezvara kundotsanangura zvaitadzisa mwana wavo kuita mbereko. Munhu mukuru aivepo aive babamunini avo vavakange varamba kugarwa nhaka navo. Vakaramba kuzviteerera kusvika amai vaMaidei vabvuma kugarwa nhaka.

Maidei akange amboedzawo kuchipatara chiremba akamuudza kuti asanyanya kufunganya sezvo zvaizoita kuti muviri wake ugare wakasungana orega kubata pamuviri.

Murume waMaidei haana kutaridza kunzwisisa, akange asisade mukadzi akanga asingakudze rudzi. Maidei akarambwa nomurume. Haaikwanisa kuenda kumusha kwababa vake sezvo pakanga pasina kufambidzana pakati pehama dzokwababa naamai vake. Pakange pasina munhu akazvipira kuzomuchengeta. Maidei zvakamuodza moyo. Pavakatora roora raakabvisirwa vairatidza sokuti vaive vachifarira Maidei izvo kwete. Zvino zvaakange arambwa nomurume hapana akanga achada kunzwa nezvake.

Maidei akaona kuti hapana akange achamufarira papurazi kana kumusha kwake. Akafunga zvokutsvaga basa. Paive nehama yeshamwari yaamai vake yaigara kuHarare yaitsvaga munhu anotsvaira mumba nokuchengeta vana. Maidei akaenda Harare, haana kumbonetseka nebasa kana nepadiki pose.

Nhamo yake yakazouya apo baba vemba vakatanga kuita meso meso. Maidei akanzwa kunyara nazvo. Akange zvino otya kuti akazvitaura kuna amai vemba vaizomuti ipfambi yaida kuputsa muchato wavo. Akasiya basa ndokutsvaga rimwe.

Mumwe musi achizvifambira hake, akasangana noumwe musikana aiziva nezvenzvimbo yekutsvagira vanhu mabasa ye*employment exchange*. Musikana uyu akange achitobva kundotora mwana wevanhu vaaisevenzera kubva kuchikoro mutaundi. "Unokwanisa hako kumbouya kuzogara neni uchitsvaga basa," akadaro musikana uya.

VaMaidei vangu hatina kuziva kuti ugaro hwaitaurwa neshamwari hwainge hwakaita sei. Iyi yaive nzvimbo yaigarwa navasikana vakawanda. Vaigara pamwe chete kuitira kuti vabatsirane pakubhadhara rendi nezvimwe zvakadaro. Shamwari yake yakatofara kuwana munhu wokuzobatsirana naye kubhadhara.

Maidei akafunga zano rokutsvaga mari akaona kuti paive pasina dzimwe mhindu kunze kwokutoti ave pfambi. "Ndinongofamba zvokuti ndiwane mari yokukwirisa bhazi kuti ndidzoke kumusha." Izvi ndizvo zvaakazviudza kokutanga, asi nokufamba kwenguva akazongoona atodzika midzi mazviri. Zvaakange ave muupenyu zvakamuodza moyo. Kana daizvo airoorwa zvakare pakange pasina chimuko nokuti aizoshaya mwana, orambwa.

"Iye zvino zvave kutondisekesa kuti ndichiri mwana mudoko ndaive ndakavenga kuputa fodya. Amai vaiti vakauya nomurume aiputa, mangwana acho ndaifumotsvaira mumba ndodzura pasi nendove. Iye nhasi ndave kuputa nokunwa sezvinongoitwa navasikana vandigere navo. Zvose ndazvidzidza, kuzvidzidza nokukurumidza," akadaro Maidei.

Maidei paakapedza kutaura izvi, pakabva papinda mumwe murume akange akachena zvokufa. Akabva atorana naMaidei ndokuenda.

23

Nhumbi dzomufi

Keresia Chateuka

HANZI hapwa dzinoda kupota dzichifukidzirwa. Ichi ichokwadi. Amai Mambanje zvavakatanga kuenda kuSouth Africa kunotenga nhumbi vachitengesa munhu wose akanzwa kuzviyemura chaizvo.

Vakanga vasekwa naNyadenga kupiwa mazivana, mazigomana matatu. Dai aive mumwe chete zvaive nani. Vana ava vakanga vasina shungu noupenyu sezvinoita vana vevamwe. Vana ava vaiita hupenyu hwekuputa mbanje nemusindo muraini pamwe nekuba. Kana kuri kurova vakadzi vavo zvaingova zvemeso. Zvisinei, amai Mambanje vakaedza nepavaigona napo kuriritira mhuri yavo. Vakanga vochengeta zvose nevazukuru. Zvino zvinogodawo here kuti iwe wave saimba wopota uchitengerwa chokupfeka chomukati naamai kana navamwene?

Murume wavo aiitawo basa raimupa kamari kadiki-diki. Izvi ndizvo zvakazopa amai Mambanje pfungwa yokubatana navamwe kunotengesa madhoiri kuSouth Africa. Naizvozvo, vakanga voti vhiki mbiri muZimbabwe dzimwe mbiri kuSouth Africa. Kazhinji kushanda kusina zororo uku kunowanzoda vezera rechidiki. Zvinonzi kana vari kuSouth Africa uku vanenge vachiita zvinoita vaya vanotengesa maponde nemitsvairo muno. Vanotodaidzirawo kuti, "Dhoirizi! Dhoirizi!" kuti vanzwikwe nevanenge vari mudzimba. Iri basa nezera raamai Mambanje zvakanga zvisisaenderani. Hazvina kuzotora nguva huru. Vakatanga kuperezeka nokushaiwa simba izvo zvakaita kuti vambokanganwa zvekuenda kuSouth Africa.

Vakanga voita ushamwari nenhovo. Asi vaigarofunga kuti nerimwe zuva vachatakurazve madhoiri avo vonanga kubasa. Vaiti vakangopiwa umwe mukana vaizoda kunotenga mushini wamajuzu sezvo imba yavo yakanga yati maku nemidziyo yeSouth Africa. Zvaiti chitofu, firiji, *display*, *T.V.*, redhiyo, kapeti nezvimwewo zvakawanda-wanda.

Imwe chanzi haina kuzowanika. Kwakapera mwedzi mitanhatu amai Mambanje ndokuenda kwamupfiganebwe. Parufu apa pakazara vanhu zvokuti waishaya pokutsika. Zvaiti shamwari dzekuchechi, zvikati vavaisimboenda navo kuSouth Africa kozoti vaivarukira madhoiri avo nevavakidzani vavo. Dai munhu aimuka nokuchemwa, amai ava vangadai nhasi chaiye vachifamba. Vamwewo ndivo vaichema vana nevazukuru kuti vachariritirwa nani. Vakazoti vavigwa hama ndokuzogara pasi voronga zvaifanirwa kuitwa setsika yedu yeChiShona.

Pakadai hapashaikwi zvirehwarehwa. Navaroyi vakabatwa-batwa asi zvaigobetserei iye munhu afa? Pakazobudazve shoko rinoti amai ava vaigara vachirohwa nevana saka hama dzavo ndokuti hadziparadzi nhumbi dzomufi kana pasina kuripwa. VaMambanje vakaisa chikumbiro kunana tezvara kuti vapiwe nguva yokutsvaka muripo waidiwa.

Kwakapera mwedzi miviri VaMambanje vachiedza kuunganidza $1000.00 yakanga yarehwa. Vakazotuma shoko kuti vanatezvara vachiuya kuzoparadza nhumbi dzomwana wavo. Vakauya uri musi weMugovera. Musi uyu hapana akakundikana kuuya nokuti vose vakanga vakaburitsa maziso kudzvokora zvinhu zvomufi. Zvakanzi ngazvibude panze zvose. Mukuwasha haana chaakakwanisa kupikisa nokutya kuramwirwa. Zuva iri akanga ari muranda chaiye. Vakachitanga zvino kuitirana nharo. Mumwe aiti firiji ndeyangu, mumwe akati aiwa ini ndini ndakasiya ndapiwa.

Sekuru, hanzvadzi yaamai vomufi, ndivo vakazopedza nharo idzi voti, "Zvose zvamuri kuronga handioni zvichiita. Zvose zvinhu ngazvipiwe hanzvadzi yangu nyakubereka."

Kungodaro chete rakave zhowezha, mumwe nomumwe achitaura twake. Pakazosimukawo vamwe vatete voyeuchidzawo vamwe vavo kuti vasakanganwe kuti muridzi womukadzi aifanirwa kusiyirwa midziyo yokushandisa mumba. Apa vakatopa vanin'ina vacho manyemwe. Vakatozogovana zvose iye nyakufirwa nemudzimai ndokusiirwa tupoto tuviri nendiro mbiri. Vanenge vakatokanganwa kumupawo kana mugoti chaiwo. Kana vari vana vacho havana kuwana kana dhende zvaro.

24

Zvemumhuri

S. Makamanzi

"KANA iwe uchikwanisa kukweva usafunga kuti vamwe havagoniwo. Bvumawo kukweviwa sezvaunoitawo vamwe. Unofunga kuti asiri munhu ndiani? Asingadi kufara ndiani? Asingadi kuti mhuri yake ikure ndiani? Zvino izvi zvishoma izvi. Tichasvitsana kwamvurayachekamakumbo. Wakawana kupi mwoyo wakashata kudaro munhu wandakakura naye pano zvakanaka? Zvinoshoresa chaizvo kuti isu veropa rimwe tiitirane zvakadaro," akadaro Chisvo akatuzukira mukoma wake Garikai maziso matsvuku.

Garikai akashaya simba rekupindura nenyadzi. Kana n'anga yacho yakashayawo neromuromo. N'anga yainge yotya kuti ichakuvadziwa nevarume vaviri ava. Chisvo akatarisa panze achifunga zvose zvaive zvaitika. Zvakanga zvatanga sedambe, asi kamoto kamberevere kaive kapisa matanda zvino.

Pavaienda kuchikoro vose vairatidza njere, asi Garikai akazoita shamwari dzakamufurira kutiza chikoro vachiita zvedoro. Vabereki vavo vakamboedza kurova, kumunyima zvekudya, asi zvakatonyanyisa. Vadzidzisi vaGarikai vakaedzawo, asi zvakaramba. Garikai ainge atove neshavi chairo. Aive asingachanyanyi kuonekwa pamba masikati, asi usiku chete. Kwaaiswera ndiye chete aikuziva.

Chisvo akaramba achishanda nesimba kuchikoro. Vari vaviri vainzwana chaizvo kunyangwe vairarama zvakasiyana kudaro. Garikai ndiye ainyanya kuda munin'ina wake. Kungyange aibva kudoro ikoko usiku sei, aitozvipa nguva yekumbotaura naChisvo.

Garikai akawana mudzimai aifarirawo Chisvo chaizvo. Mhuri iyi yakashanda chaizvo kuti Chisvo aenderere mberi nechikoro. Paakapedza kosi yake youdzidzisi pakava nomufaro mukuru kwazvo. Chisvo akaedza kushanda nesimba kufadza mhuri yose. Akatengera mukoma wake nemudzimai wake zvipo zvakawanda chose. Maiguru vakafarira babamunini vavo zvisina mukare akamboona. Vakatofunga zvokutora munin'ina wavo kuti azowanikwa naChisvo.

Maiguru vari mushishi yokuronga zvemunin'ina wavo, Chisvo akabva atowana mudzimai aishanda pachikoro paaishandawo. Maiguru vakarwadziwa zvikuru. Vakatanga kuratidza kusafara kukuru. Vaingotaurawo naamainini vavo zvechirango. Chisvo akazviona, asi haana kufunga zvakanyanya kushata pazviri. Aingoti zvichaita zvakanaka nokufamba kwenguva. Asi nguva ichifamba hapana zviri nani zvakaitika. Maiguru namainini vaive vovengana zviri pachena.

Mwana wedangwe waChisvo akauya zvinhu zvisina kumira zvakanaka. Akatorarama chete nokuti akazvarirwa kuBikita kumusha kwemukadzi waChisvo. Mwana akaita utano hwainetsa. Mai vake vakange vozivikanwa pachipatara, asi hapana chirwere chakaonekwa navanachiremba. Zvakanetsa moyo waChisvo kusvikira aita zvechivanhu. Hapana paakasiya asi zvaingoramba. Mumwewo mudzidzisi akazomunyeurira nezven'anga ine mbiri yaigara kuChiredzi. Haana kunonoka kuenda kuChiredzi nokuti utano hwemwana hwaisafadza kana napaduku pose. Chainyanya kurwadza Chisvo nemudzimai wake ndechokuti Garikai nomudzimai wake vaisava nehanya nekurwara kwemwana wavo.

KuChiredzi kwakataurwa zvakashamisa Chisvo. Haana kumbofunga kuti Garikai angaite zvakadaro. Mudzimai waChisvo akachema akapedza misodzi. Shungu dzakamubaya kusvika atadza nekutaura kwose. Zvairwadza kuti munhu aitirwe zvakadaro nehama. Chekutaura chakashayikwa kubva kuna Chisvo nemudzimai wake.

N'anga yakavaudza kuti yaizodzosera zvinhu kwazvaiva zvabva yozoshandisa mishonga yayo kuti Garikai auye nemudzimai wake.

Zuva rakapiwa rokuti vaizosangana pamusha pen'anga iyi. Chisvo akamboti zvaizonetsa, asi n'anga yakamusimbisa kuti hapana zvaizoitika. Akataurazve kuti ndiwo aizova maperero edambudziko ravo. Mwana akashandirwa akava nani chose, asi zvakanzi zvaizonyatsopera musi wavaizosangana mhuri yose.

N'anga yaita basa rayo Garikai zvakamuvinga akarivara. Akangoerekana asisaoni zvakanaka. Zvakangotanga seapumhwa neshiri zvichitoramba zvakangodaro. Izvi zvakaita kuti aende kun'anga yake kuChiredzi samazuva ose. Chokwadi n'anga dzine mashiripiti. Garikai akasvika nemudzimai wake vakanzi vamirire vamwe vavo vaiva vatova pedyo kusvika. Mudzimai wake ndiye akarohwa nehana zvekunge achatiza. Hana yake yakarova kunge ichaboora chipfuva. Akatadza kutarisana nababamunini naamainini vake. Pakaita nguva yerunyararo rwaityisa. Garikai aisaona zvaivapo ndiye akatozobvotomoka zvake oti, "Sekuru ndadzokazve. Zvinhu zvacho zvandinetsa chaizvo." Hapana akadavira kwenguva refu kusvika atizve, "Asi taresva pekuuya here nhai?"

N'anga yakangotora mishonga yayo chinyararire ndokufumha Garikai kumeso. Achisvinura Garikai akasanganidzana meso naChisvo. Murume mukuru akashaya pokupinda kana kutarisa chaiko. Mudzimai waChisvo ndiye akazodimura runyararo urwu nokungoti chete, "Makadini babamukuru namaiguru?" Paiva pasingapinduriki ipapo. Mwana ndiye chete ainzwikwa achirezva mai vake. Chaitove zvacho chigwindiri chemwana.

N'anga yakazotaura zvose zvayaive yaita ichiitira Garikai. Izvi zvakanyadzisa Garikai akazotaura zvikonzero zvacho, zvose zvaingova zvegodo chete. Chisvo akaviruka nehasha dzose kuti arove maiguru vake asi mudzimai wake akamutadzisa. Chisvo akahuta nehasha achitadza kutaura. Ziya raionekwa pahuma yaGarikai akazoti, "Haufaniri kundidaro Chisvo. Ini ndini mukoma wako mhani. Hatifaniri kuparadzaniswa nevatorwa ava."

"Heya hautodiwo zvakadaro nhai. Ka..."

N'anga yakadimurira Chisvo asati apedza yovaudza kuti nyaya haiperi nekupopotedzana. Vaifanira kutaurirana zvakanaka vawirirane zvinhu zvifambe.

25

Akasiyiwa asina kufungira

S. Makamanzi

MASHOKO emudzimai wake akamuvidza neshungu. Ainge osvotesa chaiko kutsiva shungu dzake. Murume mukuru akaimba dai ndakaziva rusingaperi, iwo magaramoyo achinaya kubva kuna Sara.

"Waiona ndakanyarara ukati wariwana fuza reBikita. Zvino iyi yawabata tochiona kuti fuza ndiani. Uri munhu rudzii asinganzwi yambiro yevamwe? Unofunga kuti ini ndingakupa zano rinopunza? Haiwa, iko ndinozvinetsereiko nekutaura isiri yangu."

Usadaro mai mwana. Ndiwe woga ungato..."

"Pwai mwana, pwai mwana mazinyi? Nhasi ndava mai mwana? Mai mwana vakaita seni? Nditarise undione shamwari. Kana wandiona ugondiwonesa. Ndakakunyengerera ndichakapata wena. Ndapepuka handichanzarwo. Wotorega zvako kuda kunzwirwa tsitsi neni nokuti ini ndiri kutodzidawo tsitsi idzodzo ndichidzishaya. Kana chero dai ndichidziwana handidzidi kubva kwauri." Sara ainge asvikirwa nemashavi ose avaRozvi. Aiti akadzungudza musoro orasa-rasa maoko, asi ziso dzvuku risingabvi panaTinashe uyo ainge akatsinira pasi. Kusimudza musoro kwaakazoita kwakapa Sara rimwe simba zhinji rekutaura makobvu anenge aibva mugate chaimo.

"Icho chinokushaisa nyadzi ndicho chinokudaro. Kusanyara chokwadi, kutondiparidza nyaya inonyadzisa kudaro. Zvino unofambira pai munhu aimbozviita shasha? Iyo mota yavaridzi unoiripa nei? Iyo mari yechipatara yacho? Dai aitombova musikana zviri nani. VanaSara titori nani kakapetwa kazana. Murume mukuru ane muchiuno sembwa kudaro. Roi roi tuziso muno wadii kuenda manodembana kuchipatara ikoko. Kana vekuchipatara usingavadi tsvaga vamwe, vazere mumigwagwa vanotsvaka vakaita se..."

"Wava kuda kupindiridza Sara. Ziva kuti ndiri murume wako. Kwete kuita mashoko ekurutsa kudaro. Uchazotsvaka kuzvirovesa manje. Ini ndiri kukuparidza kuti undipewo mazano iwe wave kundituka kudaro nyaya yacho ingapera here? Wotanga wapenga kudaro ini ndisati ndatopedza kukuudza nyaya yacho. Ko, pauchazoziva yose wozodii?" Tinashe akambonyarara otarisisa Sara aive agara akamutarisa. Aishaya kuti otanga ipi panyaya dzacho. Akatozovhundutswa naSara akamuudza kuti aive akamirira nyaya dzacho. Zvakatora nguva inenge gore chairo kuti ataure.

"Wotoshinga mumwe wangu kuti utambire nyaya yacho wozotambira ini wacho saizvozvo. Chekutanga ndechekuti ini pabasa ndakadzingwa svondo rapera. Chikonzero kurovha ndiri kumafaro. Chechipiri, munhu ari kuchipatara uyo ane pamuviri pangu. Ndizvozvo chete zvandinokwanisa kutaura pari zvino. Ndongomirira kunzwa kwauri."

Pakatora nguva pane runyararo rwaityisa. Tinashe akateuka ziya, akaona rima guru. Paakatarisa Sara akaona chiso chake chanyevenuka chikuwe chichitevera zvikamushamisa. Akada kutsvaga pfungwa dzaSara pachiso pake akadzishaya. Akazoti, "Taura kani Sara. Kunyarara kunodzimba moyo. Todii Sara? Iwe handiti wakazvitakurawo? Ndibatsirewo shamwari." Kudemba kwaTinashe kwakadenha Sara. Akaviruka nehasha dzose, akabata kumeso pakanzikwa kanenge kamhere, asi hakana kuenda kure. Akafamba nemba yose zvinyoronyoro ndokuzokweva chigaro ogara pedyo naTinashe achibata ruoko rwake. Tinashe haana kunge akatarisira kupfava kwakadai.

"Zvekuzvitakura kwangu usanetseka nazvo. Muridzi wenhumbu akatogadzira zvose zvinodiwa. Iwe unofanira kuziva kuti pano watodzingwa. Chikonzero, kutadza kuita zvinofanira kuitwa nababa pamusha. Wakandiita chirikadzi uripo, vane mwoyochena vakandiitira tsitsi. Nhumbu yevari kuchipatara kana vazopona woonawo zvekuita. Mota yemuridzi yawakaita tsaona nayo woona zvekuita. Ini pano ndapatadza, ndakamboedza, asi ndakatadza. Pinda mukati medzimba uone. Zvangu zvose ndabvisa kare. Wanatsa ukanonoka kudzoka, wandipa nguva yokurongedza nekututa. Nyaya yako ndakaiziva kare ndikatopedza nayo. Pano ndatomirira zvangu kuzotakurwa nemunhu anondida ndiende."

"Usadaro Sara! Sara, mai Tadiwa..."

"Kana Tadiwa wacho haapo futi. Aenda kare, zve, handifungi kuti uchazomuona futi. Uchazvarirwa mumwe naGrace, saka usanetseka nezvaTadiwa wausina kumbobvira wada."

"Sara, chimboteerera kani. Sara, unorevesa here Sara?" Tinashe haana kupedza zvaaida kutaura vose vanzwa bhera remota panze. Sara akaramba akatarisa Tinashe ndokuzoti, "Chisara wena." Tinashe akashaya simba rekutaura kana kutevera. Ziya rakaerera rikashaya anopukuta. Kamhere kakanzwika kamwe chete Tinashe achibuda panze achibva angomedzwa nerima raivako.

26

Pepuka

Barbara Makhalisa

VAKASEKA VaNgiyazana kusvikira mazino ekumatadza ave kuonekwa. Mazino avo aive akapfekedzwa tuchira tutsvuku kuitira maburi ekuora kwemazino avo kuti vasadzimbirwe kana vachidya kana kuti vakapindwa nemhepo. Vakaseka mbabvu kunge dzichatsemuka. Mudzimai wavo akange ave kutosetswawo nekuseka kwemurume wake uku.

"Ha-a, wandityora MaSikhosana. Wati kudii? Amai vaNkelo chaivo?"

"Munovashorei, baba?"

"Amai Nkelo ndakadzidza navo kani amai Bhiki. Vaive nomusoro wakagomara vaye. Vaitobvunza varairidzi mibvunzo kusvika vadhakwa nayo."

"Apa zvaive nanika nekuti vaibvunzira kuti vanzwisise. Isu tiri kutovarumbidza chaizvo nekuzvipira kwavo. Havasi kutombowana chinhu pazviri. Vanoda vana zvikuru, zvekare, vanotoswera vachitamba navo zvakanaka."

"Hauchinzwa," akadaro Ngiyazana achiseka zvekare. "Anongove nepfungwa yechanana yekuswera achingosvetuka nepwere."

"Handizvo zvandanga ndichireva kani baba."

Ngiyazana akakosora, ndokuenderera mberi oti, "Amai vaBhigibhoyi, ini handina mwana anonodzidziswa nemunhu akaita saAmai Nkelo. Anozonodzidziswa tutsika tusina musoro."

"Asika baba..."

VaNgiyazana vakatarisa parutivi ndokurasa ruoko rwavo rwerudyi nokuti vaive vasingade kunzwa nyaya iyi. Vakazotarisa mudzimai wavo neziso rakawetswa vachiti, "Hakasiko here Bhayana katinonzwa zvichinzi kanotuka ambuya vako kachiti vanokonzera zvirwere kana vachisvipira mate pasi. Kanongoti tunzeve setwechiremwa-remwa."

"Asika, anenge achitaura chokwadi."

"Amai mwana, chinguri takabvira kusvipira mate echikosoro pasi makambonzwa ani akavigwa nekuda kwaizvozvo?"

"Hatiziviwo baba, asi handiti zvinonzi zvirwere zvinogona kutakurwa nemhepo?"

"Ndinenge ndakanzwa zvekare kuti kakapotsa katsva kachiedza kuvhaidza mvura, kachiramba kunwa yakainge kapiwa naamai vako kachiti ine makonye?"

"Ndizvoka zvave kudzidziswa vana vemazuva ano kuchikoro."

"Dzidziso yakadaro haina kururama amai Bhiki. Inga wani vanongonwa mvura mutsime iroro rakawanikwa natateguru vako iko Bhayana kasati kavepo. Vanhu vangani vamakambonzwa kuti vaurawa nemakonye emumvura? Idzo huni dzokugara munhu achividza mvura zvisingaperi dzinobva kupi sezvo nyika yadai kuve gwenga?"

"Zvirwere zvawanda mazuva ano, baba."

"Madzimai ndimi munotikanganisira vana nekuda kwekungobvumira zvinhu zvisina basa." Vakaseka zvekare VaNgiyazana.

"Zvatichaoneswa makore ano! Akawo Mane kanonzi kaigarotevera sekuru vako vachienda kusango kachiti vachere gomba vafutsire."

"Ivo vekwaMzaca vanodii kuvakawo zvimbuzi sezvinoita vamwe? Sezvo mambotaura baba kuti nzvimbo yacho yangove gwenga, vanovanda papi?"

"Izvo ndiri kuzvinzwa amai mwana, asi vana vemazuva ano havachina rukudzo. Kusvinuka kukuru ikoko. Dai ndaive ini, ndaikabata Mane kacho ndombokasukuta nzeve ndokashwapura netsarapu."

"Hongu baba, mwana uyu ainge asingafaniri kutevera sekuru vake, asika, vana vedu vava kudzidziswa zvakawanda kuzvikoro zvavo izvi."

"Vachidzidza chii ivo vachidzidziswa kuyema? He-e ini mukaka wakakora handichadyi nokuti wakadonherwa nenhunzi. He-e, zvakagoti zvikati. Chii ichocho?"

"Hameno," akadaro MaSikhosana achitura mafemo.

Vakambosiya nyaya iyi vakataura dzimwe. Vaiti vakamboti bate ino nyaya, yotsvetwa, kwotangwa imwe. Kuzoti nyaya dzave kunakidza zvaitofambisa ropa MaSikhosana ndipo paakatanga nyaya yake yemari. Aiti pamwe murume wake angateerere.

"Baba, mari yevana iri kudiwa."

"Vana vapi zvekare, amai mwana? Handiti ndakatenga yunifomu yaBhiki ndikaripa mari yokuvaka imba yekusonera?"

"Ndiri kureva ava vadiki vanaNqobani."

"A-a MaSikhosana, wave kutanga nyaya iya yaAmai Nkelo zvakare? Icho chikoro rudzii chingapindwa nanaNqobani?"

"Ndechavadikika vasati vaenda kuchikoro. Ndivo vaMai Nkelo. Madzimai tinobatsirwa chaizvo nokuti tinobva tave nemukana wekuenda kumunda, kumvura, kuhuni nekuita mamwe mabasa edu tisingakanganiswi nekuchengeta vana."

"Madzimai akatibereka isu aizviitirwa nani zvese izvi?"

"Asika baba, mutemo wekuti vana vose vanofanira kuenda kuchikoro wakanga usati waveko. Mazuva ano munhu ane vana vasingaendi kuchikoro anosekwa nenyika. Zvakare, vanhu vave kutya kusungwa vakarega kudzidzisa vana."

"MaSikhosana, ini ndinoona sezvisina maturo kuti vana vakura vanoenda kuzvikoro zvinodzidziswa zvinhu chaizvo hativabvisiri mari yakawanda. Iko kasvava zvako aka kasingazive zvakari kuvinga kuchikoro ndiko kotonobvisira mari. Inoshandiswei mari yacho?"

"Zvakaongororwa baba zvikaonekwa kuti munhu anoswera akatarisa vana basa rake rinosarira shure. Hurumende inoti nesuwo tinofanira kupepuka, tisamirire kuti itiitire zvese. Mamwe madzimai ekune dzimwe nzvimbo anomboenda kumisangano anoti tiri kusarira kumashure. Zvizhinji zvatingaswera tichiita kuti tibudirire kana tikarega kungoswera takatarisana nepwere kubvira zuva richibuda kusvikira ridoke."

"Kunodzidzweiko kuchikoro kwacho? Kungoswerotamba?"

"Ndiwo madzidziro evana baba. Inga vechinyakare vaiswerotambawo mahumbwe wani. Ndizvo zvinovafadza."

"Ko, pano pamusha hapana nzvimbo yokutambira here?"

"Aiwa baba. Ndanga ndichireva kuti vana vanoita zvinosimbisa miviri, pfungwa nehunhu hwavo kana vari kuchikoro uku. Kutamba zvakanaka nevamwe vana kunodzidzisa kuteerera, kuvimbika nekuva nemwoyo murefu, kudyidzana, uye kunzwira vamwe tsitsi. Handiti zvese izvi zvinhu zvakakosha muupenyu?" Vakapera simba vachiona kuti murume wavo haapinduke panyaya iyi. Vakarwadziwa moyo nemurume wavo aifamba nenhendeshure vamwe vari mushishi kumhanyira mberi.

Vakazosandura nyaya vachiti, "Vabereki vese vakakokwa kuchikoro baba. Izuva rekuti tinoona zvinoitwa nevana vedu kuchikoro. Avo vakakunda vamwe muzvidzidzo zvakasiyana-siyana vachapiwa mibairo."

"Zvakanaka, tichaenda sezvo ndichiri pano kudai. Zororo rangu nderemasvondo matatu."

MaSikhosana havasivo vega vainetsana nenyaya iyi. Zuva rokuti vabereki vaende kuchikoro rakati rasvika, Amai Sokisi naAmai Mgcini vaichema-chemawo sezvaingoita Amai Bhiki.

"Ndinovimba kuti hatisi kuzoswerako, Amai Sokisi. Ini handina wandasiya kumusha. Nhasi zvangu ndichawana mombe dzandangosiya ndatinhira kure dzadya minda yavanhu. Mhosva dzacho ndingadziripe nei?"

"Tese amai mwana. Regai tingonodongorera tione zvinoswera zvichiitwa nevana vedu.Ini ndinorumbidza Amai Nkelo chaizvo vanotichengetera vana vedu kuti tiwane kuita mabasa kudzimba uku.

Vanhu vangani Amai Mgcini vangabvuma kuita izvi ivo vane misha inoda kuitwawo mabasa akasiyana-siyana?"

"Izvo hazvitaurwe, Amai Sokisi. Mari yave kudiwa iyi ndiyo ichanetsa."

"Yakambowanda zvakadii nhai Amai Mgcini? Madhora mashanu chete pamwedzi iyi," vakadaro vachisumudza minwe mitatu yeruoko rweruboshwe.

"Ichabva kupi iro zuva rakapisa kudai?"

"Imika munanababa Mgcini vanoshanda kumadhorobha muri nani. Kunesu vanakuzvionera, inotova nhamo chaiyo."

"He-e, dai waiziva hama yangu? Iwe uri nani nekuti ikako kamari kaunowana nekutambudzika unokasungirira, wozosunungura kana musi waunenge une chawashaya."

"Saka munotodaka kuve chirikadzi Amai Mgcini?"

"Aiwa, zvandiri kureva ndezvekuti ini nyange ndikaisungirira, musi waanouya inongotorwa yese yonoiswa kukachasu. Uye zvizhinji zvinozobuda kana achinge adhakwa."

"Munofanira kuita muchiviga imwe Amai Sokisi."

"Ndichivanzira murume wangu?"

"Ini handioni chakaipa kana mari yacho ichizoshanda kuvandudza musha wenyu. Ko, zviri nani ndezvipi?"

"Nhai, pane kungoshandira vanaManyathela nezvinhu zvinokuvadza muviri."

"Imi ingoonai kuti pamunongoiwana mari, motoripa yevana vechikoro nekutenga chekudya. Kana yapera, baba ndivo vanofanira kukupai imwe pane kuti vakumbire kwamuri."

"He-e. Upenyu hwemudhorobha hwakaoma. Hunopedza mari."

"Zvino akagarirei kudhorobha ikoko? Amai Mgcini pepukai mushandire mhuri. Hamuoni here kuti vana ava vatove nani kubvira apo vakatanga kuswera vachitamba nevamwe? Vanoswera vachinwa maheu nesupu kuchikoro. Ini handichina anondinetsa Amai Sokisi."

Vachiri munyaya, vakatozozviona vasvika pachikoro apo vakawana vana vakawadzana munhandare vari muzvikwata zvekudzidza kwavo. Vakuru vakanga vakagara pazvigaro. Mbuya vaBhayana vakatozosvika

vabatira shangu mumaoko nekuti dzainge dzavapisa zvekuti vakanga vatosvuuka pamusoro pezvigunwe nezvidodoma.

Baba vaMane vakange vakapfeka svutu yekodhuroyi, bhurukwa racho rakasungwa netayi yavakanga vakumurirwa nemwanakomana wavo. Masokisi avo ainge asina kubvaruka asi rimwe raive dzvuku, rimwe riine ruvara rwevhu.

Mukuru wechikoro akavachingamidza, vana vakaimba zvaidadisa vabereki. Kwakazoitwa mitambo yevana. Kwakatangwa nemitambo yevadiki vasati vave kudzidza zvemabhuku. Ava ndivo vaive vaAmai Nkelo. Vabereki vakashama nekukatyamara vachiona Amai Nkelo vachiimba netupwere twavo. Kunyange zvapo paive nemanzwi maviri kana matatu akasiyana nemamwe, ruzhinji rwaive nyanzvi. Rwaiimba rwuchitevedzera nemaoko, miviri nemakumbo.

Yave nguva yemitambo, vana vakaita mutambo wokuverenga wainzi *Tsoko Shanu*. Vainge vakagadzirawo zvipfeko zvekutambisa mutambo uyu izvo zvakanga zvakagadzirwa nemasokisi amadzimai akabvaruka, vane miswe mirefu, vachitenge tsoko chaidzo. Vana vaiimba vachiti,

Tsoko shanu dzaitamba mumuti
Imwe chete yakaenda kundonwa mvura
Kukasara ina
Tsoko ina dzaitamba mumuti
Imwechete ikaenda kunovhima
Kukasara nhatu
Tsoko nhatu dzaitamba mumuti
Imwechete ikaenda kunotemha maonde
Kukasara mbiri
Tsoko mbiri dzaitamba mumuti
Imwechete ikadonhera pasi
Kukasara imwe chete
Tsoko imwechete iri kutambira mumuti
Yakaona yave kusurukirwa, ikadzika
Pakasara pasisina chinhu

KaBhayana kekwaNkambeni ndiko kaitove tsoko yekupedzisira. Kaitamba zvainwisa mvura. Vakuru vakazokayemura zvakare kave kutamba rwiyo;

Isu tiri vana vadiki

Tinoda kudzidza

Tigorarama zvakanaka-naka

Tigobatsirawo nyika yedu

Halala, Halala

Kudzidza kwakanaka.

Vakazoita mutambo unotaridza mhuri yakadzidza, yakagara zvakanaka iyo yaibatsira imwe mhuri yaitambura, ine musha usina utsanana nevanhu vacho vasina utano neupenyu hwakanaka. Waiona madzibaba achigutsurira misoro achibvuma achiti, "U-u, zvinonzwika."

Ukuwo madzimai aingonyemwerera, vanambuya vachiburitsa mavende pachena. Vane varume vakange vasinganyatsonzwisisa maererano nezvechikoro chevadiki ichi vaionekwa vachibira kutarisa nemaziso ane kugutsikana nezvakange zvichiitika. Amai Bhiki vakange vachingoti mumoyo mavo, "Hove iya yave kudyira zvino. Dai zvikangodaro."

Vadiki ava vapedza,kwakazouya vanodzidza chikoro chaicho vachiteverana neukuru hwavo. Mukuru wechikoro akazochingamidza muenzi mukuru akange ari munyarikani aibva kudhorobha. Munyarikani uyu akarumbidza mabasa akanaka aiitwa pachikoro ichi. Aitaura zvikuru kune vechidiki achiti:

"Dzidzo inotangira pachinhanho ichi. Isu tinenge tichifunga kuti vari kutamba, asi pfungwa dzavo dziri kutorodzwa dzichipinza. Ichi ndicho chinhanho chakakosha pakuvaka upenyu hwemwana. Tese vakuru ngatipei rutsigiro kuchikoro chevadiki ichi. Unotova musha wavo wepiri. Ndiko kunodzidzira vana vedu kubata mabhuku nekugarisana navamwe. Ndiko kwavanodzidza kuimba nekutamba mitambo yemazuva ano neyechinyakare. Ndiko zvakare kwavanodzidzira kuzviitira zvinhu zvakawanda, kupfeka zvakanaka, kuzvigeza, kuenda vega kuzvimbuzi. Vanodzidziswawo kutamba zvakanaka nevamwe vana. Kusangana kwavanoita pano ndiko kunoita

kuti vazive kuti vanhu vakasiyana-siyana, vachidzidzawo rukudzo. Kuzotiwo vaya vane nyadzi vanodzidza kusununguka. Kana vava kuenda kuchikoro, vanenge vachenjera, vajaira, zvinoita kuti vanyatsodzidza vachinzwisisa. Zvakare vezveutano vanotishanyira izvo zvinoita nyore kuti vazoongorora vana nekuvabaya majekiseni ekudzivirira zvirwere nekuti vanenge vari panzvimbo imwe chete pachikoro pano. Zvinobatsira imi vabereki kuti musafamba muchienda kuzvipatara."

Munyarikani uyu akataura zvakawanda zvekurumbidza mabasa evana ava. Akataura zvikuru achikurudzira vabereki kuti vabatane, vaite chinhu chimwe pakubatsira chikoro ichi kuitira kuti nzvimbo yavo isasarire mumashure.

Vabereki navananyakutsoropodza vakagutsurira misoro vakagutsikana. Manheru kumba, vapedza kudya sadza, MaSikhosana akanzwa murume wake, VaNgiyazana, achiti kuna Nqobani, "Usakundwa nekamwana kekwaSiwela mufanha. Zvakanga zvisingaitike kwandiri zvakadaro kare kwangu. Amai vako vacharipa mari yechikoro. Ndinoda kukuwana wave kugona kuverenga nekuimba nziyo dzange dzichiimbwa kuchikoro. Uri kuzvinzwaka?"

Nqobani akabvuma achisekerera. Amai vake vakasekerera vachiti, "Tendaka kuna baba vako, Nqo! Haungambokundwe naanaMane vekwaBhayana." Mumwoyo vaipembera vachiridza mhururu.

27

Hari dzepakati musabate

Margaret Nzuwa

PAIVEPO nemumwe mukadzi aive nemwanakomana wake. Mwana uyu akaroora mukadzi wake. Mukadzi uyu akauya kumba kwemurume wake kuzogara navamwene vake. Mukadzi zvaakauya vamwene ndokufamba nemuguta mavo vachikokera vamwe vavo kuti mukadzi apururudzwe. Vamwe vese vakauya kuzopururudza mukadzi mutsva wavakanga vanzwa.

Vapedza kutambira muroora wavo vamwe vese vakaparara zvavo, vamwene ndokusara zvavo nemuroora wavo zvakanaka.

"Ndave kuenda kunocheka uswa, asi hari idzi dzapakati musabate. Dzimwe dzese munobata henyu," vaya ndokuenda zvavo. Muroora akazvinetsa mumwoyo make ndokuti 'Munei?' Akatarisa muhari muya. Akawona hari yakazara nezinyoka. Akanzwa nyoka iya yave kutaura ichiti, "Imbondiburitsawo ndimbonzwa zuva."

Uya akati, "Kwete hauzoenda here?"

Iyo ndokuti, "Aiwa."

Muroora uya akaiburitsa ndokubva yavandarira zvayo zuva. Nguva dzokudzoka kwavamwene dzoswedera muroora ndokuti, "Chipindai mumba." Iyo yakapinda zvayo mumba. Saka mazuva ese akanga ongopota achiiburitsa. Rimwe zuva akaiburitsa ichibva yaenda pakati pedziva vamwene vasati vadzoka. Akatsvaga asi haana kuiona.

Vamwene vaya vakadzoka muroora ndokuti, "Amai ndakudubura hari yenyu, chinhu change chirimo chikabuda."

Zvikanzi naamai, "Ndinoida nyoka yangu, enda unoitsvaga!" Muroora akaenda kunotsvaga, mazuva matatu akapera achitsvaga nyoka iya rechina ndokuzoiwana ndokuenda nayo. Zvikanzi, "Isa pawaitora!" Akabva aiisa.

Saka muroora zvakamurwadza iye ndokutsvaga tsoko yake ine miswe miviri. Akabva aisawo muhari ndokuti, "Amai, iyi hari musabate,"iye ndokuenda zvake kutsime. Amai vaya ndokuti regai ndione chirimo. Kungoti kudubu tsoko iya ndokubva yati svetu! Yakati tande musango. Muroora akadzoka zvake akawana vamwene vasuwa. Zvikanzi, "Ndakudubura hari yenyu katsoko ndokubva kaenda."

Muroora akati, "Endai munoitsvaga henyu amai." Amai vaya vakaenda kunotsvaga tsoko iya. Vakaitsvaga mazuva mashanu retanhatu ndokuzoiwana. Vakasvikoti, "Ndauya nayo iyi tsoko yako mwanangu."

Uya akati, "Dzorai pamaitora."

28

Ndangariro

Virginia Phiri

Chishanu

NDIGERE mubhawa, pachituro, ndakamirira murume anganditengerewo chokunwa. Yatove "*half past six.*" Zvandakurumidzawo kusvika kudai pamwe ndichaonawo changu. Ii, chirume chiya chokuoma moyo chauyazve. Ndakachivenga zvokuti, chete hapana zvokuita, mari yake ndinoida. Anopedza maawa maviri ose achitaura, mate ake achizara kumeso kwangu, wozoti paanodira, obhadhara $75. Haabati kana nhengo ipi zvayo yomuviri wangu. Anozondidzora kubhawa ondiudza kuti ndichibuda mumotokari make. Handisi kugunun'una kwete, ndinenge ndatozviwanirawo kamari kangu.

Pane varume vatatu vakadhakwa vave kuuya vakandinanga ndisati ndaneta nokugara pasi. Zvichida ishamwari. Kamuitiro kavo! Vose vanondiedza ne$25. Zvino ndingagoda vose here, ndotoda mumwe chetezve. Mushure mokutaurirana kwechinguva mudiki wacho anondiedza ne$30.

Anofamba neni akananga kumota yake yaamisa pasi pezimuti, zvose zvinongoitwa zvichiperera mumotokari. Zvakaoma! Ini ndafunga zvokudzoka kumba ndichifamba pamwe ndingawane imwe kasitoma.

Zvino chionai, motokari yatanga kusvika iSantana yamapurisa. Heyo yoita zvishoma-zvishoma ndiye tsvi-i kumira. Mupurisa abuda, ndave kutopomerwa mhosva yokungoritaira ndichitsvaga zvikomba. Mhosva ndinorambawo pachena. Ndamuudza kuti ndabva kupati zvino ndashaiwa "*lift*." Anondikomanisa kuti ndipinde mumotokari. Ndinopinda zvangu mumotokari zvisina nharo. Zvino chitokisi ndazochipinda. Icho mukati chakaita sei? Ndinongoita zvamanzwira kuti hakuna chakanaka. Chiregai ndinozvionera pamhuno sefodya.

Vanofamba-famba neni kwechinguva, vondiudza kuti ndichidzika ndinange kumba. Zvokufamba-famba mumigwagwa usiku ndozvitsveta pasi kana kuti ndinozoiswa kumapurisa zvechokwadi. Iri ndiro rombo rakanaka, kamunamato kangu kanzwika. Faindi ndaiikwanisa here naiko kamari kadiki kandawana nhasi? Regai ndiende kumba, kukatumba kangu kasingakwane kana mubhedha. Hazvina basa, ini ndatopona.

Mugovera

Ini ndafunga zvokutsvaka makasitoma padyo nemba, pamwe ndikadaro handizosangana nomupurisa uya wanezuro. Ndakamira zvangu pano pagetsi, Mazda ye*blue* ine murungu mukati yamira, anondidaidza. Anombofamba neni kachinhambwe achibva amira. Ndinomuudza zita rangu ndinonzi Daisy. Tinobvumirana muripo we$50. Tinoenda kumba kwake, asi nzira yose anondidaidza kuti Maria. Hazvina hazvo basa, ndingagodii? Tasvika mumba anondipa bhodhoro redoro tichibva taita zvandafambira. Ndinomuudza kuti ndave kudzoka kumba netsoka pamwe ndingawane imwe kasitoma. Anondisairira, achibhadhara, achivhara musuwo wake.

Pandinobuda ndinoona murume agere nechepahwindo remba yake. Anondiridzira kamuridzo achindiudza kuti ndimumirire. Ndototi ndimumirire. Anoda kuti nditandare naye husiku hwose kumba kwake nomuripo we$100. Patsvene apa. Mumba make makanyatsorongedzwa nokutsvairwa, uye mune midziyo. Munotondifungisa kumba kwedu kwakare. Tinonwa nokuputa kwekanguva tisati taenda kundorara.

Mangwanani anotevera ndakaneta zvokuti bhee, ndosaka murume uyu akandibhadhara $100. Pandinoenda kumba ndinopfuura

ndichitenga chingwa pazvingoro zvokwaLobels. Asi ini ndasuwa murume nemba yangu. Kushaya mbereko ndiko kwakandiparira. Kwakaita kuti muchato wangu uparare. Ungati ndini ndakazvidawo here kuti ndishaye mwana? Hezvino kana imba handisisina. Ndave kungogara mukatumba kano kasina kana magetsi kana pokugezera. Kachimini kano kanongokwana mubhedha nechitofu cheparafini, asi wati makonzo namapete, hazvizivani. Dzimwe nguva ndinombodemba ndichiti kufa kuri nani. Dai ndakadzidzawo ndiine basa kwaro. Dai dzisiri nyadzi ndaidzoka kumusha kwedu. Zvino, aiwa, ndingape vabereki mutoro.

Svondo

Ini nhasi zvokubuda usiku handidi nokuti ndichakaneta nokushanda kwanezuro usiku. Asi regai ndiende, ndingararame nei? Nhasi ndakamira panze pehotera yemberi ndakamirira kutorwa navachena chaivo vanouya kuzoshanya kana kuti vanamarimatombo veganda dema. Nhasi kuri kutonhora, dai ndakwereta juzu kumusikana anogara padyo neni uya anenge ane moyo wakapfava. Upenyu hwakaoma. Regai ndingomira ndingarasikirwe namakasitoma.

Pari kuuya zimurume richiti rinoda kuenda neni kuhotera. Chiregai ndichipinda munodziya. Uyu murume anenge ane mari. Ndashama zirume riya rave kuti randitsvagira kasitoma rinotoda hafu yemari yandichabhadharwa imwe hafu ndinotozopiwa ndapedza basa. Kasitoma yangu yati zirume riya rinonzi Antonio. Anotorarama nokutsvagira pfambi makasitoma. Ino inotove nzvimbo yake yandiri. Zvisinei, chikuru kurarama. Zvino ndatove nhapwa; hanzi sezvo nhasi uri musi wokutanga kushandira munzvimbo yake ndotobhabhatidzwa nokurara naye pasina muripo. Anoinda neni kumba kwake apo ndapedza kuona makasitoma. Nhasi zvangu, nairo zirume guru guru iri ndinosara? Ndave kutonzwa dzungu. Dai ndikangosara nesimba rokushanda mangwana. Mwedzi zvawapera kudai handiti rendi yave kutodiwa ini ndisina mari yakakwana? Asi kutokumbira Antonio kani? Chinguri ndakabvira mari yacho ndakazoiunganidza here? Regai ndione zvandingaita kuti ndizokwanisawo kutsvaga basa rokubairwa chitupa. Chokwadi vasikana.

MASIMBA

Nyaya pfupi dzakanyorwa nemadzimai eZimbabwe Women Writers

"Zvino njumba zvayo yakatungirwa maziso seweso haunzwisisi. Dai wakajekesao pfungwa seamwe madzimai anosevenza hausaiti sechembere yedhongi kudai."
Peldah Hove-Hundi Kwandiri.

"Vafana makabva kuhondo hamuna manyanisi."
Musi Gloriosa Katerere-Natsa Kwawabva

"Muswere wezuva yaingove, 'Mbuya ndine nzara, mbuya Tendai unorova vamwe, mbuya hembe yangu yatota, mbuya chino mbuya icho'. Unovaraidza kana kutaurao nyaya chaidzo waizobvepi."Chakambodei Chirandu-Munhu Wenyama.

Masimba ibhuku rizere manzwi amadzimai. Manzwi matsva, akasimba, anosimbisa, anosekesa, anochemedza, anogumbura, anonyevenutsa. Zvinotoda chivindi nenjere kuti madzimai ayanike pachena pfungwa dzavo, magariro avo, nhamo dzavo nezvose zvinoitika muupenyu hwavo. **Masimba** chapupu, munongedzo wokuti madzimai ane 'guhwa nenjere'.

ISBN 1 77922 024 3

WEAVER PRESS